МАХ ДУГ

МАХ ДУГ

1
2020

Индекс 73247
12+

1
2020

«Къоста»
Гугкаты Темболат

Къæрцхъусæй дæ мулк ма хъахъхъæн,
фæлæ - ДЗЫРД.

Лукиан Самосатский

Кæд райсом фесæфдзæнис ме `взаг,
Уæд абон æз мæлæтмæ дæн цæттæ.

Расул Гамзатов

Мах абон цы ирон æвзагæй дзурæм, уый Елхотæй дæлæмæ нæ, фæлæ уырдыгæй уæлæмæ нæ хъæуы.

Гусалты Барис

Хъуыды кæнæн ис æрмæстдæр иу æвзагыл. Цалдæр æвзагæй талф-тулфæй куы дзурай, уæд дын сæ иу дæр хъуыды кæныны хотых не суыдзæн. Кусынæн дын гарз куы нæ уа, уæд куыст дæр нæй. Цалдæр æвзагыл хъуыды кæныныл куы архайай, уæд æппындæр хъуыды кæнын хъом нал уыдзынæ.

Измаил Срезневский

Мыдыбындз йæхи мыдыл куы атигъ кæна, раст уыйау уайы дæхи дæ мадæлон æвзагыл æнæрвæссонæй æвдисын дæр.

Егар



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

1
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

РЕДАКТОРЫ НЫХАС 5

ПРОЗӔ, ПОЭЗИ

ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪО: 120 АЗЫ 7

ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо. Хохаджы хъӕстытӕ. *Уац* 8

ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТ: 85 АЗЫ 16

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат. Мад. *Ӕмдзӕвгӕтӕ, хъуыдытӕ* 17

КАРЗ ХӔСТЫ ФӔНДӔГТЫЛ – УӔЛАХИЗМӔ

ГЕРИТЫ Петр, ТЪЕХТЫ Тамерлан.
Хӕстон ӕмӕ дурвӕлгонцгӕнӕг 29

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 33

ӔМГАРЫ МЫСГӔЙӔ

ЦОМАЙТЫ РОСТИСЛАВ: 60 АЗЫ 54

ЦОМАЙТЫ Ростислав. *Ӕмдзӕвгӕтӕ* 55

ХОЗИТЫ Барис. «Тӕхынц кӕрӕдзимӕ нӕ удтӕ...»
Мысинӕгтӕ Цомайты Ростиславы тыххӕй 69

ФЫССӔДЖЫ ЮБИЛЕЙЫ БОНМӔ

ГУСАЛТЫ Барис. Кӕм – хан, ӕмӕ кӕм – ханджери, кӕнӕ – иу дӕр дзы фыссӕг ӕмӕ иннӕ дӕр. *Мысинӕгтӕ* 75

ӔРЫГӔТТЫ ӔРМДЗӔФ

ГӔЗЗАТЫ Давид. *Ӕмдзӕвгӕтӕ* 120

АХУЫРГӔНӔГӔН ӔХХУЫСӔН

КЪӔЛХИДТЫ Эльвирӕ, ЛЕГКОЙТЫ Маринӕ. Сылгоймаджы фӕлгонц Джыккайты Шамилы радзырдты 125

БАКӔСӔМ НӔ ХУРТӔН

ХЪАССОХАТЫ Калинин. *Ӕмдзӕвгӕтӕ* 133

ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ

ДАУЫРАТЫ Дамир. Лезинкайы суадӕттӕ. *Радзырдтӕ* 140

ИРОН ТАУРӔГЪ

СЕЧЪЫНАТЫ Солтан. *Сечъынаты хӕйрӕг. Таурӕгъ* 158

РЕДАКТОРЫ НЫХАС

НОГ ФӔНДТӔ, НОГ КЪАХДЗӔФТӔ

Дзӕгъгӕ мӕ исчи бафарста, царды ӕппӕты сӕйрагдӕр цы у, уӕд ӕнӕ дзӕгъӕл рахъуыды-бахъуыдыйӕ зӕгъин – сӕрибардзинад! Фӕлӕ ивгъуыд ӕнусы ӕгӕр стыр аргъӕй ӕлхӕд ӕрцыд уыцы иунӕг дзырд. Нӕ хуыздӕр хъӕбулты туг ныккалд, знаг аскъуыдта мингай адӕймӕгты хъысмӕттӕ, бындурхӕлд фӕкодта фылдӕрты бинонты. Йӕ тӕккӕ цӕхӕры бахаудысты ирон фысджытӕ дӕр. 75 азы размӕ немыцаг фыдхортӕн ныххъуырд ратгӕйӕ ӕрхастой сӕрибардзинад сӕ фӕстагӕттӕн – махӕн. Уӕрӕсейы Федерацийы Президент Владимир Путин ацы аз нӕ бӕстӕйы раситт Фыдыбӕстӕйы хӕсты Стыр Уӕлахиз зӕрдылдарын ӕмӕ йын кад кӕныны азӕй. 9-ӕм Маймӕ та мыхуыры рацӕудзӕн «Мах дуг»-ы бӕрӕгбоны номыр.

Алы адӕмы удхъомысы хӕрзтӕ дӕр айдӕнау зынынц мадӕлон ӕвзаджы ахадгӕ бынтыл. Ацы аз нӕ журналы егъау бынат бацахсдзысты Джусойты Нафи ӕмӕ Джыккайты Шамилы сфӕлдыстад, сӕ номыл фыст уацтӕ. Сӕ дыууӕйӕн дӕр февралы уыдзысты сӕ мысӕн бонтӕ. Нафийыл ӕххӕст кӕны – 95 азы, Шамилыл та – 80 азы. Уый фӕдыл нӕ журналы редакцийы уæнгтӕ ацы аз журналы расиддзысты Нафи ӕмӕ Шамилы аз. Уӕвгӕ та диссаг куыд нӕ у, Ирӕн йӕ хуыздӕр хъӕбултӕй, ирон литеаратурӕйы дыууӕ фӕтӕджы, дыууӕ пехуымпары гуыргӕ дӕр иу мӕй кӕй ракодтой ӕмӕ хӕлар, хъӕрмудӕй кӕй фӕцардысты, уый.

Зӕрдӕ фыды мур йеддӕмӕ ницы у, фӕлӕ адӕймагдзинадӕй ӕххӕст лӕджы ӕнкъараг зӕрдӕйы цы стыр уарзондзинад райгуыры, ууыл дунейы ӕфсад дӕр нӕ фӕтых уыдзысты, уымӕн нӕй мӕлӕт, нӕдӕр ихсийӕг кӕны, нӕдӕр судзгӕ, нӕдӕр ӕй дон ласы. Уымӕн ис ӕрмӕст цӕрӕнбон – кӕй риуы райгуырд, уый уӕлӕуыл куы нал уа, уӕддӕр цӕрдзӕн йӕ номыл, йӕ кадыл, лӕг фӕстагонтӕн цы хӕрзты бацыд, уый ӕвдисгӕйӕ. Ахӕм ӕгӕрон уарзтӕй уарзтой сӕ дыууӕ дӕр ирон дзырд, Ирыстоны, дзырд

«ирон»-имæ цыдæриддæр баст у, уыдон æмæ сын лæггад кæнынæй нæ бафсæстысты уæлæуыл.

Ирон поэзийы Есенин – Хаджеты Таймураз. Куыд бирæ зæгъинæгтæ баззадысты æнæзагъдæй поэты удыхъæд, уарзондзинад æмæ курдиаты тыххæй. Йæ мысæн бон – мартъийы. Кæддæр, дам, бирæгъы бафарстой, зæххыл æппæтæй тыхджындæр чи у, зæгъгæ. – Адæймаг. Фæлæ йæм иу лæмæгъдзинад ис – фæстæмæ кæсын нæ зоны,– загъта сырд.

Уый æцæг у, æндæр нæ рох кæниккам нæ хуыздæрты, не 'взаг, нæ культурæ, нæ истори, ивгъуыд заманты фарн, æнусмæ зæрдылдаринаг æмæ бæрзонд хæссинаг фыдæлты кад, «нæ ивгъуыд бонтæм уаиккам зынггур». «Мæ чысыл Ир! «Æз дæр дæ фырт дæн» /– Æдæрсгæ сдзурын мæ фæнды: / Мæ рухс бæллицтимæ фæзындтæн/ Ирон куыстдзагъд лæджы кæрты». Раст, цыма, нæм азым хæссы... Бæгуыдæр...

Царды 'гъдау афтæ арæзт у, æмæ алы адæмыхæттыты хæзнатæ дæр хъахъхъæд цæуынц, æрмæстдæр хистæрæй кæстæрмæ æнæ къахырæй куы хæццæ кæной, уæд. Уыцы адæм вæййынц Хуыцауы фарнæй хайджын. Куыд ахсджиаг у, сывæллоны дадзинты хистæртæ ирондзинадмæ, ирон æвзагмæ уарзондзинад ирон адæмон сфæлдыстады æмæ литературон уацмысты фæрцы куы ахъарын кæнынц, уæд. Сæ цæрæнбон бирæ, редакцимæ арæх чи æрбадзуры, нæ кæстæртæн, нæ гыццыл хуртæн ирон фысджытæ цы уацмыстæ ныффыстой, уыдон агурджытæн. Уæлдайдæр та бæрæгбæтты агъоммæ. Уымæ гæсгæ нæ бафæндыд уæ фарсмæ балæууын. Ныр журналы уыдзæн сæрмагонд рубрикæ «Бакæсæм нæ хуртæн».

Ацы аз журнал райсдзысты, дард фæсарæнты чи цæры, уыцы ирæттæ дæр. «Мах дуг» у ирон адæмы иугæнæг, мадæлон ирон æвзагæй мондæгтæ цæй руаджы суадзæн ис, ахæм ахадгæ фæрæз. Æрбарвитут нæм уæ курдиæттæ, уæ фæндиæгтæ æмæ сыл иумæ бакусæм.

Дæ райсом, дам, куыд райдайай, дæ бон афтæ арвитдзынæ, фæзæгъынц. Уæ алкæйы райсом дæр афæдзы райдиан зæрдæйы фæндиаг уæд!

ПРОЗÆ, ПОЭЗИ

ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪО: 120 АЗЫ



(1900 – 1937)

ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо

ХОХАДЖЫ ХЪÆСТЫТÆ

Ахæм хабар мын радзырдта раджы иу хохаг. Дзураг лæг уыд, дардыл æрхаста ныхас, иуырдæр сæ лыстæггай чи бахъуыды кодтаид!

Нæ хъæуы иу Цамел хуындис. Дæхæдæг æй зоныс, нæ хæхбæсты цасфæнды дæр дæ хид кал, æхсæвæй-бонæй фыдæбон кæн, уæддæр дæ цард царды хуызæн нæ кæндзæн. Хохаг лæгыл куы амбæлай:

– Æгас цу!

– Æгас дæ Хуыцау уадзæд!

«Куыдтæ цæрут» – æй йæ куыддæр бафæрсай, афтæ дын уый ахæм цыбыр дзуапп ратдзæн: «Цæрæм, дæ рын бахæрон, фыдæбон цардыл нымайæм».

Бæлвырддæр, махмæ лæг цас фæразы, захъайаг хæрæг дæр уыйбæрц нæ бафæраздзæн. Фыдæбон цардыл кæй нымайæм, уый раст у.

Уæлдайдæр иунæг лæгæн хæдзарыдзаг бинонтимæ цы хъуамæ бантыса! Дæ хуымы гæбазы уæлхъус æрлæудзынæ, дæ зæрдæ барухс уыдзæн йæ уындæй, зæгъдзынæ: «Табу Хорыуациллайæн, кæд ныр чысыл мæ къахыл слæууин!»

Уалынмæ фæкæс, æмæ дын æй кæнæ лæсæн фæласдзæн, кæнæ йæ их ныссæрфдзæн, гъе та дын сигæ бакæндзæн. Кæннод æй æфснайгæ дæр бакæн, куыд æмбæлы, афтæ. Уалдзæг нæма æрлæудзæн, афтæмæй дыл дæ дзылыхтæ алырдыгæй æрдиаг кæнын байдайдзысты, стонджы мын у, гыцци, зæгъгæ.

«Иу уæ мауал баззайæд»сыл фæхъæр кæндзынæ ды дæр, мастæн «гæррæтт» дæр æгъгъæд у, марадз, дæ сæр къултыл хой, тухæнтæ кæн, цалынмæ дыл дæ ног фæззæг не ʻрцæуа, уæдмæ.

Æмæ дын Цамелы дзырд кодтон. Уый дæр иу ахæм мæгуыр лæг уыд. Йæ фыд ын зæронд куырм мад æмæ дыууæ галы йеддæмæ ницы ныуугъта, уыдонæй дæр иу гал хистæн бахъуыд.

Цамелæн йæ ус, Хадзаты Темсыры чызг, æмбисонды хорз адæймаг, уазæгæн йæ уд дæр нæ бацауæрстаид; фæлæ, мæгуыр лæджы дур хæрдмæ дæр суры, зæгъгæ, куы акæнынц, уæд-иу раст вæййы: фæдфæдыл ын цыдæр æнамондæн цыппар чызджы райгуырд, иуæй иннæ къаддæр. Кæннод афтæ чи зæгъы, Хуыцау, дам, ис, зæгъгæ, уый Цамелы тæригъæд фæхæссæд мæрдты дæр æмæ уæлæуыл дæр!

Зæххæй та йын цы баззадис! Ирон æмбисондау мыст йæ къæдзил кæм æрзылдтаид, уый йын нæ уыд, – æгасæй дыууæ чысыл хуымы гæбазы, уыдон дæр – цæгатварс. Æцæг ыл цæнгтæ дзæбæх æрзад: хосгæрдæны йын тыхгæнæг тых нæ ардта; йе схъæлфындз даргъ цæвæгæй-иу не ʻппæты дæр куы ʻрсырдта уым уырдыгмæ уыгæрдæнты, уæд-иу нæ удты нæ къæхты бынæй агæпп кæнынмæ ницыуал хъуыд. Фыдбылызæй цынæ ис, – кæрдæджы ʻфсон дын дæ дыууæ къахы дæр куы ʻрбасæрфа, уæд ыл ацу æмæ хъаст кæн.

Куыстмæ уый хуызæн нал райгуырдзæнис.

«Æй-æй, сау лæппу фæцæуы!..», зæгъгæ-иу куы ныццæлхъ кодта уыцы бæрзонд райдзаст æврæгътыл, уæд йæ хъæр суанг Суанеты хъæумæ хъуыстис, йæ цæвæджы æхситтæй-иу зæрдæ хъæлдзæг кодта.

Асæй рæстæмбис, йе уæхсчытæ ивазны бæрц... Нæ йæ домдта уыцы сау куыст дæр.

Бæрæгбонты-иу йе ʻмгæрттимæ куы сæмбæлд, уæд æй рох кодтой йæ фыдæбæттæ иууылдæр. Тынг зараг лæппу уыд – йæ дзыхы раст цыма уадындзтæ уыд, уыйау йæ зæлланг хъæлæсæй кæмттæ зæлыдысты. Ануазынмæ дæр дæсны уыд ахæм рæстæджы, фæлæ нуæзтджынæй загъд нæ зыдта: «дæ рын бахæрон» йеддæмæ уæлдай ныхас йæ дзыхæй не схаудтаид. Æнæуи бонты та хаттæй-хатт йæ дзыхæй ту дæр нæ хаудта, куыддæр-иу зæхмæ нымдзаст, нылхынцъиу кодта йе ʻрфгуытæ дыууæ калмау æмæ-иу суанг йæ къæхты бынæй хъæрзæгау ныуулæфыд. Бацыди-иу сæ тыргъмæ, фæрæт-иу йæ дæларм акодта æмæ та уæлæ хъæдмæ мæхъиаг кæнынмæ кæнæ хъуари фадынмæ фæцæуы.

Махмæ адæм сæ устыты бон дыууæ надæй къаддæр нæ кæнынц: иу райсомæй, цæмæй де ʻхсæвы мæстытæ суадзай, иннæ – изæрæй, цæмæй дæ боны фыдæбæттæ айрох уой. Фæлæ Цамелмæ ахæм æгъдæуттæй ницы уыд. Æппынфæстагмæ ма-иу зымæджы æвдæлон бонты дзæвгар суг æрласта сæ мусы цурмæ, æмæ йæ ус Хадзианы æргъомæй хæссын нал хъуыд хъæдæй. Иннæтæ – галæй дæр хуыздæр

арæзт æмæ алцыппæтæй дæр, афтæмæй сæ устыты рæгътæ бæхы рагъæй хъауджыдæр нæ уыдысты суджы æргъом æмæ куыроймæ ссинаг хæссынæй.

Хæларзæрдæ, хъæлдзæг лæппу уыд, мæгуыр, Цамел. Кусгæ та фылдæр æндæртæн кодта, фæлæ кæм ис аргъ махмæ сау кусæгæн: хорз кусай, æви æвзæр, уæддæр дыууæ æрчъихор, кæнæ иу мæртыдзаг хъæбæрхор де 'ккой скæн æмæ йемæ хъыլдымтæ кæн. Уый дын йæ боны фæллой. Уæддæр цæхх æмæ кæрдзынил ахæм лæг не ссардтаис нæ комбæсты. Куы йæм-иу бауадаис, уæд дыл-иу ахæм цин бакодтаид, æмæ йын зæгъæн дæр нæ уыд. Уый фæстæ-иу «фæлæуу, зæгъгæ, мæнæ нæ чызджыты ирæд куы райсæм, уæд дæ хуыздæр фендзыстæм!» гъеуый уыд йæ ныхас.

Афтæ цард Цамел, йæхицæн тухæнтæ кодта, кæйдæр хæрæгау ын нæ размæ æнтыст, нæ – фæстæмæ. Иунæг лæгæн никуыдæм ис куыстмæ фæцæуæн, амонд агурæг æрхæтын дæр кæм æнтысы! Æцæг, иу хатт афæлвæрдта æндæр хъуыддæгтыл дæр, рæдыд кæуыл нæ цæуы... Ахæм рæдыдæй, æвæдза, де знаг дæр хызт уæд: уæртæ фалæ быдырæй Танделты лæппутимæ кæйдæр бæхтæ рамырхтой, фæлæ йын йе 'мгæрттæ куы бауайдзæф кодтой, уæд ныууагъта уыцы хъуыддаг. Хæцгæ дæр ыл дзы цы бакодтаид худинагæй уæлдай! Дымгæйы æрхæссæггаг, дам, дымгæ фæстæмæ хæссы. Стæй йæхæдæг дæр ахæм лæппу нæ уыд, йæ мæрдты æмæ йæ комбæсты зæрдæхудты чи бацыдаид.

Цамелæн йæ сыхаг Бедто чысыл фыдлæг уыд. Фæстаг азты кæрæдзимæ фыдæх ахастой, æниу къаннæгæй уыдонæй хæлардæр нæ уыд, уæлыгæс дæр иумæ цыдысты.

Нæ хъæуы сæрмæ иу æмбисонды рæсугъд бынат Уæлвæз хуыйны. Йæ алыварс – егъау нæзы хъæд, – кæрон дæр ын нæй. Хъæдгæрон та сæрды бонты æрыскъæф хуртуанæй хъауджыдæр нæ вæййы, æгасæй сырх-сырхид адары, иу сахатмæ дзы къæртайы дзаг æрæмбырд кæндзынæ.

Уæлвæзы сæрмæ иу дынджыр тæрс бæлас йæ къабузтæ дардыл айвæзта нæхимæ нымæтхудау. Нæ Уациллайы кувæндон дæр уый тæккæ бын ис. Нæзыты чъиуы тæф дæ фындзыл ныдзæвдзæн, афтæмæй уæлгоммæ хуысс уыцы тæрсы бын цъæх нæудзармыл æмæ дæхицæн зарджытæ кæн. Кæннод уыцы нæудзармыл бæгъæввадæй дæ

къах-къухтыл каф, сæгъы 'хсырæй дæ гуыбын куы ныддымса, уæд.

Цамел æмæ Бедто чысылæй арæх хызтой уым. Бæласы бын-иу нырривæд кодтой. Æрдуц фыййауы сæгъты (æниу иннæ сæгътæ дæр уыдон къухы нæ уыдысты!) æмæ дзæвгар нынцъух хъарм æхсырæй, уый фæстæ дæхицæн æхситгæнæнтæ араз æмæ дæ къуыззиттæй бæстæ хæсс. Гъе, уый цард у, уæдæ циу!

Ныр та кæрæдзимæ рæстмæ дзургæ дæр нал кодтой. Уыцы хабар куы æрцыд, уый размæ аз Цамел хорæй тынг схъуаг. Исдугмæ йæ бинонты барвыста Бедтойы хæдзармæ, зæгъгæ, фæззæджы сын сæ хор дывæрæй бафиддзынæн.

Ус æмæ, дам, лæг фæрæты хъæдæй барст вæййынц: Багиан, Бедтойы ус, йæхи ныззул-мултæ кодта, йæ былтæ асчъилтæ кодта æмæ зæндджын, хæдзардзин уынаффæтыл схæцыд:

– Цæй хор мæм ис, цæ, ме 'нæуынон макуы фæуат! Нæхæдæг дæр куы фæхъуаг уæм, уымæй тас у. Нoджы нæ лæг Комахсæнты бæгæны æхсидынмæ хъавы, æмæ кæм ис уыйбæрц хор! Куысты мыздыл уын, æвæдза, чидæриддæр авæрдзæн æфстау.

Хадзианы зæрдæ атъæпп кæнынмæ ницыуал хъæуы.

Йæхинымæры сын бæргæ ракодта зæрдиаг арфæтæ, зæгъгæ, «уастæн уæ сывæллæтты хистытæн бахъæуæд», фæлæ уымæй Цамелы хæдзармæ цы бафтыдаид!

Уыййеддæмæ-иу Бедтойы ус, Багиан, арæх хурмæ ракалдта йæ дарæс: зæрдиаг даритæ, алыхуызон зынаргъ кæлмæрзæнтæ, тинтычъи басылыхъхъытæ, сæ алыварс-иу рувасау разил-базил кодта æмæ-иу хъæлдзæг зарджытæй йæхи ифхæрста Хадзианы цæстмæ.

Иухатт Хадзиан уыдон уæлувады рæзты донмæ куы фæцæйцыди, уæд Багиан йæ зард фæтыхджындæр кодта:

Мæ уарзон Харбинмæ ацæудзæн,
Уырдыгæй дæс мины æрхæсдзæн...

Хадзиан æм нал фæлæууыд, кæсгæ йæм нæ фæкодта, фæлæ йын мæстыйæ зæгъы:

– Уый бæсты дын дæ зылын фындз куы сраст кæнид дæ хорз уарзон!

Йæ бинаты фæтъæпæн ис ус, фыр мæстæй дзуапп раттын ницы сфæрæзта. Æцæгдæр, Багиан-иу Хуссары хъæуырдæм куы каст, уæд йæ фындз та чысыл дæлæ Кърозыр'дæм зул дардта. Уæддæр ахæм

фидис Багиан йæ зæрдæмæ тынг бахаста:

– Ам чызг ма уæд, æз ын йæ цард ноджыдæр куынæ сæнад кæнон!

Дыккаг бон хъæуы устытæн ахæм æбуалгъ хабар радзырдта:

Афтæ æмæ афтæ, зæгъгæ, Уæллагхъæуы устытæ мын æмбисонды ног хабар радзырдтой: Салаты Хадзумар æмæ, дам, Хадзиан кæрæдзийæ хо æмæ æфсымæр загътой, афтæмæй та, зæгъгæ, кæд разынд йæ лæджы хай.

Ацы хабар хъæуы устытæ Хадзианы хъусты куыд нæ ацагътаиккой! Иу райсом раджы Багиан хъуццытæ дуцынмæ куы фæцæйцыд, уæд æм Хадзиан скъæты цурæй рагæпп кодта, йæ дзыккутæм ын фæлæбурдта, скъæты цæджындзыл ын сæ атыхта, йæ цуры къæртайæ иу къусы дзаг дон фелвæста æмæ йын æй йæ сæрыл ауагъта:

– Гъеныр Салаты мæрдтæн фæлдыст фæу, кæд мæнг ныхæстæ зæгъыс, уæд, зылынфындз, ръуæдтæмдзæуæг,– æмæ ноджы бирæ ахæм диссæгтæ.

Тыхæй-фыдæй сæ баиргъæвтой, æндæра сын исты фыдбылыз æнæ кæнгæ нæ уыд: Хадзиан – уæйыг ус, иннæ та-хæдмæлы хуызæн - йæ сæр ын дынджыр къæртайæ æнæ афадгæ нæ фæуыдаид.

Хъуыддаг ууыл нæ фæцис: дæхæдæг æй зоныс, ноджы усы æвзаг истæмæ куы бахæццæ уа, уæд ын афтæ æнцонæй фæуæн нал вæййы...

Цамелы хуымæн йæ уæллаг фарс дæр æмæ йæ дæллаг фарс дæр – Бедтойы хуымтæ. Уалдзæг, хуымгæнæн афон, Бедтомæ кæс, æмæ Цамелы хуым иуырдыгæй дæр фæкъахыр кæны æмæ-иннæрдыгæй дæр, ауæдзы дуртæ бынтондæр сæ бынатæй скалы.

– Ныууадз мæ, дæ рын бахæрон!.. мæгуыр лæг дæн, ницы дын кодтон, дæхи хуымтæ – дæ фагæй уæлдайдæр!..– лæгъстæ йын кæны Цамел. Уый та, марадз-зæгъай, мурмæ дæр æй нæ дары.

– Хорз уæдæ. Фендзыстæм!.. – адаудта йæ рихи Цамел.

– Уыцы рихийæн, æвæдза, æз йæ бынат зонын,– загъта Бедто æмæ сæ хæдзары къæсæрæй фæмидæг.

Маст ратонынмæ ницыуал хъуыд, фæлæ йæ Цамел тыххæй аныхъуырдта. Бацыд йæ хæдзармæ, къонайыл æрбадт амæ мынæг зынджытæм æдзынæгæй кæсгæйæ баззад. Раст цыма уыцы зынджытæй иу дзæвгар йæ хъæлæсы аирвæзт, уыйау йæ маст ссыгъди. Алыхуызон хъуыдытæ йæ сæры мидæг сызмæлыдысты. Къонайы уæлæ иу суг, цъысцъысгæнгæйæ, цадæггай фæздæг калдта уæлæмæ, ердойы хуынкъмæ, къуыбылæйттæгæнгæ, згъордта уыцы фæздæг, уæлæнгуыты алыварс зилахартæ кодта.

Райсом сыстад æмæ хъæуыхицаумæ хъæстгæнæг фæцыд. Æрбацыдысты цалдæрæй, фæрабар-бабар кодтой хуымты иу даргъ бæндæнæй иуырдæм дæр, иннæрдæм дæр. Фæкæс, æмæ нæ бурдзалыг, хиндзаст хъæуыхицау расидт, зæгъгæ, Бедто раст у, Цамел та – зылын, мæнгдаугæнæг.

Уайтагъддæр фембæрста Цамел, цæй мидæг ис хъуыддаг: уый размæ хъæуыхицауæн йæ фыссæг, саулагъз, ныллæггомау, дæлзæхты фæндæгтæ кæмæн ис, ахæм лæг, Бедтойы хæдзары фæмидæг, чысыл фæстæдæр йæ сой былтæ даугæ фæстæмæ рауад, алырдæмыты аракæс-бакæс кодта æмæ, æвæццæгæн, Цамелыл йæ цæст куы никуы æрхæцыд, уæд хъæуыхицауæн йæ цонгыл фæхæцыд æмæ йын йæ хъусы цыдæртæ ацагъта.

Цамел та йæхæдæг уыцы рæстæджы сæхи кæрты лæууыд æмæ иууылдæр лыстæггай федта ацы хабæрттæ.

Ныр Бедто раст разынд, Цамел та – зылын.

– Гъе, гæртамхортæ, сымах дæр та хъæздыджы æвварс рахæцыдыстут!

Иучысыл сын, куыд æмбæлы, афтæ сæ мад æмæ сæ фыды дæр æрымысыд.

Ууыл кæм фæцадаид хъуыддаг: ахæм арфæты тыххæй йæ иудыууæ боны къæнцылары ахæстоны смидæг кодтой, чапарты ехсы цæфæй дæр ыл иу-дыууæ аныдзæвд.

Афтæ сын фыдæх ахаста дыууæ сыхагæн. Цы сарæзтаид Цамел дæр: лæджы марды бацыдаид, æмæ йæ къух туджы чи тулы, йæ бинонты чи сафы!

Маст суанг хъуырмæ схæццæ, фæлæ цы гæнæн уыд! Дæхи ныддур кæн, дæ дзыхыл цъутта сæвæр æмæ хъыпп-сыпп ма скæн. Хъæздыг цы нæ кæны æмæ мæгуыр цы нæ ‘взары! Бонджын лæг у Бедто, кæй бон у уыимæ хæцын, – арсимæ кæрдо чи цæгъды! Æгас хъæу ын-лæгъстиаг, мæнг æвдисæнтæ йæ цасдæриддæр хъæуы, алы хатт дæр-цæттæ. Йæ хæдзары-æртæ бæхы: кæддæриддæр æй бафæнда, суанг пъырыстыфмæ дæр фæфардæг уыдзæн, дзаг хордзентæ йемæ, афтæмæй.

Нæ уыд Цамелæн йæ бон афтидкъухæй, фистæгæй уый фæдыл згъорын, йемæ хæцын.

Уый фæстæ аз та ноджыдæр фыдаз скодта. Цæгатварс къæвда нæ бауагъта уыгæрдæнты бафснайын. Хуымты хъæмп йеддæмæ ницы ‘рцыд. Тауинаджы фаг дæр сæ æххæст не ‘взæрд. Зымæджы карзы ноджы Цамелæн йæ дыууæ кæстæр чызджы æрбамардысты гуыбыннизæй: мæгуырыл низтæ дæр тых сты. Уыдон дæр кæм бавæрдтаид æххормагæй: чысыл сын марды боны хæрнæг акæнын хъуыд, – кæм хæстæджытæ æрцæуынц, кæм та хъæубæстæй дæр худинаг вæййы. Талынг адæм стæм нырма, нæ ныууагътам нæ кæнон. Фарон цы гал самал кодта тыхтæ æмæ фыдтæй, уый æрбауæй кодта.

Иу дзырдæй, уыцы рæстæджы Елы-кънийаз дæр нæ уыдаид Цамелы хуызæн хъæздыг.

Зымæджы дæргъы та йе ‘ккой фæхаста хор уæлæ Урстуалтæй: авд-аст мæрты-иу сæргъом кодта æмæ-иу сæ уыцы хъызт бонты йæ хæдзармæ ахæццæ кодта, арф миты лæгæрдгæйæ.

Бедто та цардæй тъæпп хауди: кусартытæ кодта æмæ сæ сусæгæй хордта. Йæ къæсæры раз дыууæ дынджыр куыдзы дардта, раст бирæгътæй хъауджыдæр нæ уыдысты, сæ цурты цъиутæхæг дæр нæ ауæндыдаид. Æппæтæй – æххæст, уæддæр æфсис æнхъæл нæ уыд йæхицæн.

Цамел, дзуары хуызæн лæг,– сывæллæттæй иумæ схъомыл сты. Æххуыс ын ма бакæн, фæлæ йын ноджы тыхтонатæ кæн. Уастæн, мæрдты хæрæгау уасæд!.. Цы аккаг уыд, уыцы аккаг мард дæр бæргæ акодта! Æниу, мардæй æвзæр ничи дзуры.

Уалдзæг дæр та æрбалæууыд.

Махмæ уалдзæг тынг хорз вæййы. Фыццаг дзывылдар нæм куы фæзыны, уæд, цыма, уæларвæй уацхъуыдхæссæг æртæхы, стыр хæрзиуæг ныл цыма амбæлы, уыйау зæрдæ йæхимидæг скафы. Нæ фос дæр фервæзынц сæ фыдæбонæй. Хуссарвæрсты мит тагъддæр батайы, уайтагъддæр цъæх-цъæхид адары хъæдабайы хуызæн кæрдæгæй. Фыййæуттæ фосы цуры лыхъхъæй, кæ- нæ хъæл æмæ лæдзæгæй фæхъазынц, сæ «ле-кка-а»-йæ бæстæ сæ сæрыл хæссынц.

Нæ хъæуы зæронд лæгтæ дæр зæронд æрсытау арты фарсæй рабырынц, рабадынц даргъ хъæды лыггагыл æмæ сæ рагон хабæрттæ фæмысынц, уалдзæджы куыстыл уынаффæ кæнынц, чи сæ къæпийы хъæд фæамайы, чи йæ дзывыр рæстытæ кæны, чи хуртуанмæ

истæмæ йæ хъус дары, кæрчыты йæм нæ уадзы. Иннæтæ та æнæуый истæуылты сæхи фæифхæрсынц. Тамако æууилынц, кæнæ лулæ дымынц. Сæ зачъетæ хохы митау – урс, сæ ныхас Санаты Семы ныхасау арæхстджын.

Хъæуы мидæг ма ранæй-рæтты аззад сæлæф мит, йæ бынæй суадæттæ згъорынц, фаджысы донимæ æмхæццæйæ къуыбыртыл цырд уайынц.

Фаджысы рагъы цур сывæллæттæ бæгъæввадæй митдоныл куырæйттæ аразынц. Сæ иу, бурдзалыг, цъæхдзæст, къаннæг лæппу, хæдон ын йæ гуыбын æххæстæй не ‘мбæрзы, афтæмæй иу сæныкк æрцахста, йе ‘ккой бæхбадт скодта, бар-æнæбары мæ ахæсс, зæгъгæ, æз, дам, далæ Чъребамæ цæуын...

Алчи хуым кæнын байдыдта. Цамел дæр йæ галæн кæмæйдæр йæ хæстæджытæй æмбал æрыскъæрдта, йæ гутон барæвдз кодта æмæ хуым кæны, Галты разæй – йæ чызг, нырма къаннæг, фæлæ ´мбисонды хорз арæхсы. Хадзиан та сæ фæстæ фæсуадз кæны. Йæ къухы – дынджыр къæпи, къуыбæртты иу риуыгъд куы ‘ркæны, уæд алырдæм апырх вæййынц.

– Уæлдæр бауадз, мæ хур, уæлдæр... Гъе, уæлæ! – хъæр кæны Цамел. Ацы аз та йын цæмæй Бедто йæ хуым ма фæкъахыр кодтаид, уый тыххæй йæм йæхæдæг раздæр бавнæлдта. Бедтойæн йæ галтæ хъугомы хуыммæ скъæрд фесты сæумæраджы, æмæ дардæй йæ маст скъуыйы, Цамел йæ хуым фыццаг арæнтыл кæй кæны, уымæ:

– Гъей, Цамел, дæ куыст дзæгъæлы кæндзæн! – хъæр æм кæны дардæй.

– О, цы саразон, дзæгъæлы куыстыл æз ахуыр дæн! – зæгъы йын уый дæр.

Чысыл фæстæдæр та ноджы:

– Гъей, Цамел, бирæ мын цæрай, мæ уалдзæджы куыстæн мын æххуыс чи кæны!

– О, Бедто, цы арфæйы æфсæрм дæ ис, цы хъиамæт кæныс! Бедтойы сывæллæттæ гутоны фæдыл згъорынц, сæхицæн хуыскъæлтæ æмæ хуычъытæ уымæл сыджытæй æвзарынц. Бацардыдта сæ,– сæхситт кæнут, зæгъгæ, Цамелыл. Уыдон дæр сæ чъизи къухтæ сæ дзыхты арф бакодтой æмæ сæнт къуыззит кæнынц.

Хъæуæй зæрæдтæ кæсынц, тæрхон кæнынц:

«Кæрæдзийæн исты фыдбылыз араздзысты ацы дыууæ лæджы!..»

Дыккаг райсом Бедто Цамелы конд хуымыл йæ гутон адардта, дæргъæй дæргъмæ йыл ауæдз ауагъта.

Бирæйыл ма куы уыдаид сæ дзырд, уæддæр ма йын ницы уыд: нæ фидыдтой æгасæй иу æрмæрины бæрц зæххы гæбазыл.

Райста Цамел уаты къулæй йæ сау арæзт хъама. Тагъд-тагъд æй йæ фарсыл цухъхъайы мидæг абаста æмæ хуыммæ фæраст.

Бедтойы галты раз æрлæууыд, сæ хъуырбостæ сын феуæгъд кодта, се ‘фсондз сын систа æмæ зæгъы:

– Ам мын мæ туг цалынмæ ныккалай, уæдмæ дын иу уыдисны дæр нæ ныууадздзынæн мæ зæххæй!

Бедто хин лæг, æвиппайды тохыл нæ ныллæууыд, фæлæ йын лæгъз æвзагæй дзуры:

– Кæрæдзи тугæй ныл цы бафтдзæн... Цом, уæртæ æхсæны лæгтæм фæсидæм, сабырæй бафидауын хуыздæр у!

Афтæмæй та йæ хъуыдыты кæд уыд æндæр фæндтæ, æндæр тæрхон скодта сусæг хуыснæгау йæхинымæры. Цамелы йæ разæй фæкодта, хъæуырдæм цыма фæцæйуадысты, уыйау. Сусæгæй хъама фелвæста æмæ Цамелы сæрæн – дзæхст.

Цамелы амондæн, йæ сæрыл – бæзджын уæлдзарм худ: фыццаг йæ цæстытæ атартæ сты, сæры царм дæр чысыл фæцъæррæмыхст. Фæлæ уæддæр æвиппайды цæхгæр фæзылд, йæ къухы уымæн дæр хъама ферттывта, басырдта Бедтойы æмæ йын йæ къубал иу риуыгъд æркодта. Раст бæлас куыд ракæлы, афтæ уыцы сахат Бедто дæр зæххыл сæмбæлд, хъыпп-сыпп нал сфæрæзта, сырх-сырхид адардта тугæй ног конд сыджыт. Базгъордта йæм Цамел ноджы, йæ сæр ын бынтондæр рахицæн кодта æмæ йæ фехста дардмæ.

Гъеныр дæр мæ нал ныууадзай цæрын?!.

Цамелæн йæхи Сыбырмæ фесæфтой, уæдæ цы уыдаид. Уæдæй фæстæмæ дзы ницыуал æрыхъуыст. Бабын сты, иудзырдæй, дыууæ лæджы дæр, сæ бинонтæ дзæгъæл баззадысты.

Афтæ сты, дæ рын бахæрон, нæ царды хабæрттæ...

Фæци йæ ныхас мæ хæлар хохаг, йæ арахъхъы сыкъа бæркадамонды тыххæй йæ дзыхмæ фæкъул кодта, дæрзæг фæсмын цухъхъайы дысæй йæ рихитæ адаудта, стæй йæ бæхыл абадт æмæ фæраст мидæмæ – хохмæ.

ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТ: 85 АЗЫ



(1935 – 2000)

СЫЛГОЙМӔГТӔ

Ӕз чысылæй дæр
уæ разы уыдтæн къæмдзæстыг.
Комкоммæ уæм бакæсон,–
мæ ныфс нæ хастон.
Цыма хастат уæ мидæг
уæларвон уæццæ зынг,
Цыма хастат уæ мидæг
хуыцæутты ахстон.
Мыййаг мыл куы фæхудат,–
никуы ныззарыдтæн,
Мыййаг, æвзæр куы уон,–
никуы скафыдтæн.
Чи зоны,
ме 'миас тых æмæ 'хсар уыдтæн,–
Искæй ныццæвынмæ
никуы ныхъхъавыдтæн.
Мæ зæрдæ раргом уа,–
уæ цуры йæм нæ уæндыдтæн,
Нæ уæндыдтæн никæд
хъæбыстæм, пъатæм.
Ӕз æнхъæлдтон
æмæ æууæндыдтæн,
Цыма
стут
хицæн,
æнахуыр адæм.
Ӕвæццæгæн, уымæн,
æмæ уæ фæрцы
дуне кæй базыдтон,
Сымахæй кæй райгуырдтæн,
уе 'хсыр кæй бададтон.
Афтæ уыдтæн
æмæ афтæмæй баззадтæн,–
Уый тыххæй азымы

никæй, нæ бадардтон.
Сида мæм уæ цæстæнгас
монцы куывдмæ хонæгау,
Ӕви мæ йæ кæлæнæй
иблисау
кæна
дæрæн,–
Ӕз,
матриархатаг,
уæздан хæххон лæгау,
Уæ разы æнустæм
къæмдзæстыг
дæн.

***

Сабанты Хаджумар –
хуымгæнæг, нывгæнæг –
куы зары,
Уæд зæххы тыгъд цъарыл
æмæ арвы къуырф цары
Цæуы йæ хъæлæс –
уынгæгтыхст, æрхæндæг фыдохы фæдисæй.
Цæуы æмæ зæрдæты хизы
хъæбатыр, æхсызгон фыдрисæй,
Ӕмæ дзы сризы, ризы Ирыстон –
йæ зæхх, йæ арв – нæ галуан.
Мыййаг, кæд æцæгæй
уыдыстæм цыдæр –
скиф æмæ алан…
Мæнæн мæ хъуырмæ
ссæуы мæ кæуындзæг
æлхынцъытæ-бæстытæй.
Ӕмæ хъусын
донызил цæстытæй.

ГАЛЫ СЫКЪАТÆ

Зæхкусæг райста галы сыкъа,
йедзаг –
расыг тæнгъæдæй...
Галты фæстæ цæуы,
цæуы незаманæй.
Хур æм скæсы
галы сыкъатæй,
цыма хæхтæй,
хур æм скæсы –
амонд æмæ замана.
Гутоны хъæдыл хæцы,
уæрдоныл бады, хос ласгæ,
хуыссы йæ дзоныгъы
рынчынæй кæнæ мардæй.
Сыкъаты ’хсæнты кæсы,
цыма йе знагмæ, топп даргæ,
цыма кæсы йæ фидæнмæ –
тызмæг, æмбаргæ.
Сыкъатæ,
саджил антеннæйау,
хъусынц дунейы дзæгъ-дзæгъмæ
сыкъатæ ’нкъуысынц сагъæстау –
тасы сты æви æдасы?
Хур нынныгуылы
галы сыкъатæй,
цыма хæхтæй.
...Зæхкусæг
цины дæр, хъыджы дæр
галы сыкъайæ нуазы.

ЦЪИТИТЫ УАРЗТ

Цъититæ – урс æрсытæ –
схызтысты
хæхты дыдæгътæм,
Се 'мбæлттæ айстой сæхи
цæгатмæ –
их-æрсыты рæгъаумæ.
Адон та хуыссынц,
кæсынц дæлæмæ –
кæмттæ æмæ рæгътæм,
Кæсынц уалдзæджы
райгæ,
рæвдаугæ
рæдаумæ.
Зæхх
хуры сырх хъарм
æмæ уæлдæфы цъæх æхцон
ныхъхъуыры
Уæлæмæ ивæзынц,
цæуынц уæлæмæ
кæрдæджы æрцытæ
Цъæх ахорæн
зæххæй
бæлæсты цъуппытæм
сбыры,
Се 'хсæн –
дидинæфтауджытæ –
хыхæмбæрзт чындзытæ.
Фæхстæ худынц
дæтты æрвирд,
æрттивгæ худтмæ,
Алфамбылай байдзаг
цъиуты цъæх уастæй.

Цъититæ – урс æрсытæ –
уалдзæджы рæсугъдмæ
æмæ тайынц,
тайынц сæхимид
йæ уарзтæй.

МИТЫ ÆФСÆРМ

Æрдæгæхсæв æруарыдтæн,
æрдæгæхсæв æрцыдтæн сахармæ,
Райсом
мæ урсæй
бæстæ æмæ адæмы зæрдæ
срухс.
Сабитæ мыл,
цыма сыгъдæг гæххæттыл,
цыдысты сæ ахуырмæ,
Уыдтæн
сабийы зæрдæйау
æгайнæг,
æнагайд,
урс.
Цыдысты мыл адæм,
цыдысты мыл цæрæгойтæ,
Цыма зæххыл
фыццаг фæзынæг
уæвæгойтæ,
Цыма кодтой
фыццаг къахдзæфтæ,
уагътой мыл
фыццаг фæдтæ,
Фыстой мыл
сæ фыццаг дамгъæтæ,
сæ фыццаг уынаффæтæ.
Цард мыл фыста йæхи
бархийæ,
æхсыэгонæй,

Фæлæ рæстæг цыди –
чъизи мыл схæцыд,
сбадти мыл сæг,
Асфальт
схъулæттæ кæны йæхи
ме змæст, фыдхуыз донæй.
Къæхтæ
мæ иувæрсты хизынц,
нæ лæууынц хæстæг,
Мæ иувæрсты хизынц,
æвæццæгæн мыл
нæ барвæссынц,
Мæ чъиллон
гæххæтты бызгъуыртæ
фыссынæн нал бæззынц...
Нæ,
цæуын хъæуы, –
куыд лæууон афтæмæй? –
Худинаг у
арвæй,
бæлæстæй,
адæмæй.

ХОХАГ ЭТЮД

Хъæуæй
æрхаста æмуырдыг
дурджын къул, сыгъдуырыд,
Цыма иыл нывгæнæг æруагъта
къæдз-мæдзытæ ххх –
Иу къахвæндаг
хъæуæй дæлæмæ
суадоны цурмæ æрбырыд,
Суадоны ныббырыд, –
куыд æхцон у, ахх!

Ӕмæ схæрд кодтой устытæ,
улæфы сыл уæлдæфы сатæг,
Сæ цæнгтæ, сæ зæнгтæ
хурсыгъдæй – сау,
Схæссынц, схæссынц сæ уæхсчытыл
сындæггай, цадæг
Йедзаг ведратæ –
æрттиваг
æмæ уæззау.
Цыргъ дуртæ дæ къæхты ныхсæнт,
комхæлиуæй дæм
кæсæнт хауæнтæ, –
Фæлмасыл æхсар,
æхсарыл фæлмас æфтау.
Сæ фæрсты
дуркъулыл
незаманæй цæуынц сæ ауæттæ,
Цæуынц
фыццагон,
хъæддаг лæджы нывтау.
Рагъæй ракæсынц дæлæмæ.
Сæ цæстыты хъазынц рухс тынтæ,
Дæле баззайы сæ зын,
цыма уыд раджы, кæддæр.
Ӕрвыл бон дæр
ацы хæрд
къорд хатты басæттæг
устытæ
Слæууынц
хохаг хуыцæуттау
хохы сæрмæ,
хохæй уæлдæр.

***

Уой, Хазби,
дыууæ доны астæу
дæ мæлæт цæудзæнис,

Дæ мад дыл,
йæ дзыккутæ тонгæ,
хъарæг кæндзæнис.
Уой, дæ фыны йæ
куыд базыдтай
уæ сау хъуджы
уастæй?..
Уой, дыууæ доны астæу
æви дыууæ дуджы астæу –
Иу дзы куы фæмæлы,
иннæ куы фæгуыры, уæд
Цæхгæр куы слæууы:
кæнæ – сæрибар,
кæнæ – мæлæт!
Уой, мæ Ир,
дыууæ дуджы астæу
дæ мæлæт цæудзæнис,
Нæ хур дыл,
йæ дзыккутæ тонгæ,
хъарæг кæндзæнис.
Уой, хурæй, дам, равзæрдыстæм,
йæ хъæбултæ уыдыстæм,
Уой, хур ныл нал кæсдзæн,
нал æй уындзыстæм.
Уой, Хазби,
æви раст нæ дæн,
æви афтæ нæу?
Уой, хуымæтæджы,
хуымæтæджы нæ
фæрсын дæу.
Ӕви дыууæ дуджы астæу
ныллæууæм
уæнгвидар, ныфсвидар:
Уой, мæ Ир, мæлæт нæ,–
сæрибар,
сæрибар!

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат

ЦЫРГЪЗОНД ХЪУЫДЫТÆ

● Цы у гоймаг? Хъуыдытæ (сагъæстæ) æмæ æнкъарæнты комплекс (дзыгуыр).

● Мæ ингæны уæлæ цъæх-цъæхид кæрдæг –
Æнæмæлгæ цардæн æвдисæн.

● Дæ рæсугъд (дæ фидауц) у тыхджын, тынг тыхджын, фæлæ уæддæр мæ уарзт у тыхджындæр.

● Поэзи у сфæлдыстады иууыл зындæр хуыз, уымæн æмæ хъуамæ ма уа рæстæмбис, хъуамæ алкæддæр уа иттæг хорз.

● Адæймаг – уый у аивадæн йæ сæр (йæ райдайæн), йæ цъупп (йæ бæрзæнд) æмæ йæ кæрон.

● Хорз эстетикон адæнкъарынад æрдзæй рахæсгæ нæу, – уый равзæры, бирæ аивадон уацмыстæ куы кæсай, куы сæ ахуыр кæнай, дæ зæрдæмæ сæ куы хæссай æмæ куы исай, уæд. Æрмæст уыцы аивадон уацмыстæ хъуамæ уой хорз, æнæлаз дæсныйадæй æххæст. Адæмы эстетикон хъомылады проблемæ æмæ аивадон дæсныйады проблемæ – адон сты иу проблемæ.

● Исты ногæй куы ссарай, ногæй куы зæгъай, уæд æй фæлхат ма кæн, ныууадз æй, ферох æй кæн. Агур æндæр исты, зæгъ æндæр исты ногæй.

● Афтæ чи зæгъы, зæгъгæ, æмдзæвгæтæм куы хъусын, уæд сæ не 'мбарын, уый раст нæу (чи зоны, сайынæн, æфсонæн фæзæгъы афтæ). Поэзи уымæн» у поэзи, æмæ йæ хъуам, хъусгæйæ, æмбарай.

● Нарты кадджытæ сты дзæвгар адæмтæм. Кæд иу адæмæй апырх сты, бафтыдысты иннæтæм, уæддæр уыдон мах кæрæдзийы ныхмæ ма хъуамæ кæной, нæ быцæутæ хæрам ма 'взæрын кæной: уыдон фыдæлтæй фæстæмæ сты нæ иугæнæг, не 'нгомгæнæг æмæ нæ ныраей фæстæмæ хъуамæ тынгдæр иу æмæ æнгом кæной.

● Дæсныйад цы у? Ритм хъуамæ æнкъарай, дзырды ад æмæ хуыз хъуамæ хатай, йæ ран, йæ бынат ын зонай, кæм хъæуы, уым хъуамæ æрлæууай, кæм нæ хъæуы, уым хъуамæ дарддæр цæуай... Дæсныйад куы цæуа æрмæст уазал сæрæй, уæд рацæуы уазал æмдзæвгætæ. Куы цæуа интуициимæ, мидæзмæлдимæ, уæд – хъарм, монцджын æмдзæвгætæ.

● Лирикæ, дам, у поэзийы мад. Бирæтæ лирикæйыл нымайынц æрмæст интимон æнкъарæнтæ. Лирикæмæ хауынц æнкъарæны æппæт хуызтæ дæр, æппæт фæлтæртæ дæр.

● Ирон уæвгæйæ, Ирыстоны тыххæй, ирон æвзаг, литературæ, истори æмæ æндæрты тыххæй иронау чи нæ фыссы, уыдон ирон æвзагыл нæ дарынц сæ зæрдæ, нæ сæ уырны йæ цæрдхъом, йæ абон æмæ йæ фидæн.

● Поэт æрвылхатт дæр хъуамæ фысса, афтæ дзура, цыма нырттæккæ мæлгæ кæндзæн æмæ ма фыссы, дзуры фæстаг хатт (йæ иууыл ахсджиагдæр, æргомдæр, растдæр ныхæстæ).

● Гафез куыввта фысджыты тыххæй:
– Курдиат кæмæ ис, уыдон уæлдай фылдæр фæцæрæнт. Иннæтæ дæр цæрæнт, фæлæ... Курдиат кæмæ ис, уыдонæн Хуыцау бирæ цæрæнбонтæ, бирæ кусæнбонтæ раттæд! Мæ азтæй дæр сæм бафтауæд!

● Мад хъæбул ныййары канд йæхицæн нæ, фæлæ æмткæй адæмæн дæр. Уымæ гæсгæ ахæм мады уарз дæхи мадау.

● Искуы ме 'взагæй хыыджылæг куы кæнынц, худгæ йыл куы кæнынц, фидис ын куы кæнынц, æнæрвæссон ыл куы кæнынц, уæд йæ дзырдтæ, цыма тымбыл къухтæ, свæййынц уæззау æмæ хъæбæр æфсæйнаг дзæккортау.

● Арæх фехъусæм: зонд, дам, рацыд зæрдæйы ныхмæ. Кæнæ: зæрдæ, дам, зонды сæрты ахызт...

Æвæццæгæн, сæ иуæн се 'ннæмæй хицæнгæнæн, иппæрдгæнæн нæй. Истæй иыхмæ зонд æмæ зæрдæ рацæуынц иумæ, истæй сæрты ахизынц иумæ...

● Вæййы афтæ: иу рæстæджы цæрынц курдиатджын ныв-гæнджытæ А æмæ Æ. А-йы зæрдæмæ нæ цæуынц Æ-йы уацмыстæ, Æ дæр А-йæ мæнæ-мæнæ разы нæу. Фæлæ уый æппындæр нæ ныллæг кæны нæдæр сæ иуы нысаниуæг, нæдæр се ’ннæйы нысаниуæг.

● Аивады кæддæриддæр хъуамæ æнхъæлмæ кæсай – цæмæ? – чидæр зæронд формæтæ ног хуызы кæй равæрдзæн, уымæ, чидæр ног формæтæ кæй сфæлдисдзæн, уымæ. Æмæ уыдон куы уой уырнинаг, дуг æмæ нывгæнæджы æвæлхатт «æз»-æн аккаг æмæ æмбæлон, уæд сæ райсдзæн аивад, райсдзысты сæ адæм.

Чидæр раст загъта: аивады арæнтæ – адон сты мидбынаты цоп-пайы хуызæн. Æддæмæ сæ хиз, сæтт сæ, уæрæх сæ кæн, ив сæ!

● Базары хъæр кæнынц æрмæст ахорæнтæ (дыргътæ, халсæрттæ æмæ æндæрты хуызтæ), адæм сæхæдæг сты сабыр, мадзура.

● Уацмысы формæ нæу къандзол кæнæ хæдон, нæ йæ райсдзынæ дарæсæвæрæнæй. Формæ гуыры мидисæй æмæ мидисимæ иумæ, уымæн æмæ мидис уæвынад кæны формæйы мидæг.

● Алы æвзагæн дæр ис йæхи дзырддзæуæнтæ, йæхи дзырдулæфæнтæ, йæхи фæтк æмæ фидауц, ома йын ис йæхи уæнгты конд, йæхи змæлынад æмæ зæлынад. Поэзийы (æмдзæвгæамады) йын хъуамæ фадат раттай, цæмæй бархийæ айваза йæ уæнгтæ, сулæфа йе риуæмбæрц, куыд ницы йæ хъыгдара, æлхъива, тыхсын кæна, афтæ. Ахæм æмдзæвгæамад, ахæм поэт ын уыдзысты йæ туг æмæ йе стæг.

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

1945–2020

ГЕРИТЫ Петр,
ТЪЕХТЫ Тамерлан

ХÆСТОН ÆМÆ ДУРВÆЛГОНЦГÆНÆГ

Дзанæгаты Чермен

Сывæллоны бонтæй фæстæмæ фæхайджын Дзанæгаты Чермен дурвæлгонцгæнæг-скульпторы курдиатæй. Райгуырæн хъæу Джима-райы æмæ иумæйагæй Дæргъæвсгомы алæмæттаг æрдзы уындæй кæд нæ бафсæст – бинонтæ уайтагъд цæрынмæ рацыдысты быдырмæ, Фарныхъæумæ, уæддæр ын йæ зæрдæйы байтыдтой сфæлдыстадон тырнæнты нæмгуытæ. Къухæй дæсны уыд йæ фыдыфыд дæр – хъæдæй уидгуытæ, къоппатæ кодта, æмæ йæм æдзух каст. Гъе, уыдæттæм гæсгæ йæм фæзынд фæстæдæр дурты уд уадзыны фæнд. Растдæр зæгъгæйæ та, сæ мидæг цы фæлгонцтæ «æмбæхст ис», уый иртасын, зæрдæйы «æмбæхст цæстытæй» сæ уынгæйæ. Уый фæстæ – удуæлдай къухвæллой, æмæ мæнæ дисы æфтауæг сурæттæ «рацыдысты» дзыллæйы размæ, се сфæлдисæджы ном æнусон кæнгæйæ.

Скъоламæ нæма бацыд, афтæмæй снывæзта æлыгæй йæ фыццаг æфсургъ, уый фæстæ йын æнæхъæн рæгъау баисты. Йæ фыд Уырызбег

ахæм хуызы фæлтæрæнтæй мæнæ разы нæ уыд, лæджы аккаг митыл сæ нæ ныматда, фæлæ йæ дыууадæсæм сывæллоны курдиат афтæ ирд разынд, æмæ йæ ахуырмæ фæхуыдтой Ленинграды аивæдты академийы цур скъоламæ.

Хъуыддаг нæ сырæзт, фæлæ тырнæнтæ нæ бамынæг сты. Куыддæр скъола каст фæци, афтæ Дзанæгаты сæрæнгуырд рацыд Дзæуджыхъæумæ æмæ бацагуырдта Нывгæнджыты æмхæларад (уæд сфæлдыстадон цæдис афтæ хуынд). Уым ын зондамонджытæ фæци, æмæ, Терчы был бадгæйæ, æрдзы нывтæй йæ дæсныйад æхсидын байдыдта.

Уæдмæ æрцыд Одессæмæ аивадон училищемæ фæлварæнтæ дæттынмæ цæуыны рæстæг. Абалц кодта æд куыстытæ йæ дыууæ æмбалимæ. Фæлварæнтæ радта хорз æмæ сси студент. Цымыдисаг уый уыд, æмæ фыццаг хъавыд нывгæнынады хайадмæ бацæуын, кæд æй скульпторты архайд дæр тынг цымыдис кодта, уæддæр. Æмæ уæд йæ барджын ныхас загъта профессор Отто Тернер: «Ацы лæппуйы курдиат скульптурæмæ здæхт у, æмæ хъуамæ уыцы хайадмæ бацæуа».

Фесты ахуыры азтæ, æмæ ныр, æфсады баслужбæ кæныны фæстæ, не 'мзæххон хъуамæ бацагуырдтаид æрмадз йæхиуыл кусынæн. Æфсæддоны дарæс скодта 1940 азы фæззæджы, Львовы æмæ, сержантты скъола каст фæуыны фæстæ æрвыст æрцыд 6-æм æфсады 12-æм хицæн прожекторон полчъы рæнхъытæм. Бæргæ, сабырдзинады дуджы рæстæг рæвдз тахтаид æмæ сфæлдыстады тыхы бар йæхи бакодтаид, фæлæ… 1941 азы 22 июны сæумæрайсом полкъ фæдисæй растын кодтой Перемышлы бынмæ сæрдыгон лагерæй. Уымæй цалдæр сахаты фæстæдæр сын сæ бынатæй дур дурыл нал ныуугъта немыцы авиаци. Ныддаргъ сты хæстоны фæндæгтæ… Чермен йе 'мбæлттимæ æмбылды кодта карз тохты, хауд æрхъулайы, тырныдта фæстæмæ нæхи, советон æфсæдтимæ баиу уæвынмæ. Фæстæдæр сержант Дзанæгайы-фырт хæцыд 15-æм æхсæг бригады, 1943 азы уалдзæгæй фæстæмæ та – 354-æм æхсæг дивизийы 1199-æм полчъы. Хæцыд Курскыл тохы, уæгъд кодта Белорусси æмæ Польшæ, ахызт Вислæйы сæрты, басаста Гданьскы æмæ Кенигсберджы фидæрттæ… Хæст ын фæци

1945 азы 6 майы Германы цæгатаг хайы Балтийаг денджызы был. 9 майы та 354-æм Калиниковичы Ленины æмæ Суворовы орденты Сырх Тырысайы æхсæг дивизийы хæстонтæ æрлæууыдысты рæнхъæй æмæ байхъуыстой И.В. Сталины сидтмæ советон адæммæ. Æрцыд, хæсты æппæт 1418 боны дæргъы алы салдат дæр цы Уæлахизмæ æнхъæлмæ каст, уый. Алкæй нæ фæци æвдисæн ын суæвыны амонд, бирæ æмтохгæнджытæ æмæ хæлæрттæн бахъуыд фæстаг хæрзбон зæгъын старшина Дзанæгаты Чермены дæр. Йæ риуыл æрттывтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 1-аг æмæ 2-аг къæпхæнты ордентæ, Сырх Стъалыйы орден, «Æфсæддон сгуыхтыты тыххæй» æмæ Жуковы майдантæ, уыдис æм Сæйраг Командыгæнæг И.В. Сталины номæй 15 арфæйы гæххæтты.

Дзанæгаты Чермен Тауаситы Сослæнбегимæ

Афæдзæй фылдæр ма бахъуыд æвзыгъд хæстоны æфсады рæнхъыты уæвын, æмæ æрмæстдæр 1946 азы июлы сæмбæлд Ирыстонмæ. Беслæны поездæй æрхызт æмæ фистæгæй фæцагайдта Фарнмæ. Бахоста сæ хæдзары дуар, рацыд йæ мад æмæ йæ… нæ базыдта, уымæн æмæ йæ авд азы нæ федта. Фыд, хъыгагæн, уæдмæ æгас нал уыд. Колхозы кусгæйæ, йæ хъæуккæгтимæ Беслæнмæ бæхтыл нартхор куыд ласта, афтæ сыл знаджы хæдтæхæг йæхи андзæрста, æмæ Уырызбег мæлæтдзаг цæф фæцис.

Хæсты хабæртты тыххæй Чермен уыйас ницы дзырдта, фæлæ уæддæр ахæм мысинаг баззад: «Вислæйы нæм æрбарвыстой бынтон

Дзанæгаты Чермен йæ фырттæ Зауырбег æмæ Виталиимæ

æрыгон лæппуты, топпыхосы тæф æппындæр чи нæма банкъардта, ахæмты. Сармадзанты хъæр куы стынг, уæд фæтарстысты æмæ алырдæмты лидзæг фесты. Æрбамбырд æмæ сæ басабыр кодтам. Амыдтам сын, акъоппы куыд æмбæхсын хъæуы, æхсын кæд æмбæлы, æппæт уыдæттæ». Ацы цыбыр цауæй дæр бæрæг у Чермен æмæ уый хуызæн Уæлахизы салдæтты зæрдæйы ахаст. Сæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, уыцы тæссаг уавæрты дæр аудыдтой кæстæртыл, æмбарын сын кодтой, æрмæст æмзондæй кæй ис æгъатыр знагæн ныххъуырд дæттæн…

Фыдæвзарæнтæ ахицæн сты, лæппу сси Нывгæнджыты æмхæларады уæнг æмæ кæдæй-уæдæй хæцæнгарзы бæсты йæ къухтæм райста сарт æмæ дзæбуг. Скульпторы дæсныйад æхсидын байдыдта, Терчы был ныры Музыкалон театры бынаты цы скульпторты æрмадзтæ уыд, уыдоны. Цард-цæрæнбонты йæ йæ куысты сæйрагдæр цы цымыдис кодта, уый тыххæй ссæдз азы размæ, йæ 80 азы юбилейы бонты, поэт æмæ журналист Цомайты Ростиславæн афтæ дзырдта: «*Ныфсджын, хъаруджын чи у, иудадзыг царды хорздзинæдтыл чи мæт кæны, ахæм адæймаджы фæлгонц куы саразын, уæд ма уымæй æхсызгондæр цы уа? Ног тыхтæ райсын, фæрайгонддæр вæййын, мæ куыст адæмы*

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг Дзанæгаты Чермены райгуырдыл ацы аз æххæст кæны 100 азы. Йæ уды фарн, Хуыцауæй лæвæрд курдиат æмæ арæхстдзинадæй Чермен Ирыстоны аивадмæ бахаста стыр æвæрæн. Уæдæ æлыджы, дуры уд бауадзын алы хуызы скульптурæтæ дзы саразгæйæ йæхæдæг цардæттæгæй уæлдай нæу. Йæ къух цы сфæлдыстадон куыстытæм фæхæццæ, уыдон иууылдæр сты æнусон. Йæ конд бæхтæ, раст цыма, Хуыцау йæхæдæг сфæлдыста, уыйау – алцыххæст. Хæстон лæг, курдиатджын нывгæнæг, куырыхон хистæр, зæрдæхæлар адæймаг – ахæм уыд царды, ахæмæй баззайдзæн адæмы зæрдæты.

Ирыстон Уæрæсеиимæ баиуы 200 азы бонмæ конд цыртдзæвæн
Автортæ: Дзанæгаты Чермен, Санахъоты Сергей æмæ Цæрикъаты Мæирбег



Плиты Иссæ

Хабархæссæг

Ирон сылгоймаг

Дзæрæхохты Хадзы-Мурат

Академик Берозты Темырболат

Салават Юлаевы номыл цыртдзæвæн лæууы Уфайы. Йæ автор у Тауаситы Сослæнбег.

Æххуыс ын кодта Дзанæгаты Чермен

Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номхæссæг 13-æм скъолайы «Талатæ» байгом 2005 азы. Скъолайы директор у Сæлбиты Иринæ. Къордæн разамынд дæтты эстетикон центр «Сфæлдыстад»-ы уæлæмхасæн ахуырады кусæг Танделаты Розæ. Къорды нысан у фæлтæрты бастдзинад, ирон адæмы царды уаг, рагон кусæнгæрзтæ, æгъдæуттæ, хабæрттæ сывæллæттæн базонын кæнын. «Æз æй дæуæн амонын, ды та йæ дæ алыварс адæмæн бацамон» – къорды девиз. Йæ архайдмæ гæсгæ Уæрæсейы дыккаг ахæм къорд нæй. Арæх вæййынц республикон æркæстыты æмæ фестивальты суанг нæ бæстæйы алы горæтты дæр æмæ сын скæнынц уæлдæр аргъ.

Къорды архайджытæн арæх вæййы фембæлдтæ Ирыстоны зындгонд адæмимæ, нæ куырыхон хистæртимæ, фысджытимæ, аивады архайджытимæ. Кусынц сæрмагонд программæмæ гæсгæ. Цыбыр рæстæгмæ сæхи равдыстой хъæппæрисджынæй.

Сæ æнтыстытæ сты цины хос канд ирон адæмæн нæ, фæлæ сæм фæрсырдыгæй чи бакæсы, уыдонæн се ппæтæн дæр.

Ирон æвзаджы бæрæгбон Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы

Ирон æвзаджы бæрæгбон

Алдымбыд кæнын

Равдыст «Хиконд»-ы гыццыл Ланæ дæтты мастер-класс пирынæй

Хуссайраг æлвыст къусыл

Ахеджиаг фембæлдтытæ

Кау бийын дæр зонæм

Фæтдзæгъдæнæй куыст

Зарæггæнджыты къорд «Уацамонгæ»-йы архайджытимæ

Сочийы цæрæг ирон сывæллæттимæ

Уазæгуаты национ телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы

Хъулæй хъазт

Фæхтæй хост хъæбæрхор задынæн

Бæгæныйæн хуымæллæг æвзаргæйæ

Æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы уæнгтимæ фембæлд

зæрдæмæ куы фæцæуы, уæд. Æрдз йæхæдæр дæр рæсугъд у, фæлæ ма йæ скульптурон куыстæй ноджы фæаивдæр кæн, уæд уый æхсызгон хъуыддаг нæу? Мæ куыстытæй иуцалдæр æвæрд сты нæ горæтты æмæ хъæуты фæзты, уынгты, скверты. Иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдысты нæхи республикæйы, Хуссар зонæйы, Æппæтуæрæсеон, Æппæтцæдисон ахсджиаг равдыстыты. Нæ бæстæйы зынгæдæр равдыстытимæ абалц кодтой фæсарæнтæм дæр – Болгаримæ, Польшæмæ, Германмæ».

Æвæджиауы фæлтæрддзинад райста æрыгон скульптор йæ номдзыд æмзæххон Тауаситы Сослæнбегæй. Хæсты фæстæ афæдз йеддæмæ нæма куыста, афтæ сси республикон равдысты архайæг, æмæ йыл йæ цæст уым æрæвæрдта. Сфæлдыстадон æмгуыстад райдыдта – фондз азы дæргъы Чермен уыд Мæскуыйы, æмæ Тауасийы-фыртимæ куыста Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæныл. Дзæуджыхъæуы, Ирон театры размæ фæзы йæ кадджын уавæрты байгом кодтой 1955 азы 16 январы.

Сывæллонæй Дзанæгайы-фырт æлыгæй фыццагдæр бæх сфæлыста, æмæ йын уый фæстæ дæр уæлдай хорз бæхты фæлгонцтæ уадысты. Уый æнæ бафиппайгæ нæ фæци йæ хистæр зондамонæг, æмæ йæ фæхуыдта башкирты адæмон хъайтар Салават Юлаевы цыртдзæвæныл бакусынмæ дæр. Æмтгæй райсгæйæ, уæдмæ сцæттæ, фæлæ ма егъаудæргæнинаг уыд, æмæ йыл æнтыстджынæй бакуыстой. Дæс метры бæрзæндæн монумент байгом Уфайы 1967 азы 17 ноябры, æмæ уæдæй фæстæмæ йæ кой вæййы советон скульпторты сфæлдыстад иртасынимæ баст куыстыты фылдæр хайы. *«Сослæнбегæй бузныг дæн. Исты сфæлдыстадон хъуыдыйыл-иу куы фæхæст, уæд-иу мын йæ сусæгдзинæдтæ раргом кодта. Кæддæриддæр куыстам иумæ, æмæ йын хорз æмбæрстон йæ хъуыдытæ»,* – бирæ азты фæстæ мысыд Дзанæгаты Чермен.

Йæ райгуырæн бæстæмæ сыздæхт 1952 азы æмæ та балæууыд, хорз цы хъуыддагмæ арæхст, ууыл – историон цаутæ хицæн номдзыд адæймагимæ бæттыныл. Уый фæрцы уадысты йæ уацмыстæ аивдæр, уырнинагдæр. Афтæ фæзындысты скульптурæтæ «Киров сырхгвардионтимæ», «Киров æмæ Орджоникидзе», «Дзæрæхохты Хадзымурат уæлбæхæй».

Уый фæстæ сарæзта мидхæсты хъæбатыр Дзæрæхохты Хадзымураты, æрхъуыдыгæнæг Гасситы Викторы, Ирыстоны карджындæр колхозон Созанаты Гадæгкойы, зындгонд хирург Дзылыхты Иваны сурæттæ. Хъуыдыджын цæстæнгастæ, царды фæлварæнтæ гутоны арф ауæдзтау – сæ цæсгæмттыл. Фæлæ уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фæйнæхуызон, рохгæнæн кæмæн нæй, ахæм фæлгонцтæ, сæ æхсардзинад, фæллойадон сгуыхтытæ сын æвдисæг хъæздыг миддунеимæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хæсты фæндæгтыл ацæуæг скульптор нæ ахызт, фашисттыл чи фæуæлахиз, уыцы советон адæмы сгуыхтдзинады рæзты. Дæс азы куыста райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæ цард раттæг хæстонты æртæ цыртдзæвæныл, æмæ ХХ æнусы 70-æм азты æвæрд æрцыдысты Æрыдоны, Къостайыхъæуы (æмавтор – Цæрикъаты Мæирбег) æмæ Мæздæджы (æмавтортæ – Санахъоты Сергей æмæ Цæрикъаты Мæирбег). Баиу сæ зæрдæйы рыст æдзард сæрибаргæнджытыл æмæ зæрдæйы цин, сæрибар цард кæй æрцыд, ууыл.

Уый фæстæ алы азты фæзындысты ССР Цæдисы адæмон артисттæ Тæбæхсæуты Балойы æмæ Дудараты Вероникæйы скульптурон портреттæ, ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къостайы, зындгонд фыссæг Мамсыраты Дæбейы æмæ ма бирæ æндæрты сурæттæ. «Нывгæнæг уыцы иухуызон тыхджын æмбары фыссæджы, артисты, дохтыры, хуымæтæг колхозоны миддуне æмæ хорз арæхсы уыдонæй алкæйы фæлгонц дæр аив ахорæнтæй сфæлындынмæ… Лыстæг ахорæнты фæрцы раргом кæны йæ хъайтары æцæг миддуне. Сфæлдыстадон куыст бæрнон хъуыддаг у. Уый бирæ домы. Уым æвзыгъд, курдиатджын адæм хъæуынц. Дзанæгайы-фырт цыд йæхи фæндагыл. Уый уарзта æмæ уарзы йæ хъайтары, комкоммæ йын кæсы йæ зæрдæмæ, сбæрæг ын кæны йæ миддуне, йæ цæстæнгас цардмæ æмæ йын æрмæст уый фæстæ бавналы йæ фæлгонц аразынмæ. Æмæ йæ уацмыстæ афтæ зæрдæмæхъаргæ уымæн рауайынц, адæм сæ бирæ уый тыххæй бауарзынц», – ахæм хатдзæг кæны Цомайты Ростислав.

Ныййарæг йæ хъæбултæй иуы дæр нæ ауæлдай кæндзæн, æмæ

Черменæн дæр йæ куыстытæ иууылдæр йæ зæрдæйæн зынаргъ уыдысты. Фæлæ уæддæр сæйраг сфæлдыстадон æнтыстыл нымадта, Ирыстон Уæрæсеимæ кæй баиу, ууыл 200 азы сæххæсты кадæн арæзт монумент. Йæ сæвæрыны уынаффæ республикæйы разамынд рахаста 1974 азы декабры, сæрмагонд конкурсы уæлахиздзау та 25 скульпторы 'хсæн сси Дзанæгаты Чермен. Лауреат йæхимæ æрбахуыдта Санахъоты Сергейы æмæ Цæрикъаты Мæирбеджы. Æхсæз азы фæкуыста сфæлдыстадон къорд уырыссаг æмæ ирон адæмы хæлардзинад æвдисæг дыууæ барæджы скульптурæйыл. Уыдонæй цыппар азы Дзанæгайы-фырт уыд Ленинграды, уымæн æмæ цыртдзæвæн уым сæрмагонд заводы цæттæгонд цыд. 1982 азы 24 апрелы кадджын уавæрты байгом Дзæуджыхъæуы. Сæ иумæйаг фидæнмæ ныфсджынæй кæсæг дыууæ барæджы Баиудзинады фæзы районы адæмы 'хсæн ныр дæр хонынц «бæхты цур бынат». Уæвгæ та бæхты фæлгонцтæ скульпторы æрмадзы дзæвгар баззад, æмæ хорз уаид, фидæны алайнаг культурæйы музейы кæнæ нæ горæттæй искæцыйы хидтыл куы сфидауиккой, уæд.

Æдæппæт УСФСР-йы адæмон нывгæнæг, ЦИ АССР-йы аивæдты сгуыхт архайæг, Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы сæрдар 1954-1967 æмæ 1991-1993 азты, ССР Цæдисы Нывгæнджыты цæдисы правленийы уæнг æмæ уыцы стыр организацийы фондз съезды делегат у 150 куыстæй фылдæры автор. Йе 'фсæддон хæрзиуджытыл ма бафтыдысты фæллойадонтæ – «Кады нысан»-ы дыууæ ордены, ССР Цæдисы Министрты Советы, ССР Цæдисы æмæ УСФСР-йы Нывгæнджыты цæдисы Кады гæххæттытæ, Уæрæсейы аивæдты академийы сыгъзæрин майдан…

Ацы аз Уæлахизы боны хæдразмæ 100 азы кæй райгуырдыл æххæст кæны, уыцы стыр курдиаты хицау æмæ парахатзæрдæ адæймаг йæ цардæй ахицæн 2015 азы. Йæ фарны хъуыддæгтæ йын куыд скульпторт æмæ æхсæнадон кусджытæ дæрддæр хæссынц йæ фырттæ Витали æмæ Зауырбег. Дзæуджыхъæуы æфсæддон намысы мемориал саразыны тыххæй Дзанæгаты Зауырбег хорзæхджынгонд æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Хицауады премийæ.

«Æмткæй куы райсæм, уæд Иры нывгæнджытæ кæддæриддæр уыдысты раззагдæрты æмрæнхъ. Ныртæккæ дæр нæм бирæ æрыгон, курдиатджын фæсивæд ис. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдонæй алчидæр агуры йæхи фæндаг, йæхи æрмдзæф аивады. Уый æвзæр хъуыддаг нæу. Фæлæ фылдæр уæвын хъæуы æрдзы хъæбысы, адæмы 'хсæн. Уæд дæм æвзæрдзæн фылдæр æнкъарæнтæ, фылдæр хъуыдытæ. Науæд бирæтæ се 'рмадзты сбадынц æмæ цыдæр æнахуыр уацмыстæ фæлындыныл фæархайынц. Адæм дæ куы нæ æмбарой, уæд кæмæн ныв кæныс? Стæй реализм аивады никуы базæронд уыдзæн. Хуымæтæджы не 'мбырд кæнынц адæм Луврмæ, Эрмитажмæ... Аивадмæ, культурæмæ хъæуы фылдæр æргом здахын. Нывгæнджыты фылдæр хай официалон æгъдауæй никуы кусынц, æрмæст – се 'рмадзты. Сæ куыстытæ равдисынæн сын фадат нæй. Фыццаджы хуызæн нал ис равдыстытæ. Стæй, цæмæй Мæскуымæ дæ куыст аласай, уый тыххæй хъæуы бирæ хæрдзтæ. Æмæ дзæвгар уацмыстæ зæфцы фыдæй æрмадзты лæзæрынц», – скульпторы ацы сагъæстæ хъуыдыйаг сты абоны разамонджытæ æмæ ног фæлтæртæн дæр. Сæ авторæн йæхи та, куыд адæймаджы æмæ йæ куысты дæсныйы, æвдисынц йе 'мхъуыдыгæнджыты мысинæгтæ (ист сты Андрей Донченкойы арæзт чиныг-хуызистыты альбом «Дуджы скульптор»-æй («Скульптор эпохи», рацыд Дзæуджыхъæуы 2015 азы).

Хорз уаид, Дзанæгаты Чермен цы хæдзары цард, ууыл нывгæнæджы сæдæ азы бонмæ мемориалон фæйнæг куы бакæниккой, уæд. Уымæй æвдыст æрцæуид нæ ахастдзинад йæ рухс номмæ.

ЦÆРИКЪАТЫ Мæирбег, РЦИ–Аланийы адæмон нывгæнæг:

– Черменимæ фыццаг хатт сæмбæлдыстæм 1952 азы. Уæд Мæскуыйы аивæдты институты ахуыр кодтон. Æрбацыд мæм хæрзконд æмæ аив æрыгон лæппу, загъта, цæгатирыстойнаг скульптор кæй у. 1964 азы Ирыстонмæ сыздæхтæн. Уæд Дзанæгаты Чермен уыд республикæйы Нывгæнджыты цæдисы сæрдар æмæ мæ уайтагъд

Аивадон фондмæ куыстмæ фæхуыдта. 60 азæй фылдæр иумæ куыстам æмæ хæларæй цардыстæм. Æппæт уыцы рæстæг æвдисæн уыдтæн йе сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон архайдæн, уыдтон æй алы уавæрты æмæ йын мæ бон у алывæрсыгæй аргъ кæнын. Æмæ зæгъын, æххæстæй хайджын кæй уыд нывгæнæгæн хъæугæ сæйраг миниуджытæй – курдиат æмæ куыстуарзондзинадæй.

ХАЙТЫ Владимир, РЦИ–Аланийы адæмон нывгæнæг:

– Фыццаг хатт æй федтон 1948 азы мæ мадыфсымæр, скульптор Санаты Барисмæ. Ныхъхъуыды кодтон, нарт Сосланы фæлгонц кæй нывæзта. Йæ алы фезмæлд дæр уыд уырнинаг, æнхъæвзта эмоцитæй, æмæ адæймаг æмбæрста: Сослан хъуамæ æрмæстдæр ахæм уа – æхсарджын, æцæг хæстон, райгуырæн зæхх хъахъхъæнæг… Чермен мын тынг фæахъаз скульптурæйы арæзт бамбарынæн. Уый мын сси æцæг зондамонæг æмæ хистæр æмбал.

ДЗБОЙТЫ Михал, РЦИ–Аланийы адæмон нывгæнæг:

– Йæ ном ын фыццаг хатт фехъуыстон, скъоладзау ма куы уыдтæн, уæд, æмæ йæ нымадтон Мамсыраты Дæбейы, Цæгæраты Максимы, Тæбæхсæуты Балойы, Дзанайты Азанбеджы, Ирыстоны иннæ иузæрдион хъæбулты æмрæнхъ. Ныр дæр мын дызæрдыггаг нæу, нæ республикæйы цæсгом, йæ кад æмæ намыс уыдоны хуызæн адæм кæй сты. Кæйдæрты дзы, уыимæ хæстон æмæ скульптор Дзанæгаты Черменыы дæр уый фæстæ хæстæгмæ базыдтон æмæ мæхи тынг амондджын хонын. Нæ царды аивадон азфыссæг уыдон сты, æмæ сæ кæстæртæ дæнцæг хъуамæ исой…»

ÆМГАРЫ МЫСГÆЙÆ

ЦОМАЙТЫ РОСТИСЛАВ: 60 АЗЫ

(1960 – 2015)

КУЫВД

О, Стыр Хуыцау,
Фыдрæстæгæй нæ бахиз.
Нæ чысыл Ирыл
Ма рауадз фыдæх.
Куыд уой йæ фырттæ
Алы ран уæлахиз,
Куыд уа æнустæм
Амонддзын йæ зæхх.

Мæ Ирыстонæн
Ма фесæфæд йе 'взаг,
Мæ Ирыстоныл
Ма рацæуæд зæй.
Æдзæттæйæ нæ
Ма феййафæд не знаг,
Нæ кæрæдзийы
Мауал кæнæм уæй...

О, Стыр Хуыцау,
Лæгъстæгæнгæ дæм кувæм:
Нæ рыст дзыллæйæн
Нарты ныфсæй ратт.
Нæ байзæддæгтæн
Царды хæрзтæ курæм,
Ирыстонæн та –
Намыс æмæ Кад!

АВДÆНЫ ЗАРÆГ

Азæмæтæн

О, мæ хъæбул,
Ахуысс, цæй,
Акæн, акæн
уал фынæй.
Фыны ды
фæкæныс худгæ,
Стъалытимæ
дзургæ, дзургæ.
Тæрхъусты
фæуыныс ды,
Уартæ хинæйдзаг
гæды...
Мæнæ фесхъиудтай
дæ фыны,
Чи зоны дæм
мыст фæбыры,
Гъе та бирæгъæй
тæрсыс.
Уæд мæ гæбомæ
тæхгæ.
Ма кæн алцæмæй
тæрсгæ.
Акæн, акæн
уал фынæй,
Уалæ арвыл
ратылд мæй,
Уый дæм ныр
йæ дзæцц нықъулы,
Демæ цыма исты
дзуры...
О, мæ хъæбул,
Ахуысс, цæй,
Акæн
райсоммæ фынæй...

МИТ НÆ УАРЫ

хъазгæмхасæн

Арв йæхи лæмары,
Мит уæддæр нæ уары.
Базмæлы йæ дымæг, –
Цæй, кæм и нæ зымæг?

Арв æрныгъуылд тары,
Мит уæддæр нæ уары.
Кувæгау æнхъæлмæ
Мах кæсæм уæлæмæ.

Арв нæ маст æмбары,
Мит уæддæр нæ уары.
Мæй дæр æм æрхаты,
Мæйы дæр нæ хаты.

Арв нæ дисы дары,
Мит уæддæр нæ уары.
Арвмæ у нæ каст:
Айсаф нын нæ маст.

Арв фыр цинæй зары,
Мит уæддæр нæ уары…
Айс уæдæ дæ дымæг,
Нал нæ хъæуы зымæг!

РОМАНС

Дæ цæстытæй
Цы фæкæнон мæхи?
Куы мæ судзынц,
Куы мыл æфтауынц хин.

Сæ цъысымæй мын
Фервæзæн дæр нæй,
Мæ уаз уарзтыл та
Рацыдис фыдзæй.

Дæ цæстытæй
Кæм бамбæхсон мæхи?
Уæд мæ æфхæрынц,
Уæд æфтауынц цин.

Сæ иу бакастæй
Атайын фынау,
Сæ фæхъхъау уон,
Сæ фæхъхъау уон, Хуыцау!

Дæ цæстытæ сты
Сау денджызау арф,
Дæ цæстытæ –
Æгæрон дуне, арв.

Сæ узæлдæй
Æрыгас вæййын æз,
Сæ фæкаст у
Мæ цардыхос, фæрæз…

Дæ цæстытæй
Кæм бамбæхсон мæхи?
Куы мæ фæсудзынц,
Куы æфтауынц хин…

ЭПИТАФИ

Мæ фæндтæ баныгæдтон тары,
Нæ федтон рухс амонд зæххыл.
Ныр ме ‘цæг дунемæ тæхын.
Мæхи ма удхарæй цы марон?

Мæ фæндаг – дард æмæ æгæрон,
Æмæ йыл, оххай-гъе, хъæрзын.
Æнкъарын æз уæ рис, уæ зын,
Æрмæст уæм нал цæуын æмгæрон.

Æхсæв-иу стъалытæм кæсут,
Мæн дæр-иу бацагурут се ‘хсæн.
Уым рагæй бацардис мæ уд.

Мæхи уæлæрвтæй дæр æз фехсин,
Фæлæ тæрсын: у зæхх æнуд,
Дзæнæт мын, бауырнæд уæ, не сси…

ХЪÆБАТЫРТЫ ФÆЗ

Балладæ

Ирыстоны сæрвæлтау йæ цард нывондæн чи ‘рхаста,
Сланты уыцы æртæ æфсымæры мад – Ленæйæн

Ам сабыр у,
Ам ничи кæны загъд,
Ам рæстæг дæр
Йæ цæуынæй ныллæууы.
Æрмæст дзы арæх
Иу саударæг ус
Æртæ ингæныл
Радыгай ныккæуы.
Æртæ фырты,
Æртæ нæртон гуырды
Фыдгулы ныхмæ
Фесæфтысты тохы…
Фæлæ сæ ном –
Цыфæнды ма уæд дуг –
Нæ баззайдзæни
Иры бæстæй рохы.
Æрмæст ныййарæг
Бафæрæзта зын,
Йæ фыны дæр
Йæ хъæбултæм куы уайы.
Йæ цæсты арфы
Нал баззад цæссыг,
Æмæ сындæггай
Сойдзырагъау тайы.

Кæсынц æм фырттæ
Сау цыртытæй ныр,
Тыхсынц, мæгуырæг, –
Мады зæрдæ саст у.
Æдзынæгæй сæм
Бакæсы сæ мад,
Ысдзуры ма:
«Уæд та ма иу бон растут.
Æнæ сымах
Куыд цæргæ у мæнæн,
Уæ къахвæдтыл
Цæссыгкалгæ фæцæуын...
Куыд фæразын,
Куыд удвидар уын дæн.
Æнæ сымах мæ
Бонрухс та куыд хъæуы?
Цæрын æрмæст
Уæ рухс нæмтты цытæн,
Уæ хуртæм уарзт
Æдзух мæ риуы хъазы.
Ыстыр Хуыцау,
Куыд уромон мæ зын?
О, Мады-Майрæм,
Ме ‘ххуысгæнæг разын…»
Изæрдалынгтæм
Баззайы ам мад,
Йæ хъæбултæн
Йæ сагъæстæ фæдзуры.
Хъæбатыр фырттæн
Ис хъæбатыр мад,
Нæртон Нанайау
Уый лæууы сæ цуры…

Ам сабыр у,
Ам ничи кæны загъд,
Ам рæстæг дæр
Йæ цæуынæй ныллæууы.
Æрмæст дзы арæх
Иу саударæг ус
Зæрдæрыстæй
Йæ хъæбултыл фæкæуы.

***

Уæ ноззæй мæ ма уарзут, курын,
Йæ уынд дæр нæ рæвдауы мæн.
Мæ цурæй-иу айсут уæ дурын, –
Мæ дойны нæ сæтты уæ сæн.

Уæ ноззæй мæ ма хынцут, курын,
Æрæвæр мын уый бæсты цай.
Мæ фæллад æз уымæй фæсурын,
Рæвдауын мæ рæстæджы хай.

Мæн диссæгтæ фынгыл нæ хъæуы,
Æрхæсс мын къæбæримæ бас.
Æндæр ма мæ, зоныс, цы хъæуы?
Зæрдæбын, æнæхин ныхас.

ХЪÆЛДЗÆГ КУПЛЕТТÆ

Бафæлладтæ бадынæй
Ды мæ къæсы – хатын æй.
Нал дын бæззын уарзонæн,
Уый æнцон у базонæн.

Нал мын кæныс физонæг,
Кæд тæргай дæ, чи зоны.
Уæд тамако адымон,
Рестoранмæ адымон.

Сты мæсты дæ цæстытæ,
Бирæгъау – дæ кæстытæ.
Ахæм цард мæн нал хъæуы,
Бамбæхсдзынæн дард хъæуы.

Цъус рæдыдæн нал барыс,
Хъæр, хъæлæба самайыс.
Ехх, æвæдза, иуæхстон –
Амарин дæ иу æхстæй.

Бафæлладтæ бадынæй
Ды мæ цуры – хатын æй.
Де 'вдисæн – дæ цæстытæ,
Исынц мæ сæ мæстытæ..

Уæд кæрон нæ ныхасæн,
Саст тæбæгъ куыд ныхасæм.
Уарзт нæ цурæй адард и,
Уый нæ риуты амарди.

Цæй, хæрзбон, мæ судзгæ уарзт,
Ныр кæй у дæ дудгæ каст?
Мах цæрдзыстæм хицæнтæй,
Хорз æмæ фæхицæн дæн!

Р.Г.

Сæрдыгон бон дыл къæвдайæ уардзынæн,
Зымæг дын судздзынæн уарзты арт.
Сырх уардийыл дæ æдзух бардзынæн, –
Дæуимæ базыдтон царды ад.

Мæ удæй дæ, мæ хур, фылдæр уарздзынæн,
Æрмæст мæм тарæрфыг ма разын.
Фæззæг дыл стъалыты хуызы уардзынæн,
Стъалытæй дæм фæндаг аразын…

Уалдзæджы дын булæмаргъау зардзынæн,
Рухс-иу дын фестдзынæн изæрæй.
Бонрæфты-иу дыл къæвдайæ уардзынæн,
Æрмæст мæ ма ныууадз сидзæрæй…

ЦАРД

Цы у нæ цард?
Æрмæстдæр хъазт?
Æрмæстдæр
сагъæс æмæ маст?

Æрмæстдæр
удхар æмæ зын?
Æрмæстдæр
фидæнæй тæрсын?

Æви кæлæнтæ
æмæ хин?
Æви
æнæнхъæлæджы цин?

Цы у нæ цард?
Æрмæстдæр хъазт!
Æрмæстдæр
рухс зæрдæйы Уарзт!

Уæвгæ, цы кæнæм
цардыл дис?
Нæ цард –
æнусбонты Фæдис!

***


Æрцæудзæн алкæмæн йæ афон,
Уыдзыстæм сау мæры цыртæ.
Æрмæст кæмæндæрты уыдзысты
Æзæнæты рухс ауæрттæ ахтæ.

ДЫРÆНХЪОНТÆ

Хурты Хур дæ цæстытæй фæхуды,
О, мæ бон, кæнын æм æз тæхуды.
***
Хæрзгæнæг хорз нæ ары,
Уæддæр йæ уд фæхъары…
***
Фынгæн нал æнкъарыс й 'ад, –
Зæгъ, дæ хорзæхæй, бæркад.
***
Иу рæдыдæн ис ныббарæн, –
Уый нæ зæрдыл алкæд дарæм.
***
Ма ’фхæр алкæй рæстæй, –
Зæрдæ атондзæн мæстæй.
***
Ды куы фæкæныс быцæу,
Гъеуæд мæм фæкæсыс цæу.
***
Карк кæд ыстахти уæларвмæ,
Йе стырдæр тахт уыд… уæлартмæ.
***
Сабитæн цæуы сæ худын, –
Уæд æнцон вæййы нæ удæн.
***
Хæдзар сабитæй у дзаг, –
Амонд дзы уыдзæни фаг.
***
Кæд сæттын лæгдзинад нæу,
Уæд дæ дзырдыл фидар лæуу!

***
Хойыс ды æдзух дæ риу:
Афæлдахдзынæн Хъæриу.
***
Кардæй чи фæкæрды хос,
Иу сæгъæй цы зæгъыс фос?
***
Нал ис, нал, фæллойæн кад,
Уæд кæцæй цæуа бæркад?..
***
Хонын дæ уæндын нæхимæ,
Зонын: ис къæбæр цæххимæ.
***
Ды – таучелзæрдæ, хъæлæкк,
Бакæнын дæм æз хæлæг.
***
Нæй, нæ та бакасти коммæ,
Комкоммæ ныххауди коммæ.
***
У æгъдауджын уæвын зын,
Уый тыххæй æдзух хъæрзын.
***
Бирæгъ куыйты бын куы тула,
Уæд къæрттæй æппары цъула.
***
Урс хохæй сау дур нæ тулы,
Сайæгой раст цау кæм дзуры.
***
У æгъдауджын æмæ раст,
Ма кæн адæймагæн маст.
***
Арвæн нал зыны йæ кæрон,
У дæ сыгъдæг уарзт æгæрон.

***

Стæм кæрæдзийæ мах разы,
Уый фæрцы цæрын фæразæм.

***

Кадæн сбарæн нæй тæразыл,
Уый цæуы лæгæн йæ разæй.

***

Къухтæ ивазæм мах хурмæ,
Мах фæнды, хъæлæкк, йæ цурмæ.

***

Ма скæн хорз кæстæрæн бын,
Ссардзæн уый уæддæр йæ тын.

***

Кæсы мæм хурæнгæс дæ каст,
Кæлы дæ цæстытæй сæуæхсид.
Мæ риуæй алидзы мæ маст,
Хæстæг мæм нал цæуы зæрæхсид!

***

Нæ фидауынц
Рæсугъд уардитæ
Салдæй,

Мæ сыгъдæг уарзтыл
Макуы рацу
Сайдæй.

ХОЗИТЫ Барис

«ТÆХЫНЦ КÆРÆДЗИМÆ НÆ УДТÆ...»

Мысинæгтæ Цомайты Ростиславы тыххæй

Цомайты Ростик мæнæй уыдис цыппар азы кæстæр. Университеты ирон филологийы факультеты студент ма куы уыдис, уæд-иу мæм рæстæгæй-рæстæгмæ æрбахаудтой йæ хицæн æмдзæвгæтæ. Сæ мидис æмæ сæ арæзты уыди поэзийы комулæфт, æмæ-иу ын ныфсытæ авæрдтон, цæмæй йын сфæлдыстадон куыст сæйрагдæр уа. Æрыгонæй бирæтæ фæфæлварынц истытæ фыссын, фæлæ æрмæст стæмтæ свæййынц профессионалон фысджытæ. Ростислав мæ зæрдæмæ цыди, хиуылхæст лæппу кæй уыдис, уымæй дæр.

Азтæ кæрæдзи фæстæ азгъордтой æмæ мæнæ ралæууыд 2009 аз. Цомайы-фырты фыццаг юбилейон аз... Кадджын хуызы йæ сбæрæг кодта, Мыхуыры хæдзары фыццаг уæладзыджы цы хæрæндон уыд, уым. Йæ хæлæрттæй, йæ зонгæтæй, йе 'мкусджытæй фæсте ничиуал баззад. Мах – йæ хæстæгдæр æрдхæрдтæ цалдæрæй (Козаты Ушанг, Касаты Батрадз, Къадзаты Станислав, Цæриаты Валери, Зассеты Болат æмæ æз-иу фынджы уæлхъус бадт фестæм. Æрлæууыд нæ разы, фæлмæн худт бакодта æмæ сæрыстырæй загъта: «Лæппутæ, фæйнæ нуазæны мæ къухæй саккаг кæнут!». Афтæ цыд иу фынгæй – иннæмæ, цыма, искæй зæрдæхудты куы бацæуа, уымæй тарст, уыйау.

Йæ фæндзай азы бонмæ йыл мæ зæрды ныффыссын ис, зæгъгæ йын куы загътон, уæд мын сагъæсхуызæй афтæ: «Кæд гæнæн ис, уæд-ма йæ «Рæстдзинад»-мæ нæ, фæлæ æндæр газетмæ ратт. Редакторы хæдивæг дæн, æмæ исчи афтæ зæгъдзæн, йæхи тыххæй æрмæджытæ уадзы...» Раст уыд. Чысыл фæстæдæр мæ уац рацыд газет «Владикавказ»-ы. Сæргондæн ын скодтон йæхи æмдзæвгæйы рæнхъытæй: «Летят к друг другу наши души».

Нæуæдзæм азты нæ цытджын бæстæ куы фехæлд, уæд махæй алчидæр тынг фæмаст кодта. Уæд Ростичы йæ зæрдæ хъыгдарын райдыдта. Суанг ма рынчындонма дæр бахауд. Иннæрдыгæй та – редакторы хæдивæгæн чысыл куыст кæм уыдис. Æмæ йын уый дæр йе 'нæниздзинадыл æнæзынгæ нæ фæцис. Уæд-иу мах, йе

’мбæлттæ, афтæ хъуыды кодтам, зæгъгæ, уый рæстæгмæйы хабар у. Фæлæ азтæ куыд равдыстой, уымæ гæсгæ хабæрттæ бирæ уæззаудæр разындысты. Æрцæйхæццæ кодта, йæ иннæ юбилейон аз. Ростик нæм иу цалдæрмæ йæхæдæг телефонæй æрбадзырдта, фæндыдис æй, куы сæмбæлдаиккам, уый. Фæлæ нæ фембæлд нæ рауад... Цомайы-фырт æнæнхъæлæджы ахицæн йæ цардæй... Уазал рæстæг ноджы уæззаудæр кодта нæ зæрдæйы уавæр. Æнæнхъæлæджы хабар зæрдæйы носау баззад нæ удрæбын. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Æмбæлттæ æмæ поэттæ ацæуынц æнæнхъæлæджы!...»

Цомайты Ростислав йæ фæстаг улæфты онг баззадис мæ хорз хæларæй. Чи зоны, уымæн, æмæ йæ хуыздæр фæдзæхст уыдис ахæм: «Цæр æргомæй, цæр лæгæй!» Æрмæст йемæ ныхас кæнын дæр адæймагæн хаста, æхцонад æмæ æууæнкад. Нæ алы фембæлды рæстæг дæр – иу дзы ракуырдтон, цæмæй мын йæ ног фыст æмдзæвгæтæй бакæса. Æмæ-иу ыл уæд хур ракаст: мæнæн йæ поэтикон (аивадон) уацмыстæ кæсын уарзта, иуырдыгæй, куыд æмбалæн, иннæрдыгæй та, – куыд литературæиртасæгæн. Æцæг ма-иу йæ ныхæстæм æнæмæнгæй бафтыдта: «Дæ къухы цы текст ис, уымæ афтæ кæс, цыма йæ чи ныффыста, уый æппындæр нæ зоныс!». Ахæм æргом ныхас домдта алкæмæй дæр, уымæн æмæ йæхæдæг æргом зæрдæ уыд. Æрмæст, цыфæнды карз хатдзæг дæр йæ бон зæгъын уыд фæлмæн, æууæнкджын æмæ уырнинаг ныхасыуагæй.

Исты скъуыддзаг-иу мæ уацтæй йæ зæрдæмæ куы нæ фæцыд, уæд та-иу афтæ бакодта: «Æгæр та йæ сыздыхтай, мæ лымæн!». Æмæ йæ уæд зон, бакусын-ма йыл кæй хъæуы, уый. Фæлмæн зæрдæ йын уыд, æмæ, чи зоны, йæ кусынæй дæр уымæн æнафоны банцад.

Раст у, Ирыстон хæрзæгъдауджын адæмыл рæдау кæй у, уый. Фæлæ, хъыгагæн, алыхатт фыдыбæстæ сæ хурæй нæ бафсæды. Афтæ рауад йæ хъысмæт Цомайы-фыртæн дæр. Фæлæ йæ фарн йæ кæстæртæн ныууагъта, æмæ уымæн аргъ нæй. Афтæ зæгъæн ис йе ’мгæрттæй дæр. Йæ дзырдаивад дæр йæ уды тæлмæнтау уыд бирæвæрсыг. Адæймаг сæ кæсынæй не ’фсæды æмæ та дзы йæхицæн ног цыдæр ссары. Уый афтæ у, фæлæ йын, хъыгагæн, йæ рагмæлæт фадат нæ радта йе ’ппæт фæндтæ сæххæст кæнынæн. Æмæ ныр – ардыгæй фæстæмæ – не ‘мныхасгæнæг уыдзæн йе сфæлдыстад. Цы фарстатæ-иу нæм сæвзæра, уыдонæн дæр дзуаппытæ агурын хъæудзæнис йæ дзырдаивады.

Ныр та мæ фæнды мæ хъуыды йе сфæлдыстады тыххæй зæгъын – ацы хатт æнæ йæхи. Ростиславы аивадон æрмдзæф архайдта æмæ тындзыдта адæймаг æмæ æрдз, хъæу æмæ горæт, ивгъуыд æмæ абон, уарзт æмæ мæлæты æхсæн ахастдзинæдтæ æрдзон хуызы баиу кæнынмæ. Иукъорд æмдзæвгæйы Цомайы-фырт ныффыста хъысмæт, хæлæрттæ æмæ йе ’мсис æфсымæртыл: «Цомахъ ахæсты» (Цомахъы æмдзæвгæ «Холæг» кæсгæйæ), «Мысинаг» (Байронæй), «Ирон дзырд багомыг йæ зæлдæй», «Ды ма мын баззадтæ хæларæн», «Харлампийы монолог», «Хæрдгæбыдтæ» (Омар Хайамæн), «Зарæг», «Лирикон», «Фæлдахын сабыргай мæ азтæ...» æмæ æндæртæ дзурæг сты, поэт рæстæджы хъысмæтыл арф сагъæсты кæй бацыд, хæлардзинадыл иузæрдион кæй уыд, царды сæйраг рахæцæнтыл кæй зарыд, æрвон æмæ зæххон æмиуадыл æнгом хæст кæй уыд, ууыл.

Ростиславы поэтикон сфæлдыстады зынгæ хай баст у йæ сабидуг æмæ йæ ныййарæг мады номимæ: «Авдæны зарæг Азæмæтæн», «Ды уды хъарм», «Ныхас мадимæ», «Мадмæ», «Мады рæвдыд» æмæ æндæртæ. Иукъорд æмдзæвгæйы равдыста хъæу æмæ горæты ахастытæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй алкæй бон нæ бавæййы уыцы вазыгджын фарст райхалын: кæнæ хъæуккагæй баззайынц, кæнæ тыхгорæтаг свæййынц. Ростик кæд Дзæуджыхъæуы нæ райгуырд, уæддæр йæ царды фылдæр хай арвыста ам. Чи зоны, уымæ гæсгæ, дыууæ темæйы æмиуад райхалын дæр йæ къухы бафтыд. Иннæрдыгæй та, кæмфæнды куы цæрай, уæддæр дзы сæйрагдæр у цард (горæтаг æмæ хъæуккаг сты æрмæстдæр миногонтæ). Цомайы-фырт цардуарзаг уыдис, æмæ уымæ гæсгæ уый дæр хорзæрдæм фæзынд йæ аивадон дунейыл. «Горæт æхсæвыгон», «Æрбалæууыд ногæй мæ къæсæрыл бон», «Бæстæ у æрхуым, фынæй», «Мæ фæндаг», «Цард», «Нæ дуне диссаг у йæ кондæй», «Цардвæндаг», «Царды æцæгтæ», «Куыд тагъд фестут, оххай» æмæ иннæты мидис адæймаджы зæрдæйы уадзы ныфс, æууæнк æмæ цардхъомысы вазыгджын æууæлтæ.

Поэты сфæлдыстад цух нæ уыдис Райгуырæн зæххы темæйæ дæр. Ирыстон, фыдызæхх æмæ ирон адæймаджы сурæттæ лирик ныв кодта уæлдай бæрнондæрæй. Ростиславы лæгæй-лæгмæ чи зыдта, уыдон хорз хъуыды кæнынц, йæ фыдыбæстæйæ куыд сæрыстыр уыд æмæ йæ куыд зæрдиагæй æвдыста йæ уацмысты, уый. «Мæ Ирыстон», «Куывд», «Гаджидау», «Хуры хъæбултæ», «Хъæбатырты фæз»

(балладæ), «Хъаймæты бон», «Реквием», «Амыраны хъынцъым», «Цыдысты стæры алантæ», «Фæстаг нæртон лæджы ныхас» æмæ иннæ уацмысты хæдбындур стихамайæг æххæстæй равдыста зæрдæйы ахаст йæ Иры зæхмæ. Ирыстон-Аланыстон-Сæрмæтыстон-Скифыстон ын уыдисты рухс нæмттæ, сагъæстæм хонæг ныхæстæ поэт фыста зæрдæрыстимæ, стыр бæрн æмæ фырты хæсимæ.

Уарзты темæ та йæм баст уыдис сылгоймаджы номимæ. Уый йын уыдис зæды хуызæн, æмæ йæ æвдисгæ дæр бæрзонд æмæ сыгъдæг рæнхъытæй уый тыххæй кодта:

Мæ риуы уарзты арт ыссыгъди,
Мæ монцтæ райхъал ысты ног.
Мæ уд æнуд хъузгæй фæлыгъди
Æмæ та ´рцард кæмдæр, уæлвонг.

Кæнæ:

Уыд хъал мæнæн мæ зæрдæ,
Уыд уарзт мæнæн мæ сомы.
Ныр мын ысчынд кæлæнтæ,
Ныр нал сæтты мæ дойны.

Уарзты темæ поэт æрдзон хуызы баххæст кодта æмгарад æмæ æвзонгадыл фыст уацмыстæй. Фыццаджыдæр, йæхæдæг дæр æмгарæн кæй бæззыдис, уымæ гæсгæ йæ дзырдыхъæд дæр уыдис зæрдæйы суадæттæй. Уды бынæй цы ратæдзы, уый та, æнæмæнг, сæмбæлы зæрдæйы кæроныл. Ростислав уыдис цæсгомджын æмæ хæрзæгъдау адæймаг: йæ аивадон æрмдзæф дæр цух уымæн нæ уыдис æвæрццæг æууæлтæ æмæ миниуджытæй. Уыдон уыдисты йæ уæлтæмæнады дыууæ базыры. Стыр бынат ахста йæ удыхъæды мидæг бузныгады æнкъарæн дæр. Рох дзы никуы уыд, йæ къæхтыл кæй фæрцы слæууыд, кæй фæрцы сахуыр кодта, дзырдаивады фыццаг къахдзæфтæ кæй фæрцы акодта, уый. Чи зоны, уымæ гæсгæ цыфæнды зын уавæры дæр йæ уагæвæрды сæйраг рахæцæн уыдис цæсгом, иу армы чи бацæуы, адæймагæй адæймаг чи аразы, уыцы диссаджы удварны фæзынд:

Хуыцаумæ кув æмæ дын радта
Цард, фарндæттæг Хæдзар.
Дæ зондмæ кув, æмæ дын радта
Дæ цардæн амонджын Æвзар.

Æмбалмæ кув, æмæ дын радта
Йæ ныфс, йæ уарзт æмæ Æхсар.
Фыдæлтæм кув, æмæ дын радтой
Сæ хуыздæр хæзнатæй – Æфсарм.

Йæ сæйраг æмдзæвгæтæй иу – «Цард»-ы Цомайы-фырт арф æмæ уæндонæй æргом кæны, йæ царды сæйраг фæзилæнты астæумагъз цæй мидæг ис, уый:

Æз уарзын цард,
Йæ цинтæ ’мæ йæ хъыгты,
Цы ма уа цардæй
А зæххыл хуыздæр!
Рæсугъд у цард,
Сывæллонæн, зæрондæн
Цард адджын у,
Уый махæн у нæ мад.
Цард се ’ппæтæн
Хæрзиуджытæ нæ дæтты.
Цард тохæй у,
Йæ хæрзиуæг дæр – Цард.

Цомайты Ростиславæн уыдис йæхи сфæлдыстадон æрмдзæф: курдиатджын поэт, публицист,тæлмацгæнæг, Уæрæсейы журналистты æмæ Фысджыты цæдисты уæнг, фæлæ дзы «Æз фыссæг дæн», зæгъгæ, никуы ничи фехъуыста, уымæн æмæ йын сæйрагдæр уыдис сфæлдыстад æмæ фыссæджы хæс. Уыимæ алы хатт дæр касти размæ, хорз зыдта, йæ сæйраг чиныг фыст кæй нæма æрцыд, уый дæр. Иу хатт мын йæ ногфыст поэтикон уацмыс (мыхуыргонд чи нæма уыд, ахæм) бакаст йæ кусæн уаты. Куы йын дзы рапппæлыдтæн, уæд мæ дарддæр дзурын нал бауагъта: «Цытæ дзурыс! Цæттæ нæма у! Кусын ма йыл хъæуы», æмæ-ма йæ ныхæстæм бафтыдта: «Нæ фысджытæ сæхицæй фаг нал домынц, æмæ уый хорзы нысан нæу». Ахæм аргъгæнæн ныхасы фæстæ мæ дæсгай фысджытæ стыр бузынг фæуыдаиккой, сæхицæй ныббузныг уыдаиккой, фæлæ Михалы фырт ахæмтæй нæ уыд.

Цомайты ләппу йе ’нусон дунемæ куы ацыд, уæдæй рацыд фондз азæй фылдæр. Æрæджы йын йæ чингуытæ ногæй бакастæн æмæ та райстон уæлмонцад. Æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма мæм йе сфæлдыстады тæваг арфдæр бахъардта. Йæ хъарм æмæ фæлмæн ныхасыуаг зæрдæмæ ирдгæйау хызти æмæ уæрæхæй-уæрæхдæр кодта ме ’нкъарынад. Йæ мидисамад нæ, æнæрлæугæ рæвдаугæ цæуы суанг уацмысты (журналистон, паблицистон, поэтикон) кæронмæ. Æнæ ´рынцойæ, йæ зæрдæ рысти Ирыстоныл, йæ абон, йæ фидæныл. Уый уымæн афтæ уыд, æмæ йæхæдæг дæр уыд дзыллæйы зæрдæйы тигътæй иу. Æндæр йæ адæмы хъысмæтыл афтæ нæ тыхстаид. Кокайты Тотрадз ын уыцы æууæл раст бафиппайдта, йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгондæн цы разныхас ныффыста, уым: «...Хуыцауæн – табу! – уæддæр ма разыны, мадæлон æвзаджы ад чи æнкъары æмæ дзы уарзондзинады зарджытæ чи кæны, ахæм ләппутæ. Цомайты Ростислав – уыдонæй иу. Йæ зæрдæйы зарджытæ – уалдзыгон хуры тынты рæдау хуынау... Уырны мæ, кæй йын уыдзæн йæхи чиныгкæсæг, йæ аив амад рæнхъытæ йын, æвзонг ләппутæ æмæ чызджытæ, амондмæ бæлгæйæ, мæйрухс изæрты кæй фæлхат кæндзысты сæ мидныммæр».

Зæрдæйы зарджыты хал кæронмæ куы нæ райхæлы, уæд уымæй стырдæр зындзинад дзырдаивадæн нæ вæййы. Фæлæ ма сæ автор уымæй уæлдай дæ цæдисон æмбал куы разына, уæд адæймагæн дыууæ хатты зындæр вæййы. Уымæн æмæ нæ удтухæнтæн сæ уагæвæрд фехæлы, æмæ та ногæй нывæндын бахъæуы. Зæрдæйы зынг хъуамæ хардзгонд цæуа æмгарадæн, уарзтæн, аудынæн... Гъе, фæлæ æмгары ацыды фæдыл куы ныххал вæййынц нæ сагъæстæ, уæд кæмдæр удварны æвæрæнтæ къахырæй баззайынц. Æмæ, цалынмæ ног æмгарæй нæ райсæй уды цæхæр, уæдмæ зæрдæйы рыстæн банцайæн нæ вæййы. Ростик йæхæдæг дæр уыд ахæм æргом зæрдæйы хицау. Йæ лымæнтæй-иу искæй æвæстиатæй æххуыс куы бахъуыд, уæд-иу йæ удæй бацыд. Чи зоны, зæрдæниз дæр уыцы удтухæнтæй райста, фæлæ сыл фæсмон никуы фæкодта, уымæн æмæ сæ йæхицæн нымадта æмгары хæсыл. Ирон фынгыл йæ уарзондæр сидтытæй иу уыд «Æмгардзинады тыххæй». Уый уымæн афтæ уыд, æмæ йæхæдæг дæр уыд хорз æмгар, хорз поэт...

<u>ФЫССÆДЖЫ ЮБИЛЕЙЫ БОНМÆ</u>

ГУСАЛТЫ Барис

КÆМ – ХАН, ÆМÆ КÆМ – ХАНДЖЕРИ КÆНÆ – ИУ ДÆР ДЗЫ ФЫССÆГ ÆМÆ ИННÆ ДÆР

Мысинæгтæ

...Стæ-ма, мæ тыхст-уырыд сæр æй куынæ ахсы, дзæгъæлтæ куы кæны, райдайон мæ мысинæгтæ – ма райдайон, стæй сæ уæвгæ дæр цæй охыл, цы дымæгмæ райдайон, зæгъгæ.

Æмтъеры кæй рауайдзысты, хæццæ-мæццæтæ, уый та рагагъоммæ дæр зонын, гъемæ-иу мын ахæм фау исчи мæ цæстмæдаринаг ма фæуæд, иугæр ыл мæхæдæг æргомæй кæм сæттын, уый нымайгæйæ-хъуыдыкæнгæйæ.

Кадылмард ма у, æхца бакусыны зæрдæйæ дæхи амидингæнæг ма у уæззау куыстмæ, фæлæ уæддæр... Сыгъзæрин талатæ суадзой рагон латинæгтæ, кæд цардвæлтæрдæй цы зонынджын уыдысты, цы фиппайаг зæрдæ æмæ сын цы уынаг цæститæ уыд, уæд! Библийы – Зæронд фæдзæхсты – ныхæстæ бафæрсыгъътой æмæ, зынтæй, йæхицæн удхор басгуыхгæйæ, истытæ чи фæфыссы-фæзæгъы, уыдоны уавæр бамбæрстой тъымы-тъыматæм, фыдæй-фырттæм:

– Я сказал и (тем) облегчил (свою) душу – Dixi et animan levavi.

Фыссæг...

Хуыцауы æлгъыст æмæ йæ хъулон уарзтæй уарзинаг хъæбул. О, цы табуйаг кад ын уыд фыццагон адæмы цæсты – раст Хуыцауæй сæрмагонд æрвыст лæджы цыт æмæ кад. Кæд ма раздæры, уартæ кæд æмæ кæды ахуыргæнæг уыдаид уый æмсæр æмæ æмвæз.

Фæлæ суанг Абайты Вассо дæр бар нæ лæвæрдта, нæ уагъта йæхи Къостайы æмрæнхъ æвæрын, хур æй хонын – арвыл, дам, иу хур фидауы æмæ нын ис. Уæддæр мах кæцыдæр дуджы бирæ фысджытæн Къостайы фæдонтау табу кодтам, куывтам сын, аргъуыц сын кодтам: Секъа, Елбыздыхъо, Нигер, Дæбе, Асæх, Гриш, Мысост, Хазби, Мухарбег... Фæлæ иннæтæ та – се ‘мсæр чи уыд, уыдон – фæсвæд ауионгонд цыдысты советон-коммунистон хæрæмттæгæнаг идеологийы ардыдæй:

Георги, Цоцко, Бæбу, Гино, Дзахо, Рутен, Чермен, Созырыхъо, Æрнигон, Фæрнион, Куыдзæг, Гаппо, Ахмæт, Гайто...

Адонæй кæйдæрты ныхæстæ дзы æвиппайды сæхи мæ зæрдæйыл æрбацавтой, æмæ барызт, схъæрзыдта – мæнæ куыд зæгъы Гино: «Мæнæ цы зын у уарзинаджы къухæй мæлын»; Фæрнион: «Хъуамæ алкæмæн дæр бар уа йæ хъуыдытæ ‘ргомæй зæгъынæн» (æвæццæгæн сæ чысылтæ аивтон...); Созырыхъо:

Цы зын у цæргæсæн,
Хъæбатыр цæргæсæн,
Куы вæййынц йæ базыртæ баст:
Æдзух æй фæфæнды
Йæ рагон хæтæнты
Бæрзонд мигъты сурын æваст.

Æмдзæвгæйы дыууæ фыццаг рæнхъмæ æз æндæртæ бафтыдтон:

Бæрзæндты тæхын ын куы амоны халон…

Фыццагон æлдæрттæй дæр фыддæр лæгтæ уыдысты ног цардарæзтады хиконд, сойвых æлдæрттæ, стæй, чи зоны, æмæ лæгдзарм дæр бынтон стæнæг, æмæ дзы бирæтыл сæ лæмæгъы тыххæй худæн дæр нæй. Æрмæст та уæддæр иннæты афтæ бафæрсын æмбæлы, ды ардауджыты, нымудзджыты, дзырдхæсджыты, хахуыргæнджытæ-дам-думгæнджыты разагъддæртæй цæмæн уыдтæ, æхсидав дæм куы ничи дардта, искæй сардау, комдзог рацу, науæд дæ судзын, зæгъгæ?..

Алы адæймаг æмæ алы рæстæг-заман-дуг дæр, тынгдæр ыл чи фидауы, ахæм æрыхъусгæ ныхæсты гуырæн у, ома, дуджы уаг йæхи тыххæй. Фысджыты иу æмбырды, дам, Б.Хъ. йæ фарсмæ бадæг критик æмæ поэт Ардасенты Хадзыбатырмæ ныуурдыг:

– Зæгъ-ма нын æй, зæгъ, Ардасены-фырт, уый куыд афтæ уайы, æмæ, адæмон знаджы сиахс уæвгæйæ, советон фысджыты ‘хсæн бадай, и?

Хадзыбатыры бинойнаг Лидæ уыд Куыдзæджы хæрз хо, Куыдзæг та уæдмæ «адæмы знæгты» номхыгъдмæ хастæй дыккаг хатт арв æфсæнкаубыд рудзынгæй уыдта...

Уæд ницы загъта æнамонд сиахс зынгзæрдæ коммунист, фыссæг-очеркистæн, фæлæ уыцы æмбырдыл бирæ бонтæ нæма рацыд, афтæ «Черная Маруся» сæумæдæвдæгæй фæзынд амæй ай советондæр Б. Хъ. дæр.

17 азы дзы æрдаудта мидæгæй, ссæрибар, афыссæг та. Æмæ та бадынц æмбырды фæрсæй-фæрстæм Хадзыбатыримæ. Æмæ йæм ныр та уый рад ралæууыд бауырдыгмæ:

– Хорз лæг, зæгъ-ма мын æй, дæ хорзæхæй, уый куыд уайы, уый æмæ дыл «адæмы знаджы» дамгъæ-тавро-гакк æвæрд уæд æнæхъæн уал азы дæргъы, афтæмæй та советон фысджыты ‘хсæн стæлф, цыма æппындæр ницы ‘рцыд, уыйау...

(Æмæ, дам, хæсты размæ адæм хæларæй цардысты... Æви дзырдыскъæфты амæттаг фысджытæ, ахуыргæндтæ, æфсæддонтæ, кусджытæ-зæхкусджытæ, кулактæ-йедтæ адæммæ нæ хаудысты?..)

Туджы зæйтæ уадзæг æмæ мæрдтæй хохæмвæз цæндтæ амайæг хæст йæ сау фæнычы, йæ чъизитæ æмæ хæрæмтты бын куы æрмынæг Стыр Уæлахизы номимæ, уæд та ирон аив дзырды амонд дæр цæугæ-тындзгæ бон фарнимæ ‘рхаста: сæ кой райхъуыст къорд лæппуйæн поэзийæн кадгæнджытæй. Иннæмæй та ирон литературæ мыггагмæйы мыггагмæ зæрдæрæхуыст фæцис, ахæм генион поэттæ дзы хæсты амæттаг кæй баисты, уымæй. Иннæтæй мæрдтæм хъыг макæмæн фæуæд уыдоны ‘мсис тохæмбæлттæй, фæлæ Кочысаты Мухарбег æмæ Калоты Хазбийы бынат поэзийы æгæр æвирхъау къахырæй баззад, дзыназгæ къахырæй.

Иу заманты Александр Блок афтæ куыддæр загъта, Лев Толстой чи уыд, уый, дам, мæ лæмæгъ фыссын нæ, фæлæ уæвгæ дæр фыссын нæ уадзы, нæ фæтчы: нæ, дам, дын бантысдзæн, уый зæрдæ цæмæй балхæнай, ахæмæй исты сфæлдисын. Æмæ, дам, уæд дæ дзыхыл хæц! Чи зоны, æмæ поэтæй дæр æмæ прозаикæй дæр æфсæрмыйаг уыдаиккой Мухарбег æмæ Хазбийы цур, æмæ абон разагъды, «бронебойный» графоманты азарæй ирон аив дзырд, кæсын ма чи зоны, чиныгмæ ма зæрдæргъæвд чи у, уыдоны цæсты нæ саслам уыдаид, нæ фегад, нæ фæдæлдæр аивады æмвæзадæй.

О, уыдоны не ‘рыййæфтам, фæлæ уæддæр сæркъул-уæнтæхъилæй кæй раз лæууыдаиккам, уыдоны æфсæрмæй дæр нæ цæсгом нæ сыгъд æмæ сфæлдыстадон элитæйы ном сæрбæрзондæй хастам. Афтæмæй та ныл уый æмбæлд, цæмæй нын Гриш, Алыксандр, Куыдзæг, Гафез, Нафи, Хазби Дз., Бестау, Хадзы, Алеш пехуымпартау уыдаиккой... Хæрз æрæджы та Альберты нымадтаиккам ахæмыл йæ удæгасæй (Къодоты, уый та ма дзы кæцы у, зæгъгæ, ахæм æнæфенд дисы чи

бацæуа, уыдонæн æй мыггагæй дæр амонын).

Æмæ абон, табуйæгтæн аргъуыц кæй нæ кодтам, уый азарæй дæр нæй кад фыссæджы дзырдæн дæр æмæ йæ куыстæн дæр.

Хъуыддаг та уырдæмты, æвæццæгæн, уымæн æрхаудта, æмæ иу фыдбон хуыдзармæй дзабыр фæуæлахиз сæракдзабырыл.

Ногæй-ногмæ та фæлхатын мæхи зæронд нæхæстæ, зæгъгæ, дæ мадæлон æвзагыл хи тигътæ кæнын, былысчъилтæ кæнын, дæ ныййарæг мады дзидзийы æхсырыл куынæ æрвæссай, æнад кæнæ йæ туаг куы хонай, уыйау у раст. Гъемæ, тарф хъæнджын сахъат удыскондимæ бахъомыл вæййæм.

Стæй ма афтæ дæр: кæцыдæр æфсæддон хайад йæ тырыса куы фесафа, уæд ын намыс нал ис, йæ ном ист æрцæуы – полкъ уа, дивизии, науæд æнæхъæн æфсад дæр. Адæмæн та уыцы тырысайы кад йе ‘взаг тæры.

Стæй ма афтæ дæр: алы адæм дæр хицæн адæмыхатты ном уымæн хæссынц, сæхи мадæлон æвзаг сын кæй ис. Сæ уд уым, æвзаджы, æвæрд ис. Байс ын йе ‘взаг – йæ уд ын сластай.

Уæуу, мæгуыр, тæригъæдты тæригъæддагдæр Ирон Дзырд! Цы дзыхджынæй бæхджын дæ Дунедарæг, Дунеуромæг æмæ Дунескæнæг Иунæг Кадджын Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæ, дзуæрттæ, дауджытæ æмæ бардуæгтæм кувгæйæ! Дæу раттæгмæ, дæу – Дзырд. Фæлæ Дын, Хуыцауы лæвæртты сæр Ирон Дзырд, кæйдæр судзгæ æлгъыст ирон лæг дæ фыдæлон рæсуг æмæ рæсугъд, дæ удхос æмæ зæрдæирвæзæн хæрзад нал æнкъары уартæ Секъайæ нырмæ, æмæ йын уый азарæй смаггæнаг тъаран дæр – ома, графоманты сымæр, сыдывд, счъилсаст ныхæстæ дæр – ногæрвæст дзидзайы æмдых, хæрзад систы.

Цы зарджытæ-иу самадта, цы хъарджытæ-иу скодта, фыдæлты тæваг ма кæмæ хæццæ кодта, уыцы ирон лæджы фырт!

Зæрин дзырдты куырд: згæ сыл нæ хæцы, дон сæ нæ ласы, арты нæ судзынц, рохуатæн хæзнаты хæзнадæрау æвгъау.

Гъемæ ирон чиныджы кæсын чи нал зоны – хорз фыссæджы æмсæр чи нал у; уæвгæ дæр ирон чиныг – тынг стæмтæй фæстæмæ – йæ къухмæ чи нал исы, ахæм ирон адæмы номæй адæмон фыссæджы ном алы бюрократон мадзæлтты фæрцы ныхæст æрцæуы хурæргом графомантыл, стæй та сæм Къостайы бæрзонд ном ныллæггæнæг преми дæр æрхауы.

Фæлæ...

Кæм сты, кæм, Сталины æмæ Ленины номыл премитæ фæисджытæ, суанг ма Социалистон Фæллойады Геройтæ (Гертрудæтæ) дæр?

Мæнæ советон зондахасты уацайрагтæн æнæуынон фыссæг, Нобелы номыл премийы лауреат Александр Солженицын чи уыд, (иннæ аз йæ райгуырдыл 100 азы æххæст кæны), уый Уæрæсейы Федерацийы уæлдæр æмæ кадджындæр хæрзиуæг дæр – орден Андрея Первозванного – нæ бакуымдта райсын Ельцины къухтæй: нырыккон хицаудзинады ныхмæ дæр уыд ацы «литературный власовец»... Æмæ ма нæ кадагур фысджытæй иу афтæ зæгъæд – æмæ мæн дæр бауырнæд! – æз дæр æй нæ саккаг кодтаин мæхицæн, зæгъгæ.

Нал сты Сафар, Бицъоты Гриш, Алеш, Хадзы, Васо… Æмæ лæгæн йæ алыварс куыддæр федзæрæгхуыз: иннæтимæ нæй «роскошь человеческого общения»... Мæнæн – уыдонимæ, уыдонæн та – мемæ.

Нæ уавæр скæсæйнаг æмбисондау цыма рауад: «Чырæ фæстæрдæм куы разила, уæд къуылых теуатæ разæй фæуыдзысты».

Уæ, Хуыцау, ма зæгъ уæддæр æмæ уæддæр ахæм зарæг ныккæнын ирон аив Дзырдæн:

Хъобаны хид, Хъобаны,
ой, зæгæлæнгом!
Ой, нана,
абон, дам, абон мæ мæлæн бон!

Уæвгæ та фысджытæ дæр æмæ чингуытæ дæр уартæ кæдæй нырмæ фесты сæ цæстысындз, мæнæ сау адæм кæй хуындæуы, чернь, толпа, уыдонæн – Грибоедовы персонаж Фамусовы бæллиц кæй зæрдыл нæ лæууы скъолайы азтæй фæстæмæ – ома, дам, тæхуды æмæ æппæт чингуытæ дæр æрæмбырд кæн æмæ сæ арты хай бакæн, басудз сæ! Гъемæ мах дæр нæ талынг зондæй дисы бацæуæм ацы тæккæ сахатыл:

– Ахсджиагæн дæр æмæ стæй зæххæй сисынæн дæр, зæгъæн ис, æмæ куы никæйуал хъæуы аивадон литературæ, уæд ма чиныг чиныджы фæд-фæд цы скъæрæм?! Амæй ай зонджындæр чингуытæ дунеон литературæйы сæдæгæйттæ куы ис, уартæ незамантæй нырмæ Ведætæ, Талмуд, Библи, Хъуыран куы сты алы адæмыхатт дзыллæтæн

сæ табуйагдæр исбон, хæзнатæ, фæлæ уæддæр адæймаг фыддæр йеддæмæ хуыздæр куынæ кæны йæ уаг, йæ зондахастæй, уæд...уæд...

Нæ, нæ!

Алкæй дæр, дам, йæхимæ айдæнмæ бакæсын куыд бахъæуы (цыма Гейне загъта афтæ), уыйау алкæцы адæмы алы фæлтæры дæр фæнды йæ цард аивадон литературæйы æвдыстæй фенын. (Ирæттæй фæстæмæ?)

Виктор Астафьевы иуахæмы бафæрстæуыд, фыссæг, дам, дæ кæй рауад, Хуыцауы фæндæй, уымæй разы дæ – цæуы дæ ахæм хъысмæт дæ зæрдæмæ.

– Да будь неладна такая судьба: умереть спокойно не дает – и это вот еще хочется отобразить, и другое. Но предки говорили: «Собрался помирать, а рожь посей!»

(Мæ фыдымад Гуымыдæ-Хъызмыдæ та-иу афтæ дзураг уыд, кæд, дам, адзалы къахыл ныллæууыдтæ, мæлынхъус дæ, уæддæр бæлас ныссадз.)

Адæмæн сæ историон рæзты фæндагыл æмбæлы, примитивон, хæрзхуымæтæг цардæй куы фæцæрынц, ахæм дугтæ, сæйрагдæр домæн ын, æнхъæлдæн, рагзаманты ромæгтæ сфидар кодтой:

– Хлеба и зрелищ! (Panem et circenses!)

Арвы бын ногæй кæй ницы ‘рцæуы, уымæн æвдисæндарау æрхæссон, ацы ныхæстæ цы царды уавæрты фæзындисты, уый æууæлтæ. Ахæм заман скодта уартæ Рагон Ромы цæрджытыл...

Мæнæ сæ «Большой иллюстрированный словарь иностранных слов» (М. 2009 аз) куыд амоны, уый рафыссон: 3) «чернь; простолюдины; малообразованные, тупые, грубые и вульгарные люди, склонные к низменным развлечениям и неспособные к напряженной духовной жизни».

Ахæм æхсæнады цы уæлдæф ис, цы царды уаг, цы арвы хуыз, цы доны ад, цы хур, цы мæй, уый тыххæй хуыздæр, рæстдзæвиндæр нæй, афтæ дæсны – мæнмæ гæсгæ – фыста Борис Пастернак:

Но в целом мире не было людей
Забитее при всей наружной спеси,
И участи забытей и лютей,
Чем в этой цитадели мракобесья.

Хуыцау ма зæгъæд, æмæ ацы ныхæстæй Ирыстонмæ дæр исты хауа…

Адæмы мæгуырыл, се ‘вадат, æвæрæз цардыл дзурæг аивады сызгъæрин дуг. Мæнæ Нигер йæ дудагдæр-судзагдæр рæнхъытæ сусæгæй куы фыста, размæцыд фæскомцæдис та партийы æнувыд хъæбул куы уыд æвæллайгæ фæллойы ома, нымудзын æмæ дзырдхæссынæй, кулак кæнын æмæ «адæмы знæгты» пъадвалты марынæй, уыцы амондджын, хæсты размæйы дуг...

О, о: поэт-фыссæг цы рæстады аргъ скæна, цы ирд ныв ныффысса йæ дуг-йæ рæстæгæн, уый иу историчы бон дæр нæ бауыдзæн, аивадон уацмыс сфæлдисæг ма уæд, æндæр. Æмæ ма ноджыдæр иу хатт æрхæссон Нигеры æмдзæвгæ, бирæ азты йын боны рухс чи нæ уыдта, трагедиондæр æмæ æбуалгъдæр йæ удрыст, йæ тугхæлдæй æмбал зынтæй ссарæн кæмæн у суанг дунейы поэзийы дæр, уый – кæд дзы советон хицаудзинады адептты зæрдæтæ на ныккæрздзысты, уæддæр:

Иуæй иннæ бон уырыддæр –
Афтæ, гъе, мæ цард æрвитын.
Тайын, ‘руайын æмæ джитын.
Бон, æхсæв – мæлæтмæ сидын.
Зилы сагъæстæй мæ рыст сæр...

Æрдз мын ракодта лæвæрттæ.
Цардмæ рауадтæн ныфсджынæй.
Риуы арт сыгъди цырынæй.
Загътон, хиздзынæн фыдрынæй
Æз сымах – нæ митæвæрдтæ...

Фæлæ никуы æмæ ницы:
Хъуыры сцæнд ысты мæ фæндтæ.
Нæй, нæ сын фæцис цæуæнтæ
Цардмæ, афтæмæй мæ уæнтæ
Дудынц, утæхсынц фыд низы...

Ой, цы мыртæ уыд мæ риуы!..
Ой, цы хæзна уыд мæ сæры!..
Фæлæ арв зымæг нæ нæры,
Булæмæргъ хъызты нæ цæры –
Уæд æрмæст стонг сырд ниуы...

Бонтæ уайынц æмæ згъорынц,
Мæн мæ сау ингæнмæ хонынц...
Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ сæнттæ!..
Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ фæндтæ!..

Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..
Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!
Ам ныл аудæг нæ уыди,
Ам нæ зард бæсты нæ цыди, –
Уым ныл саудалынг æртыхсдзæн!..

Йæ домбай зонды хъизæмар æмæ йæ йæ диссаджы æнкъараг зæрдæйы ‘хсидгæ тугæй ныффыста 1938 азы 23 июны. Хъусут: хæсты размæйы тæхудиаг царды! Æмæ йын æй æрмæстдæр 1966 азы чиныджы мидæг ныммыхуыргæнæг Гуытъиаты Хъазыбегæй дæр хъуамæ ирон аив дзырд разы уа, стæй... Стæй ма йæ ирон зондахаст æмæ удысконд буцæй даринагæй хæссынхъом чи у, уыцы чиныгкæсæг дæр – кæд ныр бонæй цырагъы рухсмæ агуринаг фæцис, уæддæр...

Уый уыдаид, æвæццæгæн, 1954 азы, кæнæ та афæдз фæстæдæр – цæуы мыл цыппæрдæс-фынддæс азы. Зилгæйы астæуккаг скъола...

Цымæ, ахæм сентябрь искуы скодта, æмæ нæм искæцы предметæй ног ахуыргæнæг ма фæзына – ныр уый уыд уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Лигачева (йæ ном мæ мæнæ зыбыты рох куыд фæцис!..) Гъемæ рацæй-рабон æмæ мын уый иуахæмы афтæ куы сфæлгонц кæнид мæ фидæн:

– Борис, ты будешь писателем...

Мæнæ Царциаты диссагæн хæссинаг æмбисæндтæ! Кæцæй æрæфтыдаид уый йæ сæры – Хуыцау ын йæ бæлвырдтæ зонæг, фæлæ йæм кæд, мæ нывæцтæ-сочиненитæ-иу куы каст, уæд æрцыд уыцы хъуыды. А, хæдæгай, фæлæуу-ма, фæлæуу! Æмæ, æнхъæлдæн, тæккæ уыцы аз куы рацыд районы газет «Путь к коммунизму»-йы мæ фыццаг уацмысгонд «Къох». Фæлæ уый иронау фыст куы уыд...

О, цæй! Фыссæг, дам, дæ рауайдзæн.

Нæ, Хуыцау бахизæд лæджы ахæм хæдад æмæ хирвæссонæй, æмæ дæхи фыссæг барджынæй схонай. Фæлæ йед...

Фæлæ бирæ кæйдæрты фыстытæ – радзырдтæ-новеллæтæ, уацаутæ, романтæ куы фæредакцитæ кæнын, кæм æхсæдгæ, кæм та къуыхтæ дæр (уæдæ хуыздæр «Мах дуджы» цы ныммыхуыр кæнæм, зæгъгæ, уыцы катайагæй), уæд, уыдæттимæ абаргæйæ, æз дæр мæ зынæмбарæн дзыбандытæ аивадæн цыдæр бавæййæгтæ фенхъæлын...

Алы ‘фсæнттæй хицæн фысджытæ-лæгтæн тæригъæд кæнæм. Æнæхъуаджы сæ рæвдауæм, æцæг тæригъæд, уыдон хынджылæггаг цы ирон литературæ кæнынц, уый кæй у, уыцы зонд та нæ сæры иувæрсты атæхы... фæскъуыммæ. Фæлæ суанг мыхуыы дæр не ‘ппæт хъæстытæ-фидистæ-додойтæ дæр сау зæхх сапонæй æхсæгау...

Æцæг сæгад, æцæг фыссæджы ном – къæхты бынмæ ‘рхаудта, къæхтæсæрфæнау цыдæр сси. Æмæ уый айдагъ Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы Федерацийы дæр – æппæт губернитæ, республикæты дæр.

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр, æгадæй æгаддæр чи у æмæ уыдоны ‘хсæн – фысты ‘хсæн теуатау чи дары, уый сæхæдæг фысджытæ «гамбургаг нымадæй» зонынц – мæнæ-иу æй хъæбысæйхæцджытæ куыд зыдтой æцæгæй домбайдæрты æнæцæстмæми хъæбысхæсты руаджы (афæдз иу хатт сæ-иу Гамбурджы горæты арæзт ерысты сбæрæг кодтой). Æрмæст тынг скуынæг сты, тынг – иу къуххы ‘нгуылдзтæй фылдæр нал сты «теуа» фысджытæ.

Фæлæ та кæд кæйдæрты фыдæнæн æмæ æндæр кæйдæрты зæрдæйы рухс-ныфсæн Хуыцау иу афон сомбон рауадзид табуйаг Ирон Фыссæджы.

Цы ныхæстæ зæгъынмæ, цы зонды хатдзæгтæ скæнынмæ нæ бауæнды, цы, Хуыцауы комытæф кæмæ хæццæ кæны, ахæм фыссæг! Æз се ‘ппæт кæцæй зонын, фæлæ иу цалдæр...

Александр Пушкин:

...Кто жил и мыслил, тот не может
В душе не презирать людей...
...О, люди! жалкий род, достойный слез и смеха!
Жрецы минутного, поклонники успеха!

...Посредственность одна
Нам по плечу и не странна.
...Беда стране, где раб и льстец
Одни приближены к престолу,
А небом избранный певец
Молчит, потупя очи долу.
...Льстецы, льстецы! Старайтесь сохранить
И в подлости осанку благородства.

...Толпа жадно читает исповеди, записки...потому что в подлости своей радуется унижению высокого, слабостям могущего. При открытии всякой мерзости она в восхищении: он мал, как мы, он мерзок, как мы!

Врете, подлецы: он и мал и мерзок – не так, как вы, – иначе.

...Замечательные люди исчезают у нас, не оставляя по себе следов. Мы ленивы и нелюбопытны.

...Угораздило же меня с умом и талантом родиться в России.

...Я далеко не восторгаюсь всем, что вижу вокруг себя... Но клянусь честью, что ни за что на свете я не хотел бы переменить отечество или иметь другую историю, кроме истории наших предков, такой, какой нам Бог ее дал.

Стæй ма цы фæдзæхст ныууагъта, цы! Фæлæ уый кæд æрцыд, æмæ адæм сæ пехуымпарты зонд сæхицæн фæзминаг зондыл банымадтой?! Æмæ ма уыйадыл абон дæр – 100 азы фæстæ! – нæ байгас Уæрæсейы астæустæджы саст, 1917 азы цы «русский бунт, бессмысленный и беспощадный» æрцыд, уый фæстæ – фæстаг цитатæ Сергейы фырт Александрæй:

*…Не приведи Бог видеть русский бунт, бессмысленный и беспощадный. Те, которые замышляют у нас невозможные перевороты, или молоды и не знают нашего народа, или уже люди жесткосердные, коим чужая головушка полушка *, да и своя шейка копейка.*

Цы стыр курдиат, цы домбай зондæй схайджын кодта Хуыцау Михаил Лермонтовы дæр, цы! Диссагыл дис кæнынæй фæллайын нæ фæтчы, æмæ та сæм фергомыздæхт уæм амæн дæр йæ ныхæстæм. Бынтон цыбырæй.

Цард трагеди кæй у, уый незамантæй нырмæ дзырдæуы. Фæлæ уыцы трагедийæн дæр алы хуызтæ ис, алы фæзилæнтæ, зæрдæсæттæнтæ, цардæнадгæнæнтæ. Зын у, удмарæг у, мæнæ ахæм уавæр дæр, уæдæ нæу, ноджы ма дæ тæккæ цардбаргæ бонты, дæ тæккæ гъæйтт-мардзæ ‘хсидгæ лæппуйы бонты:

И скучно, и грустно, и некому руку подать
В минуту душевной невзгоды.

Æмæ уæд йе ‘рттиваг бонтыл дæр лæг йæ къух удвæлладæй ауигъы, карздæр зын зæгъæн у, ахæм тæрхон рахæссы цардæн – нырма боны рухсмæ тæккæ знон разгъордта цингæнгæйæ, афтæмæй:

И жизнь, как посмотришь с холодным вниманьем
вокруг, –
Такая пустая и глупая шутка...

Цал æмæ цал азы аивгъуыдта, цас дон акалд хидты бынты, цас бæллæхтæ æмæ фæйнæ хуызы ивддзинæдтæ ‘рцыд æхсæндзарды, фæлæ ма уæддæр мæнæ ныр дæр – 2 февралы 2017 азы – лæджы зæрдæ срæхойы: цæуыннæ базыдтой сæ кæрæдзи ацы дыууæ титаны, афтæ цæуыннæ бахæстæг сты, цæмæй сæ кæрæдзийæн удæнцæйттæ уой, уæхски-уæхск цæуой уæлахиздзаутæй «в их жестокий век»...

Уыцы иу заман, уыцы иу бонты ахæм дыууæ генийы рантысæд Хуыцауæй уырыссаг аив дзырдæн! Фæлæ йын цæрæццаг ма фæуæнт, ма йын батайæнт, ма!.. «Под знойным солнцем бытия»...

Кæддæр Петр Чаадаев мæнæ афтæ цыма раулæфыд йæ судзаг хъуыды, зæгъгæ, дам, я предпочитаю унижать и оскорблять Родину, лишь бы ее не обманывать.

Лæджы цард йæ сæрсæфæны былмæ бонæй-бонмæ æввахсдæр кæны, гъемæ фæстæмæ куы акæсай, ссæдзæм æнусы ис-бис æмæ мулкмæ, уæд дзы цас сайд, цас мæнг зæрдæвæрæн ныхæстæ уыд бæллиццаг фидæны тыххæй, цас!

Суанг ма æнхъæлцауы бæх дæр, фæллад циу, уый базыдта уал æмæ уал хатты фыдæнхъæл фæуыны фæстæ...

Æмæ Юрийы фырт Михаил дæр йæ фыдыбæстæ мидæгмæуынæг

цæстытæй йæхимæ æркæсын кодта, æргом ныхасы къæм нæй, зæгъгæ:

Прощай, немытая Россия,
Страна рабов, страна господ…

(Чернышевский Лермонтовы эпигонау куыддæр уайы, æндæр æй цыма фæзмынгæ кодта, уый дæр уырысы тыххæй афтæ фысгæйæ: «Жалкая нация, нация рабов, сверху донизу – все рабы».) Йæ адæмы зæрдæбындæр уарзтæй чи фæуарзы, йæ аиппытæ дæр зæрдæфæлдахæн уымæн басгуыхынц.

Фыдæй фыртмæ, фæлтæрæй фæлтæрмæ адæмæй арф хъуыдыгæнæг чи у, цардмæ æдзух йæ тæбæгъы сæрты чи нæ кæсы, йæ рагъ æмæ ма йæ гуыбыны мæтæй фалæмæ ‘ндæр сагъæстæ дæр кæй зонд æмæ зæрдæ ‘вдæрзынц, ахæм катай-утæхсæн дæр зыдта æвзонг поэт – мæнæ куыд фыста Цæцæны хæцæны иу тугкалæны хæдфæстæ:

И два часа в струях потока
Бой длился. Резались жестоко,
Как звери, молча, грудью грудь,
Ручей телами запрудили.
Хотел воды я зачерпнуть...
(И зной и битва утомили
Меня), но мутная волна
Была тепла, была красна.

Куыд фыссы хæсты æнахъинон бæллæхыл, куыд! Цы детальтæй йæ æвдисы! Пушкин дæр Пушкин у, «Полтава» фысгæйæ, фæлæ кæддæры Джызæлдонау Валерик дæр тугæй – адæмы тугæй! – куыд ссырх æмæ дзы дæ дойны асæттын куыд нæй, уый ныв у, хæсты ныхмæ лæджы зонд ардауæн ныв, фæлæ – ох-хай! Хæст нæ уадзы абоны онг йæ мæлæтхæссæн дзæхстытæ, кæнонтæ.

Уымæн æмæ абоны тугамæст бонты онг дæр нæй бæлвырд дзуапп æрыгон поэты фарстæн:

А там, вдали, грядой нестройной,
Но вечно гордой и спокойной,
Тянулись горы – и Казбек
Сверкал главой остроконечной.

И с грустью тайной и сердечной
Я думал: «Жалкий человек.
Чего он хочет!.. небо ясно,
Под небом места много всем,
Но беспрестанно и напрасно
Один враждует он – зачем?»
....
Чеченец посмотрел лукаво
И головою покачал.

Æппæтæмбарæг цæстытæй уымæн каст уыцы цæцæйнаг, æмæ йæ кæд рагагъоммæ дæр зыдта, уымæй фæстæмæ дæр ма туджы терчытæ кæй ивылдзæн зæххыл – уымæн æмæ, кæд бирæгъ искæд бон тугдзых нал уыдзæн, уæд кæрæф æмæ хæлæгæймард адæймаг дæр йæ кæнон аивдзæн.

Нæ аивдзæн!

Мæнæ абонау сæрхъиппæй уæлæхох куы уæм суанг ахæм – уды хъарм æмæ зонды рухсæй уафт! – аивадон литературæйыл дæр, уæд.

Дзырд фæстæмæ цалынмæ, кæмæ уыд æмæ чи уыд, уый суа адæмы цæсты – Хуыцау! – уæдмæ. Æмæ йæ фæстиат та уыдзæн комкоммæ ахуыргæнджытæ-филологты аххос: фаг сæм нæма ис, æвæццæгæн, филео – уарзт, логосмæ – дзырды ахуырадмæ, лингуамæ – æвзагмæ. Стæй – бинонты.

Кæнæ та ахуыргæнджытæн уæлдæр скъолаты сæхи ахуыргæнджытæ дæр нæма сты Дзырдмæ уарзтæфтауджытæ. Уæлдайдæр ирон мадæлон æвзагмæ...

Ирæтты æмæ æндæр хохæгты уарзта, æви нæ уарзта Лермонтов, йæ номыл уынг æмæ цыртдзæвæны аккаг у – нæу, уыдæттæ сæ койы аргъ дæр не сты. Уымæн, æмæ – уарзта! Æнæ афтæ уæвгæ нæй Хуыцауы комытæфæй цæстуарзонæй, зæрдæпарахатæй хайджын стыр поэт æмæ фыссæгæн.

Хъуыддаг кæд æмæ ‘ндæрырдæм у искæд æмæ искæм, уæд та уый комдзог цæуы АХÆМ фыссæгыл æмæ йæ ‘вдисы фыдæхтауæгæй, йе стырдзинад та у мæнг, æдылы къоппаты æрымысгæ, йæ мæсыг змисæй къуыбырыл амад – иу бон фефсæрдзæн, фæцуддзæн æмæ афæлдæхдзæн...Афтæ дæр ма зæгъын: æмдзæвгæтæ фыссæг табуйаг

поэт куы уа, прозæйæ уацмыстæ фæлдисæг та æнæдызæрдыггаг фыссæг, уæд уый никуы никæй раз ницы хуызы уыдзæн азымджын. Кæд нæ искæй хъæнты кой кæны – æрхуд дæхиуыл æмæ бацархай сæ иуварс кæнынып.

Стæй ма дзырд ахорæны иу ахсджиаг миниуæг: фылдæр хатт, дзæвгар фылдæр хатт рæгъмæ хæссинаг хъæрæй загъд ныхас йæхæдæг нæ вæййы, фæлæ куыд æмæ цы æууæлты, цы хъæлæсыуагæй, цы уавæрты загъд æрцæуы, уый у сæйрагдæр.

Хатыр мæ уæлæнгай зондамонæнтæй, уæлæнгай, о, фæлæ æгæр арæх аззайынц фæсдуар.

Лермонтов та не ʻрдзы ахастæй дæр æмæ хохæгты тыххæй дæр загъта улæфт къуыхцыгæнæн ныхæстæ:

Как сладкую песню отчизны моей,
Люблю я Кавказ.

Стæй: «Горы Кавказские для меня священны...»

…Алы адæмæн дæр æмæ алы бæстæйæн дæр æдылыдзæф патриоттæ сæ цыфыддæр знæгтæй дæр фыдгæнæгдæр сты: дунейы цæсты сæ ʻфтауынц, сæ худæджы хал сын схауын кæнынц. Иугæр цыдæр зондамонæнтыл схæцыдтæн, уæд ма æххæст уый дæр зæгъон, æмæ фыссæджы хæс скъолайы ахуыргæнæджы-хъомылгæнæджы хæс кæй нæу. Уымæн Хуыцау афтæ фæдзæхсы, цæмæй хæрзхъæд аивадон дзырды фæрцы рæдийаг адæймаджы зонд, зæрдæ, уд – йæ ахаст дунемæ, йæ алыварсы цардмæ æнæхæрам кæна, фæрсудза йын сæ галиумæ хъуыдытæй, тæссармæхæцæг æнкъарæнтæй. Цæвиттон, цæмæй адæймаг, цыфæнды æууæлты-уавæрты бахаугæйæ дæр, ма рох кæна, цæрæгойтæй сæйраджыдæр цæмæй хъауджыдæр кæны, уый: хайджын у йæ адæмы æфсарм, сæ фыдæлтыккон фарн, цæсгом, номæй. Æмæ зæрдæйæ: нæ дзы рох кæнынц хæрзгæнæг дæ рæмæ фыдгæнæг дæр, ивгъуыд дуг…

Иугæр бæрæг адæмыхаттæй дæ, уæд дæ уый хъæбул, бæрнон хъæбул. Йæ æххæстбæрнон минæвар.

Дæ мадæлон æвзаг зонын дæхицæн вазыгджын хæсыл куы нæ нымайай, уæд та дæхионтæн бынтон хион нæ дæ – цыфæнды

культурон-цивилизовон, бирæ хуызты размæцыд куы уай, уæддæр...

Кæд бынтон арæх нæ, уæддæр хаттæй-хатт рауайы афтæ дæр, æмæ кæцыдæр адæмæн æндæр туг гуырд свæййы кад æмæ номгæнæг, хионæй дæр ма хиондæр. Йæ равзæрдæй кæцон у, уый йæхицæй дæр æмæ адæмæй дæр ферох вæййы, нал æй фæнымайынц. Фæлæ, зæгъæм, ахæм исчи цæмæйдæр фæфидиссаг, уæд ын йæ цæст къахдзысты, ды уыхæм æмæ ахæм куы дæ, цыдæр кæвдæсард-бастард-дзæгъæлзад, мæнузæгъæг кæмæй ничи уыд æмæ афтæ дарддæр.

Цы хорз ракæнд нын у – мæнмæ гæсгæ дæр – нæ къух алы революцитыл, паддзахадон тыхмитыл, гæрзифтонг сыстадтыл кæй ауыгътам, уый. Кæд æрæджиау, кæд, чи зоны, æмæ бынтон нæма, уæддæр.

Нырмæйы æнусты та мæстджын, фыцгæзонд фæсивæдæн сæ бæрзонддæр тырыса революци уыд, Пушкин бунт кæй схуыдта, уый. Табу йын кодтой, сыгъдæгзæрдæйæ сæ уырныдта, тугныккалды фæрцы тæхудийаг цард кæй ис саразæн, уый. Чи сæ революцион романтиктæ хуыдта ахæмты, чи та дæлимонтæ- бестæ – кæс Достоевскийы роман «Бесы».

Романтиктæм хауы Шандор Петефи дæр – кæд мæхи дæр æмæ искæйты дæр нæ сайын зæрдæаивæй, уæд...

Йæ фыд йæ туджы ратæдзæнтæм гæсгæ уыд сербаг, йæ мад та словакаг, Шандор та сси разагъды поэт... венгрийаг!

1849 азы 26-аздзыдæй, афицер уæвгæйæ, фæмард Шегешварæйы бынмæ уырыссаг хъазахъхъæгтимæ тох-хæсты.

Фыссæгæн та йæ цард æнæ удхайраг кæд уыд æмæ кæд уыдзæн, уæлдайдæр гомзæрдæ поэтæн. Ноджы ма æнæнцой комкоммæ йæхи удыкъоппа æмæ йæ бинонты мæт-сагъæсæй нæ вæййы – йе сфæлдисæг Хуыцауы тæрхонгондæй æдылы у! – фæлæ йæ удхайраг, утæхсæйнаг мæнæ цы фæкæны...

Къостайы генион сæр мæ бахъуыд:

Нæ дзыллæйы зæрдæ –
Мæ хуымгæнды хай;
Нæ бæсты сагъæстæ –
Мæ фæззыгон най.

Африкаг кæй уыд иу поэт, уый ма æрлæууы мæ зæрдыл, фæлæ ном-мыггагæй – нал. Йæ иу æмдзæвгæйы нæхæстæ та æнæмæнгæй ахæм уыдысты – йæ адæмæн фидисгæнæгау-уайдзæфау дзырдта: сымах, дам, уæ зæрдæйыдзæбæхæн уæ хæдзæртты æхсызгонæй хуыссут, стæй нуазут-хæрут, мах та уæ сæрвæлтау нæхи революцион хæстытæм цæттæ кæнæм. Æмæ дзы фæмард вæййæм. Уыйау уыд Шандоры уавæр дæр – адæм, дам, революционерты фарслаcæг не сты, нæ сæ хъæуы сæрибар, быхсынц цагъайраджы æфсондз-къæлæтæн.

Æмæ сабухта йæ маст, йæ хъæлæсæй судзгæ-араугæ æхсидæвтæ схауд – диссаджы, сæ хъæбатырæй диссаджы ныхæстæ зæгъынмæ бахаста йæ поэтикон ныфс:

Венгерец я!
Но стыд лицо мне жжет:
Венгерцем быть мне тягостно и стыдно.
Для всех блистает солнцем небосвод,
И лишь у нас еще зари не видно.

Уæдæ, уæдæ, зæрдæ сау æвзалыгæнæг мастæй смæстджын кæнынц адæм сæ уарзинагдæр гуырдты, æмæ уæд, Лермонтовы загъдау, уыдонæн дæр æндæр гæнæн нал вæййы, æрфæнды сæ:

И дерзко бросить им в глаза железный стих,
Облитый горечью и злостью!..
Революци...
Цытджын Октябрь...

Ирон адæмæн, дам, 1917 азы размæ истори нæ уыд... Раст ма ацы ныхæсты дæр – дымысдæр ныхæсты дæр – цыдæр рæстдзинад ис, цы зарджытæ кодтам, цы эйфорион уацмыстæ фыстам фæсреволюцион цардыл, уыдон ногæй-ногмæ куы æрымысай, уæд...

Фæлæ, поэт Максимилиан Волошины рæнхъыты та цас зæрдæхъыг, зæрдæрыст ис, уый ма нæм бахъарæд, нæ хорз зонды, нæ рæстуд æнкъарæнты ахасты бахаугæйæ уæд та ма:

*С Россией кончено... На последях –**
Ее мы прогалдели, проболтали,
Пролузгали, пропили, проплевали,
Замызгали на грязных площадях,
Распродали на улицах: не надо ль

Кому земли, республик, да свобод,
Гражданских прав? И родину народ
Сам выволок на гноище, как падаль.
О, Господи, разверзни, расточи,
Пошли на нас огонь, язвы и бичи,
Германцев с запада, Монгол с востока,
Отдай нас в рабство вновь и навсегда,
Чтоб искупить смиренно и глубоко
Иудин грех до Страшного Суда!

23. XI. 1917 год

Уый дын дзы «горечь» дæр æмæ «злость» дæр, стæй «Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау» дæр ма.

Куыд нæу раст Николай Рубцов дæр: не мни, дам, что звонко запоешь, нæдæр дæм «горе» куынæ уа, нæдæр «радость». Сæйрæгты сæйраджыдæр та – курдиат... Хуыцауы цæстуарзон лæварæй – лæджы стырдæр цин æмæ удæвдæрзæн лæварæй.

Цы æхсæнадон-паддзахадон хæрæмттæ уыныс дæхи цæстæй, уыдоны тыххæй сæ цæфыл де ‘нæкъæм æргом ныхас цæмæй уæндонæй зæгъæй – уымæн стыр лæгдзинад хъæуы. Уый лæгæн йæ цард йæ армы хæссын кæны, мæнгæфсон халыл хæцгæйæ. Мæнæ Волошинау раст:

Гражданская война
Одни восстали из подполий,
Из ссылок, фабрик, рудников,
Отравленные темной волей
И горьким дымом городов.

Другие из рядов военных,
Дворянских разоренных гнезд,
Где проводили на погост
Отцов и братьев убиенных.

В одних доселе не потух
Хмель незапамятных пожаров,

И жив степной, разгульный дух
И Разиных, и Кудеяров.

В других – лишенных всех корней –
Тлетворный дух столицы Невской:
Толстой и Чехов, Достоевский –
Надрыв и смута наших дней.

Одни возносят на плакатах
Свой бред о буржуазном зле,
О светлых пролетариатах,
Мещанском рае на земле...

В других весь цвет, вся гниль империй,
Все золото, весь тлен идей,
Блеск всех великих фетишей
И всех научных суеверий.

Одни идут освобождать
Москву и вновь сковать Россию,
Другие, разнуздав стихию,
Хотят весь мир пересоздать.

В тех и в других война вдохнула
Гнев, жадность, мрачный хмель разгула,

А вслед героям и вождям
Крадется хищник стаей жадной,
Чтоб мощь России неоглядной
Размыкать и продать врагам:

Сгноить ее пшеницы груды,
Ее бесчестить небеса,
Пожрать богатства, сжечь леса
И высосать моря и руды.

И не смолкает грохот битв
По всем просторам южной степи
Средь золотых великолепий
Конями вытоптанных жнитв.

И там и здесь между рядами
Звучит один и тот же глас:
«Кто не за нас – тот против нас.
Нет безразличных: правда с нами».

А я стою один меж них
В ревущем пламени и дыме
И всеми силами своими
Молюсь за тех и за других.

22 ноября 1919, Коктебель

Аивадон литературæ æмæ историйыл бæргæ æмбæлы кæрæдзиуыл æнгом бастæй, æнувыд цæдисæй царды къуыппытæ æмæ гуыргъахъхъытæ, æмлæгъз цъæх фæзтæ-быдыртæ æмæ уынгæгком æмæ уæрæхком хæхтæ цæрæццаг уырнинагæй æвдисын, царды зарæг дæр æнæ сайдæй хъусын æмæ судзаггаджы хъарджытæ дæр нæ сусæг кæнын.

Æмæ уый бафæндыд, раст тæккæ ахæм зондыл хæст уыд фæсреволюци Къоф-Фæрнион-Фæрниаты Къоста дæр: хъуамæ, дам, лæгæн бар уа йæ хъуыдытæ æргомæй зæгъынæн-фыссынæн.

Йе ‘рыгон, йæ цардагур хурхыл ын – фыццаг ирон романы авторæн – нæ разагъды тугхортæ кард рауагътой...

Фæлæ уыцы бел дæр нæма сарæзтæуыд, æмæ царды фæткы рæстдзинад чи баныгæна – нæй йын йæ сæр æнæ сдаргæ мæнг хабæртты дурцæнды бынæй дæр. Æмæ, бæргæ, æппæт ахуыргæнæн бынæтты дæр, историон цаутæ стыр поэттæ æмæ фысджытæ цы зæрдæ, цы цæстæй уыдтой, афтæ æвдыст куы цæуиккой, уæд нæм, чи зоны, бæгъæнæграгъ æмæ афтид ахсæнæй дæр, цыфæнды мæстджын æфхæрдæй дæр революцимæ ничиуал бæллид нæ иу сæрхъипп фыссæгау, – дон дæ куы ласа, уæд какон сындзджын къалиумæ фæлæбурæгау у уый: нæ йыл ныддæвдæг уыдзынæ...

Æмæ фæсреволюцийы цаутæ Иван Бунин дæр ирдæй равдыста йæ

цæссыг, йæ тугудæст очерк «Окаянные дни»-йы. Зонын æй, о, нæ нæ ‘вдæлы уый дæр æнæхъæнæй бакæсынмæ, фæлæ уæд та не ‘хсæвы хайæ ратонæм иу цъус æмæ дзы базонгæ уæм (чидæртæ ногæй) уæд та ма иу цалдæр цитатæимæ, Бунин стыр фыссæг кæй у, литературæйæ Нобелы премийы лауреат, уый хатырæй, уый нæ рохст зæрдыл даргæйæ. Стæй ма мæн дæр уæдæ кæд равдæлдзæн нæ хъуынацъар зонд дымгæмæ бадарынмæ – ай бынтон зæрдæхгæд куы кæнæм нæ тугамæст ивгъуыды рæстдзинæдтæм. Сайд зондæй та адæймаг цæй ныманнаг лæг у, цæй... Æмæ та уый адыл цъатайæ дæр æнцон сайæн, кæнæ суанг зыгуымы муртæй дæр!

Алексейы фырт Иван цы цаутыл дзуры, цы царды ‘вирхъау нывтæ ‘вдисы, уыдон сты 1918 æмæ 19-æм азты цæсгом.

Елбыздыхъо, дам, афтæ фæдзæхста:

– Бакæс, ирон, бакæс, æмæ исты базонай!

О: æмæ нæм исты бахъара, æмæ та кæд нæ фæзминаг фыдæлтау (кæд уыдысты, цымæ, ахæм фæзминаг, кæд – цы замантæ-дугты, афонтæ-рæстæджыты?) райдаиккам хорз æмæ ‘взæры, раст æмæ зылыны кæрæдзийæ иртасын – базониккам та нæ сæр сæрмæ хæссын, æвзæр кардæй та нæм фæрæт тæхудиагдæр æркæсид, худинаджы цардæй та...

Бæгуыдæр ма нæм ис нæртон лæгтæ... Беслæныхъæуы удæуыылд, туг æмæ зæрдæхæлд мадæлтæ, фæлæ уыдоны тыххæй ныхас цæугæ-цæуыны, уæлбæхæй дзургæйæ кæнинаг нæу (иу заман æй цыма загътон, фæлæ та йæ сног кæнон: иу фарны хъуыддаг дæр, иу лæгдзинад æвдисæг хабар дæр ацы дунейыл ахæм нæй, æмæ ирон лæджы фыртæн чи нæ бафта йæ къухты! Стæй иу аллайаг, иу æлгъыстаджы хъуыддаг дæр нæй царды сконды, æмæ дызæрдыггаг ирон лæджы фыртæн скæнын, царды мыггагмæйы худинагæй рауадзын кæцы нæ бантыса!).

А, хæдæгон, Бунин!

Сосойы тыххæй йын коммунистон размæцыд ирæттæй йæ ныхæстæ чи зоны, уыдоны йæ зонд, ай-гъай, ницæмæн хъæуы. Иван Алексеевич Ленинимæ гуыргæ иу аз ракодтой, мæлгæ та Бесойы фыртимæ, фæлæ уый авд мæйы цыма фæстæдæр. О, æмæ, дам, генералиссимусы зианы хабар куы фехъуыста, уæд атыдта йæ масты дзæкъул – загъта: «Вот и сдох, наконец, этот скотина!»

Ленины та нын кæд æмæ хуыдта «нравственный идиот». Гъемæ ма йæ советон зынгдзагъд зондахаст фæнычы норст кæмæн нæма у, уыдон ыл мæрдтæм дæр батутæ кæнæнт. Дунемæ æнæ фæлмæвæрд цæстытæй чи ракаст, сырхавг кæсæнцæстытæ кæуыл нæй, уыдонæн та йæ амынд очеркæй, кæд чысылтæ зивæг кæнын, уæддæр чысыл цыдæртæ рафыссон...

...В «Известиях» статья, где «Советы» сравниваются с Кутузовым. Более наглых жуликов мир не видел. (Ой-йо-йой, Иван Алексеевич!.. Абон цы стигъæг адæм ис Уæрæсейы Федерацийы, уыдон ахæмты цот сты, сæ байзæддæгтæ. Уыцы жуликтæ схицауад сты, уымæн æмæ дзургæ иу хуызы кодтой, кæнгæ ‘ндæр хуызы, хъуыды та бынтон цæхгæр æндæр хуызы.

...Опять несет мокрым снегом. Гимназистки идут облепленные им – красота и радость. Особенно была хороша одна – прелестные синие глаза из-за поднятой к лицу меховой муфты... Что ждет эту молодость?

...На углу Поварской и Мерзляковского два солдата с ружьями. Стража или грабители? И то, и другое... Читали статейку Ленина. Ничтожная и жульническая – то интернационал, то «русский национальный подъем».

Хæрз æрæджы дæр ма нын Ленин æнæстъæлф хур уыд – йе сконд хицаудзинадæй карз æфхæрд поэт Цæрукъаты Алыксандр дæр ыл фыста, зæрдиагæй йын аргъуыцгæнгæйæ:

Æз Ленины федтон, цыма уыд фынæй,
Æз Ленины федтон – мæлæт кæмæн нæй.
......
Æгас зæххы къори ысуыдзæн зæрдæ,
Ысуыдзæни Ленины судзгæ зæрдæ.

Фæлæ кæд исчи фынæй уыдис, гомдзæстæй, дзагъырдзæстæй фынæй, гипнозæй, зомбигондæй фынæй, уæд мах, милуангай дзыллæтæ. Нæ дзæвгар хай абон дæр – 2017 азы февралы – нæма ‘рчъицыдта, ногæй та сæ абоны тыхст-уырыд царды уавæр Маркс-Энгельс-Ленин-Сталинкы къæм абадын нæ уадзы...

О, о: история, дам, учит тому, что она ничему не научает. Ее

урок не идет впрок, – мæхицæй бафтауон, кæд мæ зонд фидиссаджы æнæбон у, уæддæр.

Владимир Дальмæ мæ кауæн ахæм уис, ома, æмбисонд ссардтон: «Не один урок нам задавал поляк: пора бы нам поумнеть». Ам дзырд «поляк»-ы бынаты «истори» бавæрын æмбæлы.

...Они (ома, Ленин æмæ Троцкий), *повторяю, никак не ожидали своей победы в октябре*, – адон цавæрдæр Тихоновы ныхæстæ сты, Бунин сæ фæлхаты. Æмæ дарддæр: – *После того, как пала Москва, страшно растерялись, прибежали к нам в «Новую Жизнь», умоляли быть министрами, предлагали портфели...*

Одессæйы фыстытæ-боныгæй (1919 аз):

...Мертвый, пустой порт, мертвый, загаженный город. Наши дети, внуки не будут в состоянии даже представить себе ту Россию, в которой мы когда-то (то есть вчера) жили, которую мы не ценили, не понимали, – всю эту мощь, сложность, богатство, счастье...

...В человеке просыпается обезьяна. (Ома, революцийы бонты.)

...И это ожидание чего-то, что вот-вот придет и все разрешит, сплошное и неизменно-напрасное, конечно, не пройдет нам даром, изувечит наши души, если даже мы и выживем.

... Против наших окон стоит босяк с винтовкой на веревке через плечо, – «красный милиционер». И вся улица трепещет его так, как не трепетала при виде тысячи самых свирепых городовых.

... «Блок слышит Россию и революцию, как ветер...» О, словоблуды! Реки крови, море слез, а им все нипочем.

Ницы цæуы, уæуу мæнæ, фендджын арвы бын ногæй – Бунин историк Васили Татищевы чиныг «Российская история»-йæ скъуыддзаг æрхаста, уартæ Æвддæсæм æнусы фыст чиныгæй:

«Брат на брата, сыневе против отцев, рабы на господ, друг другу ищут умертвить единого ради корыстолюбия, похоти и власти, ища брат брата достояния лишить, не ведуще, яко премудрый глаголет: ища чужого, о своем в оный день возрыдает...»

...Народ сам сказал про себя: «Из нас, как из дерева, – и дубина, и икона», – в зависимости от обстоятельств, от того, кто это дерево обрабатывает.

...Вспоминаются и другие замечательные его (ома, Герцена) строки: «Нами человечество протрезвляется, мы его похмелье... Мы канонизировали революции... Нашим разочарованием, нашим страданием мы избавляем от скорбей следующие поколения».

Нет, отрезвление еще далеко.

Нæхæдæг дæр, ома, хуымæтæг адæм, иудадзыг хуыздæр фидæнмæ ‘нхъæлмæгастмæ зæрдæргъæвд адæм, æнæ диссаг-æмбисонд не стæм: иу сем нæ, фæлæ нын æвдай азы дæргъы семтæ дæр нæ зонд срæсуггæнынæн нæ фæахъаз сты. Афтæмæй йæ латинæгтæ – зонды къуыбылойтæ! – уартæ кæд æмæ кæд загътой:

– Исход дела – наставник для неразумных.

Нæй, не ‘ргом, нæ фæсмойнаг рæдыдтыл дæр нæ ахуыр кæнæм... рагон бæхтæрæгау. Цæвиттон, файтоны бæхтæрæг бæлцæтты йемæ бадын кодта, фæндаг, дам, мæнæй хуыздæр ничи зоны, зæгъгæ. Фæцæуынц. Уалынджы гуыпп-рыпп-цæлхъ, æмæ – цалх асаст æмдзæхгæрбылтæ дзыхъхъы. Бæхтæрæг йæ къухтæ фæйнæрдæм аппары:

– Мæнæ Хуыцауы диссаг: æппынæдзух дæр тæккæ ацы ран фæвæййы дæндагсаст мæ цалх!..

...Разве многие не знали, что революция есть только кровавая игра в перемену местами, всегда кончающаяся только тем, что народ, даже если ему и удалось некоторое время посидеть, попировать и побушевать на господском месте, всегда в конце концов попадает из огня в полымя?

...Шел и думал, вернее, чувствовал: если бы теперь и удалось вырваться куда-нибудь, в Италию, например, во Францию, везде было бы противно, – опротивел человек!..

...Мимо нас несут покойника (не большевика). «Блаженни, иже избрал и приял еси, Господи...» Истинно так. Блаженны мертвые.

(Гъа, æгъæд фæуæд Бунины мастифтыгæд, зæрдæрыст сагъæстыл нæ ‘фтауæг ныхæстæй нæ быронхæццæ зонд фæрсудзын, дымгæмæ йæ дарын.)

...Зинаидæ Гиппиус...

Цыдæртæ йын зонын йæ царДвæндагæй, цыдæртæ дзы кæсгæ дæр бакодтон - мæнæ æрæджыты, мæ зæры дуджы... Институты суанг филологон факультеты ахуыры азты та айдагъ йæ кой дæр уыдис, æндæр-фæдзæхст уый сфæлдыстад дæр.

Æмзонд, æмвæнд адæмæн, дам, æмдыхæй хох дæр нæ лæууы. Фæлæ, цымæ, искæд рæстæджы, фæсмонгонд кæд нæ фесты, кæд, ахæм иумæйаг хъуыддаджы фемзонд, фемвæнд æмæ фемдых уæвæг адæм, суанг ма сæ революциты дæр? Зындоны фæндагыл мыд ныччынди, зæгъгæ, сын-иу развæлгъау чи дзырдта, рæдийынæй-иу сæ чи фæдзæхста, уый ныхас сæм искуы бахъардта?

Æмæ уæд сæ тæригъæд сæхицæй дарддæр кæй у? Цæмæн у адæмы тæссармæ, зыгъуыммæ, галиумæ ардауын, мастгуырæн фæсмойнаг фæндагыл сæ аразын бирæ ‘нцондæр бантысæн, къухы бафтæн?!

Стыр Октябры Социалистон Революци Ленин йæхæдæг дæр паддзахадон фæфæлдæхт хуыдта, Гиппиусæн та йæ тæккæ цæфыл дæр – æртæ боны фæстæ! – тугдзæссыгæй кæуинаг-æрдиаггæнинаг фæцис:

Блевотина войны – октябрьское веселье!
От этого зловонного вина
Как было омерзительно твое похмелье,
О бедная, о грешная страна!

Какому дьяволу, какому псу в угоду,
Каким кошмарным обуянный сном,
Народ, безумствуя, убил свою свободу,
И даже не убил – засек кнутом?

Смеются дьяволы и псы над рабьей свалкой,
Смеются пушки, разевая рты...
И скоро в старый хлев ты будешь загнан палкой,
Народ, не уважающий святынь!

29 октября 1917 года

Нал мысын Максим Горькийы уæдыккон ныхæстæ æмæ хъуыдытæ дæр йæ чиныг «Несвоевременные мысли»-йæ: боныфæстагмæ бафидыдта большевиктимæ, Ленинылл лакæй бæзджын сæрст очерк дæр ныффыста, пролетарон цавæрдæр литературæ æмæ цавæрдæр социалистон реализмæн дæр бындурæвæрæг сси, Хуыцау кæмæн нал ис æмæ, хатыр циу, уый чи нал зоны, ахæм цъаммар лæджы ныхæстæ дæр дзы сирвæзти, æмæ йæм мæ зæрдæ бынтон фæизгард:

– Если враг не сдается, его уничтожают!

Æмæ цæуыннæ не «сдается», цæуыннæ? Чи у йæхæдæг та лæджы уацарыисæг, хъазайраггæнæг?

...Фысгæ-фыссыны тынг фæллайы лæг, æмæ дын æрдæбон чысыл сулæфыны охыл телевизор скусын кодтон. Æмæ та Трамп! Йæ чызджы дуканиты, дам, ын ничиуал ницы æлхæны фыддæрадæн... йæ Президент фыды фыдæнæн. Стæй, дам...

Мæнæ царциатæ!

Стæй, дам, хуымæтæг тæрхондон чи у, кæцыдæр районы тæрхондон, уый Америчы Иугонд Штатты Президент Дональд Трампы Уынаффæ рæстæгмæ аивта, цæлхдуртæ йын йæ размæ æрæвæрдта!

Уæдæ ма махон урсæй сау-сауид зæгъæд, фыхæй хом-хомид, цъæгæй рæгъæд, адылийæ дисны, путæй джиранка, уæд, цымæ, йæ ныхмæ схъихъхъ кæнын дæр бауæндид районы тæрхондон нæ, фæлæ Сæйраг дæр, кæнæ суанг Конституцион дæр!..

Æниу сæрибаруарзаг, сæрыстыр, Советон Цæдисы Хъæбатырты куырдадз Ирыстон та?

Сæргълæууæг, Разамонæг, Къухдариуæггæнæг, Фæтæг ын чи уа, уымæй йæ уынаффæйæ фæрсæг ис?

Стæ-ма ‘фстаугур – зонды зынггур – фурд суадонмæ цæуæгау нæ, фæлæ суадон фурдæн лæгъстæйагæй куы бацæуин, зæгъæм, поэт Георги Ивановмæ. Махæн, советон чиныгкæсджытæн, уый дæр, бынтон æрæджиау кæйты базыдтам, уыдонмæ хауы...

Цас сты, æнæкæрон цас сты лæджы масты дзæкъул дымсджытæ: нæ тæккæ зæрдæргъæвд куы уыдыстæм ахуырмæ, Марксы загъдау, наукæйы айнæг къæдзæхтæ ‘хсынынмæ; нæ тæккæ чиныгуарзгæйæ, æвæллайгæ цæстджынтæ, уæд нын бар нæ уыд амæй ай хуыздæр æмæ стырдæр поэттæ æмæ прозаикты уацмыстæ кæсынæн – нал сæ нымайын номæй-номмæ. Уый хыгъд компартийы æнæнымæц пленумтæ, конференцитæ æмæ съездты раныхæстæ-æрмæджытæ конспект кæн, Ленин, Сталин, Хрущев, Брежневы докладтæ дæ мыггаг – дæ номау зон. Стæй сæ ферох кæн: иуæн дзы йæ культ райхъуыст дунемæ, иннæмæн – волюнтаризм, аннæмæн, Ленины номыл премитæ цы чингуытæ-брошюрæтæн райста, уыдон ын къорд лæгты – æххуырстыты – фыст разындысты.

Сæрибар нæ чи скодта, уый та нын æппæтæй æнæуынондæр у,

Бог, дам, шельму метит, зæгъгæ: йæ сæр дзыгъуыртæй рахаста йæ райгуырдæй фæстæмæ – Мишка-меченый, Горбач, дам...

...Иванов Владимиры фырт Георги. Уаддзалх адæмæй у уый дæр. Райгуырæн бæстæ Уæрæсе – фæсрагъ аззад, разæй та фæсарæнтæ, æцæгæлон бæстæ, æцæгæлон адæм...

Поэт. Прозаик. Мемуарист. Литературон портретты автор.

Цы хорз уаид йæ уацмыстæ йын ногæй бакæсын, фæлæ кæм уа рæстæг, кæм уа цæстытæ, кæм уа кæйдæр судзгæ-араугæ рыстытæн быхсон зæрдæ – йæ фæрстæ мын куы стæнæг сты бонты дæрзæгыл сæхи хафгæ, сæхи къуыргæ, алцыппæт – æдылы къоппа! – уымæ, зæрдæмæ хæстæг исгæйæ.

Поэзийы ныхæстæ зæрдæйы цæхæр, кæнæ йе схъисджын састæй куы райгуырынц, чиныгкæсæджы уарзæгой удæн æвдадзы хос æрмæст уæд басгуыхынц.

Поэзийы!

Айдагъдæр Поэзийы!

Æмæ сæм мæнæ мæнау уæхи батавут, аив дзырд Хуыцауы æрымысгæ, æрхъуыды, сконд Дзырд кæмæн у, уыдон. Йæхæдæг Хуыцау дæр, Хуыцау чи у!

Иннæтæм та сæ графоманон мæгуырдзинад кæй нæ хъары, уымæй амонддзын сты. Фæлæ ахæм амонд хæлæггаг цыма нæу: цы мæгуыр, дам, дæ, цы, æрмæст æхцайæ хъæздыг чи у, уый!

Кæсæм Георги Ивановы рæнхъытæ, зæрдæ æмæ зонд агайæгтæ:

Хорошо, что нет Царя,
Хорошо, что нет России.
Хорошо, что Бога нет.
Только желтая заря,
Только звезды ледяные,
Только миллионы лет.

Хорошо, что никого,
Хорошо – что ничего,
Так черно и так мертво,

Что мертвее быть не может
И чернее не бывать.
Что ничего нам не поможет
И не надо помогать.

* * *

Россия – счастие. Россия – свет.
А, может быть, России вовсе нет.
И над Невой закат не догорал,
И Пушкин на снегу не умирал,
И нет ни Петербурга, ни Кремля –
Одни снега, снега, поля, поля...
Снега, снега, снега... А ночь темна
И никогда не кончится она.
Россия – тишина. Россия – прах.
А, может быть, Россия – только страх.
Веревка, пуля, ледяная тьма
И музыка, сводящая с ума.
Веревка, пуля, каторжный рассвет
Над тем, чему названья в мире нет.

* * *

Это звон бубенцов издалека,
Это тройки широкий разбег,
Это черная музыка Блока
На сияющий падает снег.

...За пределами жизни и мира,
В пропастях ледяного эфира
Все равно не расстанусь с тобой!
И Россия, как белая лира,
Над засыпанной снегом судьбой.

* * *

Эмалевый крестик в петлице
И серой тужурки сукно...
Какие печальные лица,
И как это было давно.
Какие печальные лица,
И как безнадежно бледны –
Наследник, императрица,
Четыре великих княжны...

Николай Дыккæгæмы бинонтæ. Большевиктæ сæ уацары райстой æмæ сæ æд фæсдзæуинтæ Ипатьевы хæдзары пъадвалы... Чи сæ мардта-æхста, уыдоны та уый Хуыцауыл фæдзæхста-сæ къæхты бын ссæст паддзах, бахатыр, дам, сын кæн сæ тугæйдзаг – АХÆМ тугæйдзаг тæригъæд, уымæн æмæ, дам, цы кусынц, цы мигæнæг сты, уый сæ сæр нæ ахсы. Нæ бакаст Хуыцау йæ коммæ æнамонд фыдæн, нæ ныббарста уыцы тугныккалд, Ленин бындур кæмæн сæвæрдта æмæ йын нæхи Сосела та (фæлтау, дам, дæ сауджын куы рауадаид, – йæ мады ныхæстæ, йæ мардмæ дæр кæмæн нæ ныццыд Мæскуыйæ Калакмæ, уыцы æлгъыст мады ныхæстæ...) йæ къултæ-сæртæ кæмæн сарæзта – уый ныккалд, йæ хал – йæ бæндæн схаудта зындонмæ Гитлеры цинæн дæр...

Нобелы премийæ хорзиуæгджынæн – ома, Бунинæн, Ленин æмæ Сталин ахæмтæ-ухæмтæ сты, зæгъгæ йын уæлдæр куы 'рхастон йæ ныхæстæ сæ дыууæйы тыххæй дæр, абоныккон – XXI æнусы – поэттæ та сыл ногæй-ногмæ фыссынц:

О стыр фæтæг! Кæмæн баззад дæ бæстæ?
...
Уыдтæ на фарн, нæ рухс цардæн гæнах,
Æрæнцад хæст, ныууагъта знаг йæ хахуыр,
Ды скодтай, ды, нæ тугдзыхты æрмахуыр,
Зыдтой сæ бынат турк æмæ вайнах.

Ам не сталинист поэт турк хоны балхъар æмæ хъæрæсейæгты.

Иннæ зарæггæнæджы айдагъ иу хъуыдыйад дæр кæуылты æнхъæвзы, кæуылты:

Æз Путинæй Ленины мондæгтæ исын...

Уæдæмæ цы хорз у афоныл дæ къамтæ дæр æрæвæрын: æз ахæм поэтты – дымысдæрæг æмæ сыхаг адæмты 'хсæн фыдæхтауæг – фыссæн систæ хонын «къамтæ»...

Стæй йын уыцы зонд æргом ныхасæй йæ тæккæ цæфыл уæндонæй стыр хæраймаг зонд хонын. Уый йæхæдæг дæр тæссармæ цæуы æмæ коммæгæс чиныгкæсæджы дæр йæ фæдыл сайы.

О: гъемæ дын иуахæмы мæ цæсты нымад, кадджын, бæрзонд æвæрд ахуыргонд чызг, литературæиртасæг Мамиаты Изетæйы бакъуымы кодтон:

– Цæмæн феппæлыдтæ-фестыдтай, цæмæн рахастай аивадон уацмысы уæлæуæз рæгъмæ уый æмæ уый уацау, æппындæр уый аккаг куы нæу, уæд?

– Йæ темæ ахсджиаг у æмæ...æмæ...

– Темæйы теман! Темæтæй фылдæр цы ис!

Æмæ дзы иу дæр ахæм вазыгджын нæу уыцы теман темæтæй, ахæм уæззау, зын бакæнæн аивады фæлгæтты, разагъды графоман дзы йæ ныфс кæмæ нæ бахæсса. Гъемæ сæ аивадон æмбудæнтæ рагæй дæр æнудгонд кæмæн сты – Изетæйæ нæ зыгъын! – ахæм критиктæ æмæ литературæиртасджыты ахъазгæнæг уацты фæрцы Граф О 'Мантыл дæр фысджыты ном баныхæсы. Стæй ма 'ндæр цытгæнæг нæмттæ дæр...

Лæг йæхæдæг дæр цыдæртæй гæххæт хъулонгæнæг кæй у, уымæй мидыстъæлфын райдайы, дæхимæ уал фен, зæгъгæ...

Афтæмæй æцæг фысджытæ бынтон куы ныххъхъус уой, уæд дуртæ дæр ныдздзыназдзысты.

Афтæмæй: Пуще всех богатств берегите слово, – загъта Лукиан Самосатайæ, Сири. Нæ эрæйы II æнус.

Император Фридрих Дыккæгæм загъта: «Æз мæ дæлбартимæ ахæм бардзырд сарæзтон, æмæ уыдон, цыдæриддæр сæ фæнды, уыдæттæ фыссынц, æз та, мæн цыдæриддæр фæнды, уый кæнын».

Ау, абон дæр ма æцæг афтæ уа – уартæ кæд æмæ кæды загъд сты Герберт Уэллсы ныхæстæ:

«Вряд ли будет преувеличением сказать, что в настоящее время у рода человеческого повредился рассудок и у него нет ничего более настоятельного, чем восстановить умственный самоконтроль.

Мы считаем человека безумным, если руководящие им мысли настолько не соответствуют окружающей действительности, что он опасен и для себя, и для общества. Такому определению безумия вполне соответствует нынешнее человечество».

Нæ, нæ! Бынтон афтæ дæр нæу, бынтон афтæ!

Кæддæриддæр ис хуры тынтæй уæфт-нывæст адæм, мидрухсæй дзаг, Хуыцауæн йæхи Хуыцау хонынæн – Хуыцауæй зонынæн – бардæттæг адæм, æмæ фыссæг дæр, уыдоныл хъуыдыгæнгæйæ, хурхæй мары йæхи: кæд ын бантысид йæ уды хардз-фæлхасæй æлхæд дзырды фæрцы адæймагæн бæрæг хæрзты бацæуын. Æндæр уæдæ цы ныфсæй ис цæрæн дæр æмæ ма ноджы истытæ фыссæн дæр?!

Нæдæр рын сыстад, нæдæр – аудæг Хуыцау ма зæгъæд, – хæст ныццæхæр, уæддæр, лæг сыл йæ цæст куы ахæссы, уæд æгæр бирæ фæсивæд фæцыд æдзардæй се ʻнусон бæстæм!.. Æмæ дзы куы чи æрбалæууы зæрдыл æнæнхъæлæджы, куы чи – æрмæст дын æмхъæуккæгтæ чи уыд, хуымæтæг зонгæтæ, ахæмтæй дæр.

Азиаты Блу (Эльбрус), Январбеджы фырт, йæ мад бругаг чызг, Тамарæ. Се ʻппæтмæ дæр фæзминаг миниуджытæ уыд. Блу йæ уæнгты æвæрдæй, йæ рæвдз азмæлдæй – саджы фисынтыл фидæрттæ амад, фæлæ йæ цыдæр низ бацырын кодта æцæг дунемæ аивгъуыйынмæ.

Иттæг зæрдæхæлар – домбай лæппутæ куыд вæййынц, афтæ. Кусæг, фæллойгæнæг, стæй дзырдмондаг. Уæлдайдæр-иу не ʻфсæст футболы тыххæй дзурынæй: чи кæд кæмæй рамбылдта, цал портийы бакъуырдта иу кæцыдæр хъазты Пеле; цы ʻмбисонд уыд Гарринча; кæд æмæ кæмæй фембылды Калачы «Динамо», Калоев ма дзы куы хъазыд, уæд. Яшин Хомичæй дæсныдæр дуаргæс у, æви цауддæр; Неттойæн, Стрельцовæн, Симонянæн, Воронинæн, Понедельникæн абон исчи æмсæр æмбал у, æви – нæй ахæм, æмæ советон нæргæ футбол йæ боны фыддæртæм æрхæццæ: саутæ йыл дарæм...

Хæлæг-иу æм кодтон, цыдæр дæ афтæ æндавæд, афтæ ахсджиаг дын уæд, зæгъгæ.

Нæхи футболисттæн та, кæмæн цал тъанджы ис, Блу уый дæр цыма зыдта. Кæд æмæ кæм кæцытæй рамбылдтой цы хыгъдæй, стæй хæрды дæр æмæ хæрæгсаст дæр кæд æмæ кæимæты фесты, кæй фæрцы рамбылдтой æмæ хъазты кæцы минутыл; кæй аххосæй сын батардтой, цавæр тæрхонгæнæгæй хъуыд раджы дæр сапæттæ скæнын: «Судью – на мыло!»

Уыдæттæ дæр – хорз фæуæнт. Фæлæ-иу «Спартак» – Ирыстоны футболон командæ – кæмдæриддæр хъазыдаид, уым-иу Блу балæууыд гæнæн æмæ амалæй. Æмæ йæ иударон ныхас та, хирастгæнæгау, ахæм уыд:

– Æз сæм иронау мæ хъæлæсы дзагæй куы ныййæлæлæй кæнын: «Ирæттæ, размæ!», уæд уый цыфæнды пасæй дæр Папелæйæн ахъаздæр вæййы! Куы йæ зониккат, æцæгæлон бæсты ирон дзырд фехъусын цы амондау у, уый!..

Рухсаг уай, дзæнæты фæбадай, сыгъдæгзæрдæ Блу! Ирон дзырдмæ æцæгæлон бæстæйæ, цымæ, йæ фыдæлты зæххыл абон стæмдæр хатт не ʻрхауы хъæлæсы бар?..

Блуйы фыд Январбег...

Куыста Европæйы мидæг нартхоргуысты егъаудæр комбинаты – Беслæны. Æрмæст æй нартхоры комбинат нæ, фæлæ нартхорæн йæ испайнаг номæй хуыдтой – маис, маисон.

Гъемæ Январбег уыд комбинаты егъау æфтауцуат скълады бæрнон гæс, уым та цынæ хæлæггаг хъæздыгдзинæдтæ уыд, цынæ! Æмæ йæм алырдыгæй фæныхил-фæныхил кодтой, райсæрд-байсæрд, афтæ æмæ уфтæ куы кæнæм æмвæнд-æмдзырд-æмуынаффæгондæй, уæд ацы гæвзыкк дунейы цардæй тъæпп хаудзыстæм, æмæ!..

Уый сын-иу афтæ:

– Æз хæсты дæр уымæй тынгдæр ницæмæ бæллыдтæн, æмæ ма, зæгъын, гъæй-джиди, æнæ фестъæлф-фестъæлфгæнгæйæ дæ зæрдæйы фаг фæфынæй кæн! Æмæ йыл æргом сæттын мæ худинагыл: тарф фынæйæ мын адджындæр иу цард дæр нæу. Æппæтæй хуыздæр фынæйгæнæн хос та у... сыгъдæг цæсгом. Гъемæ: салам-малейкум! Мæнæн ме скълады-æфтауцуаты мыст-уазæгæн бынат куы нæй, уæд ма йæм æз мæхи барвæндæй дыкъахыг уырыты уадзын!

О, фæлæ боныфæстагмæ Хуыцауы фарн æмæ уагылхæст Январбегтæ сихсыдысты, æмæ уал царды тæбæгъ æндæртырдæм фæкъул рувас-кæркгæстырдæм...

Тамарæ, йæ мад Блу-Эльбрусæн, Январбеджы къæбæргæнæг.

Ахæм цинтæ мыл-иу фæкодта ацы сылгоймаг не стæмхатт фембæлдтыты, ахæм рæвдауæн ныхæстыл схæцыдаид, æмæ-иу ын кæд лæгъстæмæ нæ фæдæн, хорз, хорз, Тамарæ, науæд æцæг дæр мæхицæн исты бæстыбикъ-комыдæгъæл фенхъæлдзынæн, зæгъгæ. Фæлæ мын-иу Мустæйæ, мæ фыд Хадзы-Муссæйæ (бынтон æрæджиау æй базыдтон, номæвæрдæй афтæ кæй хуындис, уый – Мустæ йыл йæ мады буцгæнæн номæй ныффидар...) куы ‘ппæлыд, бæлвырд истытæ куы мысыд, уæд-иу хъустæ фестадтæн.

– Уый зард, уый кафтæн дзы æмбал нæ уыд! Ноджы ма-иу Болиаты Джихъхъимæ ерысы куы бацыдысты чызджыты цæстмæ, уæдæ нæ, гъа-ма, чи æмбисонддæр кафт акæнид, зæгъгæ, уæд уыдонмæ, уæлдайдæр Мустæмæ, бакæсын!..

Æз дæр, ног чындзæй, хæсты размæ чындзхæссæг фæдæн семæ уалæ номдзыд Уæлгинскæмæ. Бричкæтыл уыдыстæм, саивтæ сæ кодтам гауызтæ-йедтæй, афтæмæй. Мустæитæ та иу къордæй саргъы бæхтыл. Уæдмæ дæ мады ‘рхаста, сау æмбисонд рæсугъд Дзгоны, Замирæты, о, Замирæты.

Ох æмæ ах, цы адæм, цы фæсивæд ма уыди фыццагон адæмы хъæстæйæ, цы! Æмæ нæхи Бруты, æлдæртты хъæуы дæр... Куынæ скæуин, мæнæ мæ зæрдæйæ мæ хурхыуадындзтæм цы судзгæ-дудгæ уылæн ссыд!..

О, æмæ, дам, сымах уæ фæндаг дарут, – дзырдта Мустæ йæ бричкæджын æмбæлттæн, – æз, дам, мæ барæгбæхджын лæппутимæ, мæ каистæ цас еблуагъæгæнæг сты, уый бавзарон – сæ фыдыус нæм цыма мады рæдау цæстæй ракæсид, æви, дам, сæфт æлгъины цъынддзаст æмæ куырмæлхынцъ æрфгуытимæ.

Хорз сæ кæй федтой, цы баййæфтой, уымæй дæр, уый сæ ныхыл фыст уыд, Уолгинскæмæ куы схæццæ сты, уæд... Фæлæ уал уæдмæ мах, чындзхонтæ, чызджы хæдзары уыдыстæм. Болиатæй йæ бæлвырд кæмæндæр æртъеу-тъеу кодтаиккам хъуамæ, фæлæ мын фыццаджы зæрдæ нал ис, кæцæй ма мын уа мæ цыппарыссæдзæм къæпхæныл æмæ мæ айрох йæ ном. О, о, æмæ, куыд æмбæлы, афтæ нын къæрццæмдзæгъд хъазт скодтой Уæлгинскæ – уый фæсивæдæн, нæ хистæрты та нын сæ нывыл бынæттæм бахуыдтой. Ныр-иу сæйрагдæр алы ран дæр чи кæцырдæм архайæг уыд? Ууыл куыстой, цæмæй уазджыты, иуæй, куыд раппæлинагдæр уыдзæн, афтæ сбуц кæной, иннæмæй та... Иннæмæй та сæ сæхицæй фæдæлдæр кæной, зæгъæм, афтæ, ахæм кафаг не стут: гал бæласмæ бырджытау раст...

Цы кафаг лæппу уыд уыцы иблисы уæлгинскæйаг лæппу йæ цъæх цухъхъаты, йе ‘взист хъамаимæ, йæ цъæх бухайраг худы, цы! Фæлæ та, дам, уымæн дæр, дæ фыд Мустæйау, йæ кафаг уæнгтæ хæсты амæттаг куы баисты – Курсчы бынмæ, дам, танчы мидæг басыгъд...

Дзуринæгтæ ма мын ис дæуæн, æмæ мæ богъ-богъ куынæ срæмудзид... ахъæр кодта Тамарæ сæ кæртырдæм:

– Блу, дон-ма мын раскъæф! Цъайæ... – Стæй мæнæн: – Цы диссаг стут ныры адæм, цы: ныр дæм цал хатты æрхатыдтон амæй размæты дæр, мидæмæ ма нæм рацу, æз дæм зæронд къамтæ дæр равдисдзынæн, зæгъгæ, фæлæ ды... фæлæ дæу никуы февдæлы, æдзух цыбырбаст. Æви нæ дæ сæрмæ нæ хæссыс æмæ мын алы æфсæнттæ фæмысыс?

– Та-ма-рæ! Тугтæ мыл ма мыс ды та: куыд уæ, ома, мæ сæрмæ нæ хæссын? Чи дæн æмæ цы дæн? Фæлæ дын рæстытæ дзурын: мæ цыфæнды ничи æмæ мын ницыйæ дæр нæй рæстæг æвдæлон аныхæстæ-абадтытæн. Зонын æй, фæсмойнаг уыдзынæн уый тыххæй кæддæр, фæлæ... Гъа, хъæрзæгау арф улæфын, мæ къухтæ æнæбоны нысанæн фæйнæрдæм тындзын. Æрмæст дæ уынджы къæйыл æрдæгныхасыл дæр куыд ныууадзон, æнæчетар, æнæджелбеттау.

– Ма ныууадзай! Æртæккæ дын йæ тæккæ цымыдисагдæр... – Блу йæм кæрдæгцъæх æфсæйнаг кружкæйы дон бадаргъ кодта. Райста йæ, цыма тæвд цай у æмæ дзы йæ ком басудзынæй æдас нæу, уыйау дзы хъавгæ схуыппытæ кодта, акалдта йæ сæххæттæй. Æмæ – фæкуыддæрау:

– Ныр æз цы дæн, ныр æз чи дæн? – Ныххудт. – Дон кæстæрæй нуазгæ кæй у, уый дæр – о, фæлæ дын уæздан ныхасæй дæр! – Ныххудт хъæрдæрæй, зæрдæ йæ тæлытæй, сонтæлхъывд тæлытæй уæгъдгæнæг худтæй. – Гъа, мæ разæй баназ дон, зæгъгæ, дам, чи не ‘рхата, уый – куыдз. Чи райса æмæ чи баназа, уый та – дыууæ хатты куыдз. Гъемæ æз – уыцы иухаттон рæйаг, ды та аирвæзтæ фæлварæнæй. Блу, бузныг, дон арæхæй, мæ къона, дæ цард...

Уый – æмбаргæ лæппу – фæцæуæг. Тамарæ йæ арм йæ дзыхы кæрæттыл æрхаста, дарддæры хабæрттæ æлвисынмæ фæдзырдхъом:

– Нымбылдта нын уæлгинскæйаг нæ дзæбæх кафаг лæппу-лæгты

дæр. Æмæ ныббуц, ныхъхъал йæхицæй, уæдæ нæ! Уалынджы мах сусбусу йæ хъустыл сæмбæлд, фæлæуу, фæлæуу, æгæр рагацау суæрыкк дæ зæрдæ, бахъæц, мæнæ Мустæ фæзына, зæгъгæ.

Хæсты размæ дæр Ирыстоны ансамблы кафыд – дæ фыдæй зæгъын, фæлæ йæ Хъызмыдæ, йæ мад, нал ауагъта, схид вæййыс, уæхи кæм æрæхсат, уый та дзы нæй, æмæ, дам, суазал уыдзынæ. Стæй, дам, ныр усджын дæ æмæ дыл нал фидауы, хæдзардарæг чи нæу, ахæм зарагкафаг лæппутæй ма уай, уый...

О, схæццæ сты нæ барджытæ дæр. Бацагътой йын йæ хъусы Мустæйæн, афтæ, æмæ, дам, уфтæ, ныххудинаг нæ кодта нæ фысымты сæрæнгуырд.

Уый дзы кафт уыдис, кафт – кæфтыты кафт! Адæм куыд кæстæрæй фынгтæй сыстадысты, æфсинтæ кæртмæ ракалдысты, чындзы йæ гуырæн хæдзарæй йæ цæрæн хæдзармæ чи рæвдзытæ кодта, стæй йын йæ хæлын дæр чи бæндибæстытæ кодта, раст æй уыдон дæр цыма фæуагътой æмæ 'ппæт дæр, кæрæдзи схойгæ, кæрæдзи сæрты кæсгæйæ, сæ дзыхтæ ныххæлиу кодтой: дæлæ цы диссаг ис, дæлæ цы кафаг зилгæйаг ис!

Мустæ та-иу цъилау куы ныззылд, æмæ та-иу, хæрдмæ хау, лæппу, зæгъгæ, здухгæ-зилгæ йæхи куы сæхста уыцы уæлиау, стæй-иу куы æрдзуццæг æмæ-иу афтæ, дзуццæг бадгæйæ, йæ къахфындзтыл дæрдтыл куы 'рзылд, уæд...уæд...

Цы 'фхæрæн сахат акодта раззаг æмбулæг лæппуйыл та: уæлгоммæдæлгоммæтæ, дам, кодта иуварс цъæх нæуууыл...

Цы фæсивæд бабын кодта Гитлер! Дæлдæр ныххауа, кæм ис, уым... Хæрæджы тъæнгтæ дзы фæхæра…æдзæхххæй!

Æмæ, дам, Мустæ дæр æбæрæгæй фесæфт…

О, афтæ æбæрæгæй ма-иу суанг Советон Цæдисы Хъæбатыртæ дæр фесæфтысты. Фæлæ йæ æз зæронды бон мæхицæн нæ хатыр кæнын: йæ бæлвырд ын цæуыннæ базыдтон цыфæндыйæ дæр, кæд, кæм æмæ куыдæй фесæфт мæ номдзыд фыд, цы зæхх, цы бæсты – Донбассы, æви Одессæйы – ныгæд æрцыд æфсымæрон ингæны? Ме 'рыгонæй ма йæ хæстон æмбæлттæй исчит æгас куы уыдысты, уæд.

Цы ма мæ бафтауы дисы: æмбисонды цуанон, диссæгтæн дзуринаг рæстдзæвин – суанг ма йæ Мæскуымæ дæр ахуыдтой, уæдыккон хæзнаты хæзнадæр патефонæй дæр ма йæ схорзæхджын кодтой, уæд

дзы хæсты снайпер цæуыннæ скодтой – кæд йæ ном уæд дæрдтыл райхъуыстаид. Стæй, ау, дыууæ азы дæргъы йæм иу майдан дæр не 'рхаудта, иу ордены хæррæгъ?! Кæй сгуыхт хæстыты, уый охыл æй цыдæр сержант-старшина куы скодтой...

Æллæх-бæллæх...

Æмæ йе 'ртæтигъон фыстæджытæй та иу дæр цæуыннæ баззад? И, мæ мад? Мæрдтæм ма дæ фæрсын.

Уæддæр мын цы фæндаггæрдæг ныууагъта, цы рæвдауæг ном, сæрыстыргæнæг ном:

– Ай Мустæйы фырт у!

Цас фæсмойнæг цыдæртæ 'ртæфсы лæгыл, йæ адзалы фæндагмæ дзагъултæкæнгæйæ, цас!

...Йæ 92 азы хорзæх уæд Нафийы. Фæлæ æз йемæ иу низæй сæйджыты загъд-замана куы самадтон, уæд ыл ныры цахъхъæнæй къаддæр цыдис: дыууæ-æртæ азы размæ:

– Уыцы тæрныхты тæрныхдæры, дурлæмарæг æмæ мыстæлвынæг графоманы ды фысджыты æмрæнхъ цæмæн æвæрыс? И?!

Стæй уын, зæгъын, къорд лæгæй уый цавæр ахуыргæнæн чингуытæ сты, хрестоматитæ ирон литературæйæ скъолатæн, алы гуылмыз, алы фæлвых, алы æнæбон фыстыты автортæн бынат кæм ис, Лизæ, Альберт, Станислав, Сафар æмæ ма кæмæндæрты уæд та ма цæугæ-цæуыны, тындзгæ-тындзыны сæ кой дæр кæмæн нæй. Стæй литературæ алы æрымысгæ дугтæ-периодтыл кæдмæ дихтæ кæндзыстут, советон ахуыргæндтæ, æмæ йæ кæд райдайдзыстут жанртæ-хуызтæм гæсгæ 'взарын, фысджыты дæр уыцы хуызы уарын? Кæдмæ хæсдзыстут ирон национ литературæмæ уырыссагау фыссæг фысджыты?

Нæ уæ бауырндзæн, цы дзуапп мын радта хъуыстгонд æмæ номдзыд Нафи Григорьевич, уый, фæлæ, Хъуыранардыстæн, загъта:

– Барис, æппæт уыдæттæ сты – херня!

Ома, æвæццæгæн, йæ кары бæрзонд рындзæй ракæсгæйæ, уыдæттæ, чи зоны, æмæ æндæр ницы ахадынц... Стæй, йæхи растгæнæгау, бафтыдта йæ тæрхонмæ:

– Ахуыргæнæн чингуыты уыцы хай Мелитон фыста...

Йæхиуыл критикон бындз абадын дæр нæ уадзы мæнæ ацы адæмон фыссæг. Фæлæ дын иуахæмы срæцыгъта:

– Оркестры музыкантты дирижер куыд ницæмæн хъæуы – уыйырдæм кæсгæ дæр куы нæ фæкæнынц, мæн та афтæ редактор нæ хъæуы! Æз уыцы кары нал дæн!

Нал ис о. Æмæ ‘ппæлы йе ‘мхъæуккаг поэты ранхъытæй – мæ зæрдæ, дам, сæ фæскъæвда хурау барухс:

Дуне у театр, адæм та дзы сты актертæ.

Æхсар мын афтæ:

– Ма йын сæм бавнал! Уадз æмæ йыл адæм худой: уыдон Шекспиры ныхæстæ кæй сты, уый чи нæ зоны, ууыл.

Нæ сæм бавнæлдтон. Фæлæ йыл ничи бахудт, нæ нæм разынд ахæм ирон чиныгкæсæг.

Иннæ хатт та, редакторæй йæхи фæдзæхсæг номдзыд графоман, фыссы:

– Царды уымæй зындæр ницы ис, æвæццæгæн, æмæ талынг уаты сау гæды ахсынæй, уæлдайдæры хъуыддагæн, уый, ома, сау гæды, уым, ома, талынг уаты, ома, куынæ уа, уæд!

Æхсары куммæ дæр нал бакастæн, фæтæригъæд кодтон, кæй ныхæстæ фæкодта графоман йæхирдыгæй, уымæн æмæ адæмон фыссæгæн мæ цъæх бындз йæ тæккæ ‘рхуы ныхыл бацавтон:

– Уыдон дыууæ мин æмæ ‘рдæг азы размæ загъта Шулян-хэйы фырт Цю, Чжун-ни, стæй æппын фæстагмæ æмæ мыггагмæ та Кун-фу-цзя, ома Конфуций!

Афæлурс, ацъæх, асырх, ахгæдтой йæ улæфæнтæ æмæ мæ уæдæй фæстæмæ бынтондæр йе сæфт федта: кæцы къæрных-плагиатор дын уарзы, йе хабæрттæ йын хурмæ чи ракалы, уый?..

Фæлæ...

Бирæгъ йæ кæнон зæнгыл нæ уадзы, давæг та иу фидисыл. Уымæ гæсгæ сын-иу Рагон Ромы ахæмтæн сæ ныхтыл ныффыстой: Cave furem, Берегись вора!

Фæлæ та дын нæ плагиатор Конфуцийы йæ быны æндæр хуызы – къæссафæлдæхтæй – скодта, фыссы уыцы зонджын хуызы:

– Æппæтæй зындæр уый у, æвæццæгæн, æмæ, дзырдæн, зæгъæм, дæ хæдон æмæ дæ хæлаф шифанеры агурыс æмæ агурыс æмæ сæ,

кæй зæгъын æй хъæуы, нæ арыс уым. Аргæ та сæ уым уымæн нæ кæныс, æмæ уым не сты, нæ сæ сæвæрдтай уым.

Дзуар хæххытæ йын сæ ныккодтон. Телефонæй слæбурдта Æхсармæ:

– Мæ фыстытæ мын уымæ – мæнмæ ома – редакци кæнынмæ ма дæтт, зæгъгæ, дæ нæ куырдтон?

Нал æм баурæдта йæ рагон маст «Мах дуг»-ы сæйраг редактор дæр:

– Цы дын ауагъта æнæ бавнæлдæй, уыдон дæр ницытæ сты! Стæй журнал дæу тыххæй сæрмагондæй æндæр редактор нæ бахууырсдзæн. Ма мырх алырдыгæй.

Мæгуыр Иры дзыхъхъ. Йæ сæфты къахыл цудгæ-чиугæйæ лæуд Ирон Дзырд: Хуыцау дæр нынкъард, нырхæндæг уыдзæн, нырхуым – уæдæ ма Йæм чи кувдзæн, Йæ зæдтæ æмæ дауджытимæ æмвынг бадгæйæ, ахæм тæмæссон зæрдæмæхъаргæ ‘взагæй?! Стæй ирон мады ‘хсырæй – ирон дзырды хъомысæй ахъазгæнæгдæр мадзал нæй, фыдуаг гуырды емыллыккау тæпсыгъуæ кæнын – ома, коммæгæс куыд уа, афтæ.

Хуыцауæй уæддæр фефсæрмы у, Уымæй уæддæр фæтæрс æмæ мауал уæнд АХÆМ табуйаг æвзаджы хатт сафын алы графоманты хъазуатон фæллойы æххуысæй, йæй, Иры дзаджджын дзыхъхъ!..

Мæнæ ма иу хъазуатон, редакторы сæр кæй нæ хъæуы, уыдонæй. Æмæ фыссы йæ уарзон хъæбатыр лæджы тыххæй зæрдæмæгуыргæнæг фыстыхъæдæй: йæ сау хъама, дам, фæцъортт ласта хуымпъырæй (ливор ын цыма у, уыйау) æмæ кардæлвæстæй йе знаджы хæрды йæ разæй айста. Сæййæфта йæ æмæ йæ фæсте барæхуыста....

Цæмæй йæ фæлвых хъайтар уæд та къæбутдзæф ма уа, уый охыл ын æй йæ знаджы разæй фæкодтон, фæиронцæсгомджын: æмæ нырйе знаджы лæгæй-лæгмæ мары. Хъама та йын кæрддзæмæй сисын кодтон...

Мæнæ ацы лæппу та хорз фыссæг у. Фæлæ хорзы дæр бахъæуы редактор. Хъыгагæн, уырыссагау фыссы. Гъемæ ахæм сценæ снывкодта: ирон лæппутæ мард гуырдзиаг лæппуйы дзыппыдаргæ телефоны дзæнгæрæг фехъуыстой, систой йæ – йæ мад æм дзуры, кæуынхъæлæсæй, стыр мæтагæй: мад мад у, хъæбул та кæддæриддæр йæ ныййарæджы уды уидаг, зæрдæйы таг. Фæлæ ацы хæстон лæппутæй фæрнæйдзаг адæймаджы уаг ферох æмæ алывыд акалдтой æнамонд гуырдзиаг ныййарæгæн, йæ лæппу Иры зæххыл йæ мæлæт

кæй ссардта, куйдзых, уый дæр ын фехъусын кодтой, уæдæ нæ...

Иннæ радзырды та ахæм цау æвдисы: горæтаг уæладзыгджын хæдзары (пырх хæдзары) пъадвалæй æрыгон хæстонтæм устытæ хатынц, æрхизут-ма нæм æмæ, дам, нæм истæмæй фæкæсут. Лæппутæ богъагæндтау худынц, æрыгондæр, дам, куы уаиккат, уæд уæ бабæрæг кæниккам, зæгъгæ.

Алыккаты Хазбийы зæрдыл хæсты бон дæр цæсгом лæууыди, – загъд ис зæронд зарæджы.

Фæлæ ирон туджы ахæм миниуæг уырыссаг редактор зонгæ нæ кодтаид, æрыгон иронтуг фыссæджы хъустыл та уæды онг не 'рцыдаид уæвгæ дæр, стæй дзы, Лев Толстой «эстетическая совесть» цы хуыдта, уый дæр кæд ферох.

Йæхицæн ын бауайдзæф кодтон, ирон хæстон фæсивæды æнæхъолайæ кæй равдыстай, уымæй сæ цæсты æфтауыс, бар-æнæбары знаджы та уæлдæр кæныс, ахæмтимæ абаргæйæ. Æмæ, дам, цы уыд, мæхи цæстæй цы федтон, уый ныффыстон.

– Бирæ цыдæртæ фенæм, зонæм, æрыхъусæм, æрмæст уыдæттæ иугуырæй дæр литературон уацмысмæ хæсгæ не сты аивады домæнтæм гæсгæ. Сурæт, фæлгонц уæрæхæй уæрæхдæрмæ цæуы æмæ, фыссæджы цы нæ фæфæнды, уый дæр ма равдисы. Иугæр уырыссагау кæм фыссыс, уым дын æй уыцырдыгонау дæр зæгъон: «Лыком по парче не шьют...»

А, хæдæгон...

Ацы уырыссаг редактор чи у, уый Алешы роман «Дæ уды фарн» стæлмац кодта дæлрæнхъонтæм гæсгæ. Хорз, фæлæ дзы зынгомау тæлмацгæнæн цы бынæттæ уыд, уыдон иуварс фæуагъта. Сæйраг архайæг Матронæйæ та бынтон хæлд, хæтаг сылгоймаг сарæзта.

– Цæмæн? – фæрсын æй.

– Уырыссаг кæсæгæн афтæ хуыздæр у...

– Хорз, æмæ Алеш æгас нал у, æндæр дын уый йæ роман ахæм хуызы тæлмацæй мыхуыр кæнын ницы хуызы бауагътаид.

Бирæ чидæртæ, бонтæ куы ауайынц, уæд рохуаты аззайынц - уыдонимæ йæ рæстæджы зындгонд журналист Андиаты Мæхæмæт дæр. Къорд азты фæкуыста радиойы, фыста очерктæ, аивадон уацмыстæ. Иу заман мæм, куыддæр æнæуæндонæй, йæ уацау æрбахаста:

– Ды мын æй куынæ рауадзай джиппы, уæд – ничи. Цæмæндæр мæ уырны, дæ зæрдæмæ кæй фæцæудзæн, уый...

– Æмæ дын мæнæ куы сбур-бурид, стæй дын æй мæнæ амæй размæ иу цалдæрæй куы кастысты! – Фæстаг сыфы бынмæ фæкомкоммæ дæн. – Далæ йæ фынддæс азы размæ куы ныффыстай... Цæй, о, уадз æй.

Иу улæфтæн ын æй бакастæн, уыд мидмонолоджы зын мадзалæй пайдагæнгæйæ фыст, ноджы ахъаззаг фыст. Фæлæ йын æм мæ размæ цынæ фау хастой, цынæ!

Ницы уыйбæрц дзы уыд редакторæн кусинаг. Йæ корректурæмæ куы 'рхæццæ, уæд æм телефонæй дзурын Мæхæмæтмæ, куы йæ, зæгъын, бакæсис дæхæдæг дæр джиппы уадзыны агъоммæ... Æмæ, дам, уый дæр мæ бон нал бауыдзæн. Нал æй федта журналы мыхуыргондæй дæр. Кæй рацæудзæн «Мах дуджы», ууыл та цин кодта...

Рухсаг уæд Дзуццаты Эльбрус дæр, ме 'рыгон азты хæлар, беслæныхъæукаг. Рафыхтис-иу фырмæстæй, чысылдæр йæ зæрдæмæ дæ фиппаинаг нæ фæцыдис, зæгъгæ, уæд. Æмæ схъистæ-судзгæ æхсидæвтæ куыд нæ хаудтаид йæ дзыхæй, йæ егъау радзырд ын куы аздæхтон, уæд! Рагон зонгæйы хатыр дæр ын нæ бакодтон.

Иу дыууæ мæйы фæстæ мæм фæзынд. Æмæ дын афтæ:

– Бузныг...

– Уæд цæмæй?

– Кæй мын æй ахæссын кодтай, уый тыххæй. Гъа, ногæй йæ ныффыстон.

Æмæ йын ныр саивадон, сбæззон æмбаргæ адæммæ равдисынæн – фæндаг ын радтон мыхуырмæ...

Тæлмацты коймæ сног сты мæ кæддæры мæстытæ. Цæвиттон, иу заман æгуыстæй аззадтæн, æмæ дын дысвæлдæхтæй тæлмацтæ кæнынмæ куы бавдæлин – иронæй уырыссагмæ. Скодтон Секъайы радзырдтæ иууылдæр Цырыхаты Михалы курдиатмæ гæсгæ – уæд уый Фысджыты Цæдисы сæрдар уыдис. Дæлрæнхъонтæй чысыл нывылдæр тæлмацтæ – цыдæр суаритæ мын бафыстой, æцæг мæ тугхид фæллæйттæ цы баисты, уый нæ зонын. Афтæмæй æцæг дæр стыр фыдæйбойнаг куыст уыд.

Æгъуызарты Саукуыдзмæ дзæбæх миниатюрæтæ ис. Иу къорд ын дзы раивтон. Радио сæ радта, газет «Социалистическая Осетия»- йы

рацыдысты. Саукуыдзæн йæхи фæндæй уыдаид, æндæр исчи мын бацамыдтаид, уымæн йæ бæлвырд æууæлтæ нал хъуыды кæнын, фæлæ сæ альманах «Литературная Осетия»-мæ бахастон. Бæрнон секретарæй дзы куыста Б.М.

Уый мæ уартæ кæд æмæ кæд асаузæрдæ кодта – ссæдз азæй мыл фылдæр нæ цыдаид уæд. Цыдæр уацаугонд ралæмæрстон. Цыдæр æдылы уæндон ныфсæй йæ комкоммæ «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Цæгæраты Максиммæ радтон. Цыма йæ уæлæнгай кæсгæ дæр бакодта: цасдæр рæстæджы фæстæ мын, «маладес, лæппу, маладес», зæгъгæ, загъта, стæй мын афтæ, прозæйы редактор Б.М. дын æй барвыстон – уый дын бæлвырд истытæ ацамондзæн æмæ йæ кæд иумæ 'мдыхæй мыхуырмæ бацæттæ кæниккат.

Абазарджын дæн. Стæй...

– Образ лепить надо, лепить, – æмæ Б.М. йæ дыууæ къухæй, цыма хыссæйы фæлмæн къори ратъæпп-батъæпп кæны, уыйау сæ тилы. – Ис дзы зæрдæмæдзæугæ цыдæртæ, фæлæ дæхиуыл æгæр раджы цыма фервæссыдтæ – фыссыс: «Мæ кæсæг»... Цыдæртæ кæй бакæсыс, уый бæрæг у, фæлæ классикты фылдæр кæс, уæлдайдæр нæхи классикты – Дæбе,Тазе, Максимы...

Раздæхта мын æй, цыбыр ныхасæй, æз æй проспекты уынджы бырондоны нысхуыстон: æппæтæй худинагдæр мæм æркастысты, нудæсæм æнусы классиктæй «æфстау» цы ныхæстæ райстон фæзмыгойæ, уыдон: «Мæ кæсæг...»

Мæй рауадаид, дыууæ, афтæ «ЛитОсетия»-мæ бацыдтæн, мæ тæлмацтæ, зæгъын, цы баисты – бæззынц-нæ бæззынц... Нæма, дам, сæм æркастæн, – æмæ мын Б.М. йе стъолыл рæдзæгъдтæ амад къухфыстытæм амоны.

Иу уыйбæрц та рауадаид бонтæ. Иуæй дзы 'фсæрмы дæр кодтон, хæстон ас лæджы, бæрнон фыссæджы æнæхъуаджы тыхсын кæнын, зæгъгæ, фæлæ æнæхсайгæ дæр куыд уыдаид мæ зæрдæ... Мæнæ ам кæмдæр дын сты, зæгъгæ, рафæлдах-бафæлдах кæны уыцы кухфыстыты рæдзæгъдтæ. Нæй, нæ сæ ссардта, бацагурдзынæн, дам, сæ бæстондæрæй – ма сын тæрс, ницы дын фæуыдзысты...

Мæ зæрдæ йæм фæкъæпп ласта: нæ мæм кæсы комкоммæ, йæ цæстытæ фæлитой цæстфæлдахæджы радав-бадав кæны алырдæмты.

Раздæры адæм, дам, хуыздæр уыдысты, сæ кæрæдзи цыфæнды

мæгуырæй дæр фылдæр уарзтой. Уæдæ, уæдæ! Секъа дæр уымæн фыста, ирон адæмы 'хсæн дзырд уады бæхыл бады, зæгъгæ. Стæй æртынæм тугмондаг азты дæр дзырдыскъæфæн сæ фæзминаг хорзæй кодтой – сæ хъул сын сах абадын кодта, нымудзджытæ йæ уарзондæр цот кæмæн уыдысты, уыцы партион-советон-сталинон хицаудзинад...

Рацæй-рабон, æмæ дын мæм мæнæ Цæрукъаты Валодя альманахы ног номыр æвдисы... мæ тæлмацтимæ! Æцæг сæ бынмæ цавæрдæр дзуттаджы мыггаг.

– Уый йæ тæлмацгæнæг у Б.М. æмæ сæ уымæ Волгоградмæ арвыста... аивадон тæлмац скæнынмæ, – зæгъы мын Валодя.

– Цавæр аивдон ма?! Мæнæ къæдзыгæй къæдзыгмæ мæнонтæ куы сты, уæд. Суанг ма мæнæ, цы рæдыд мын аирвæзт, уый дæр куынæ сраст кодта! Ууыл дæр цæсгомы хъæр нæй, уыцы тæлмацгæнæгыл, æндæр сæ куыд сæрвыста йæхи номыл. Уæдæмæ кæрæдзи аккаг сты: сæ иуыл хъисын, иннæуыл пæлæз. Стæ-ма, æз ын æртæккæ...

– Ам нæй... дæ амондæн, науæд ын ахæм мæстджынæй йæ зæрондмæ дæр нал фæкæсис. Командировкæйы ис... Волгограды: æвæццæгæн ын йæ 'рдхордæн йæ гонорар... дæ гонорар аласта....

Кæддæр уæддæр ыл сæмбæлдтæн. Ныггуыбыр. Æз:

– Ды цæмæ сыздæхтæ хæстæй, Хазбитæ æмæ дзы Мухарбегтæ та ирон литературæйы судзаггаг зианæн цæмæн баззадысты?..

Бæтæхъойыхъæуккаг лæджы сомы бафæзмон:

– Ауыстæн, уæддæр дзы мæ маст никуы райстон: йæ уацмыстæ йын мыхуырмæ цæттæ кодтон (иуахæмы дын мын нæ машинисткæ, зонынджын æмæ йæхæдæг курдиатджын фыссæг Дегъуаты Соня афтæ уый фыстытæй: «Ныр ын сыл ды фæфыдæбон кодтай, æз ын сæ мыхуыр кæнын, кæсгæ та сæ чи кæндзæн, чи, адæттæ?»). Куыд хæсты инвалид, афтæ йын профцæдисæй путевкæ дæр ракуырдтон; алы аз дæр ын-иу 9 Маймæ исты зæрдæлхæнæн бахастон рескомы номæй – цæргæ та 90 азæй фылдæр цыма фæкодта...

А, иу ахæм хабар ма...

Æппынкъаддæр дæс азы размæ уыдаид уый. Тæмисчъы уыдтæн. Ныхас ныхаскъахгæйæ мын иу чызг-сылгоймаг базыдта мæ куысты мидис. Дзанайты Никъалайы чызг Ингæ, дохтыр, ноджы ма, Сæрмагонд рынчындоны пациент фысджытæй чи у, уыдонмæ йæ цæстдарæг, дзæбæхгæнæг сæ уыд.

Цыдæр ныхæстæ уал акодтам, фысджытæй нæ иумæйаг зонгæты æрымысыдыстæм, стæй дын бандзæв-хъавгæйæ Ингæ афтæ:

– Мæ фыд дæр фæлвары фыссын... хæсты тыххæй мысинæгтæ... йæ куыстыл... цардыл...

– Æмæ йыл цал азы цæуы дæ фыдыл?

– Иу æмæ цыппарыссæдз...

Цыма цъæх æхсынцъы арус кодтон, уыйау сæнцъылдтæ дæн, былысчъилæй загътон:

– Цæй фыссæг ма ис уымæй! Ахæмтæ нæм арæх æрбахæссынц се «статьятæ» – æппæты дæр: радзырд уа, уацау, роман – статья хонынц. Пенсимæ, дам, рацыдтæн æмæ, цы кусон хуыздæр, уый нæ зонын æмæ... æмæ...

– Нæ фыд уымæй размæ дæр фыста, фæлæ йын сæм хъусдарæг ничи фæцис, фыссæг, нæ мадыфсымæр Б.М. та йын сыл мæнæ дæуау рагацау былысчъилтæ кодта, стæй, дам, образтæ лепить кæнынмæ нæ арæхсыс æмæ – ныуадз дæ фыссынтæ-йедтæ... – Ингæ фенкъард, тар уылæн рафæйлау-бафæйлау акодта йæ зæрдæис цæсгомыл.

Æз, «образтæ лепить кæнын» фехъусгæйæ, фесхъиудтон, фæбæлвырд æй кодтон, æцæг у Б.М. сæ мадыфсымæр, зæгъгæ:

–Уый хæрз хо у уæ мад?!

– О... Зоныс æй ахæм фыссæджы?

– Суанг ма мæ уый дæр йæхæдæг зоны! Афтæ... афтæ... Мæнæ дын мæ телефон, кæм дæн, раздæр уый базондзынæ æмæ мыл сæмбæлын кæн дæ фыды фæллæйттæ. О, кæцы ‘взагыл фыссы?

Ингæ къæмдзæстыгæй:

– Уырыссагау... – Стæй сойсæрдæгау. – Компьютерыл ын сты мыхуыргонд... Лорæ йын сæ фæкодта...

– Парижы цы Лорæ ис, Дзанайтæй, уый йед... уый дæ хо у?

– У... Стæй ма Герæ дæр...

– Баныхас кодтам: куыддæр горæтмæ ссæуæм, афтæ мæ дыккаг бон бацагурдзынæ!

Вæййы ма абон дæр диссæгтæ, цинæфтауæг хабæрттæ, уæдæ нæ вæййы: фæсæмбисæхсæвтæм – цалынмæ сæ нæ фæдæн, уæдмæ – фæкастæн Никъалайы мысинæгтæ. Сæ фылдæр, уацары куыд бахауд, цы хъизæмæрттæ дзы бавзæрста, уыдæтты тыххæй.

Æвæстиатæй сæ журнал «Дарьял»-мæ бахастон. Феппæлыдтæн

сын сæ фыстыхъæдæй. Тотраты Руслан мæм лæмбынæг фæхъуыста, стæй загъта:

– К сожалению, я их не могу взять: у нас готовы к печати подобные же воспоминания Кайтукова Азамата.

Рагæй нал куымдтон тæлмацтæ кæнын нæдæр уырыссаг æвзагмæ, нæдæр иронмæ. Ныр бавдæлдтæн æмæ сæ иу улæфтæн ратæлмац кодтон, машинкæйы уæлхъус бадгæйæ. «Мах дуджы» дыууæ номыры фæд-фæдыл рацыдысты. Æмæ уæд базонгæ дæн лæгæй-лæгмæ Никъалайæн йæхиимæ дæр. Ахæм хорз, ахæм сойджын ирон æвзагыл дзырдта йæ сабидуджы тыххæй Елгонайы, æмæ йæм тынг æхсызгонæй хъуыстон – мæнæ дойныйæ хохаг сатæг суадоныл куы бафтай, уыйау. Водкæ «Распутин»-æй Хуыцау æмæ Уастырджийæн куы батабутæ кодтам, уæд ын карзæй ныффæдзæхстон:

– Цыдæриддæр мын фæдзырдтай, уыдон, сбад æмæ иронау ныффысс!

– Æмæ куы никуы...

– Ныр фысдзынæ! – Нал æй бауагътон йæхицæй тæригъæддаджы хъаст кæнын. – Цалынмæ дæ хæстмæ акодтой, уæдмæйы царды цаутæ иууылдæр. Æмтъерытæй мысгæйæ дæр. Йед... Дæ каис цыфæнды фæуæд, фæлæ уæ сыхаг куы у Хуыгаты Сергей дæр, нæ фысджытæн сæ хæрзтæй, уæд... Æви зонгæ не стут?

– Стæм, куынæ ома стæм. Фæлæ мæм æргомыздæхт никуы фæцис. Фыссыны хъуыддаг дæр, дам, аивад у, хæдахуырæй нæ вæййы, ды та, дам, зæры бон бацырын дæ...

Стæ-ма, иу-дыууæ дуры ныццæвон, ацы Сергей чи у, ацы Хуыгаты фыссæг Сергей, уый зæронд кауыл...

Кæд мын искæй уацмыстæ кæсын, хæрз чысылтæ баредакцитæ кæнгæйæ, æхцон вæййы, алы хъылма фыстытæй мæ уд сулæфы, уæд, Сергей куыд арæхсы технологон æгъдауæй, уый дæсны æрæмдзæфæй. Сценæтæ, нывтæ, ремаркæтæ, комментаритæ, логикæ, психологи – æппæт дæр æмбæлгæ нывыл. Йе стиль кæд иугæндзон æмхалæмдих у алы уацмысы дæр; йæ дунеæмбарынад-хъуыдыкæнынад мæнæн кæд бынтон æцæгæлон сты, арæх йемæ разы нæ вæййын, уæддæр.

Æргом цин дæр ма йын бакæнын йæ искæцы радзырд-уацауыл, кæддæрты йыл зæрдæхæлар критикон уацтæ дæр цыма ныффыстон.

Йемæ – бузныг, цины тæппытæ мын кæй бавзарын-фенын кæны

Сергей, уыйадыл!

...Хæсты архайæг фысджытæ, чи ма сæ сыздæхт, уыдон... Уым нæмгуытæн сæ сæрæй боныфæстагмæ нал куыйвтой, кард æмæ-иу джебогъæй хæцынмæ дæр бацыдысты знагимæ, æрмихæсты, фæлæ фæсхæст та...

Иунæг Плиты Гриш дзы бауæндыд, бахаста йæ ныфс йæ чиныг «Атакæ»-йы цыдæр рæстытæ зæгъын хæсты тыххæй, иннæтæ та йæ афтæ æвдыстой, раст æй цыма лакировкæгонд киноты федтой – «Секретарь райкома», «Падение Берлина»-ты-йедты.

О, уый хыгъд нæ патриотон-партион фысджытæ сæхи бардзкъордæй Гришыл андзæрстой, стæй та йæ «Рагон Ир»-ы тыххæй дæр. Кæрæдзиуыл дзырдхæссæн цас фæкодтой партийы обкоммæ, цъыфкалæн-тугтæмысæн, уыцы тæригъæд та сæ, сылгоймаджы йæ фидис мæрдты дæр куыд нæ уадзы, афтæ, æвæццæгæн, уыдон дæр... Сæ «гуыппырсартæй» ма иу фæсрацарæзт дæр йæ кæнон нæ ныууагъта: дам-думтимæ бæзджын змæст хъаст балæвæрдта Хуыгаты Сергейыл, нæ йын æмбæлд, афтæмæй, дам, уæрæхдæр фатер райста....

Æртынæм тугивылæн азты тыххæй та дзы æрмæстдæр дыууæйæ ныффыстой «в стол» – Нигер æмæ Куыдзæг. Фыссæг нæ уæвгæйæ ма уыцы хуызы се 'мцæдисон разынд Барахъты Гинойы бинойнаг Еленæ – ахъаззаджы документалон уацау ныффыста, «Мах дуджы» рацыд ирон æвзагыл Бицъоты Гришы тæлмацгондæй æмæ уым баззад, абоны онг чиныгау тыхт не 'рцыд... Æвгъау у рохуатæн.

Сæххæст мын кодта Дзанайты Никъала мæ фæдзæхст, ноджы æвæджиауы æнтыстджынæй – афтæ сарæхст иронау дæр йæ зæгъинæгтæ зæгъынмæ, йæ уды адджындæр дзуринæгтæ радзурынмæ – саби бонты, æвзонджы бонты дзуринæгтæ! – æмæ батæхуды кодтон, зæгъгæ, мæн тухийæ чи фæмары сæ кæсгæйæ дæр æмæ сæ редакцитæ кæнгæйæ дæр, уыдон дæр уыйау, Никъалайау, куы арæхсиккой.

Ныммыхуыр ын сæ кодта «Мах дуг», фæлæ та уыдон дæр æвгъау сты, нырынг журналæй дарддæр рухс кæй нæ уынынц, уымæн...

...Ис ма ранæй-рæтты, схъиуæццагæй æргомдзурджытæ – сæ цæрæнбон мын бирæ 'рбауа! – æмæ мæ цæхгæр фарстæй бафарстой:

– Æмæ ды дæр кæд фысджытæм хауыс, уæд чиныг «Писатели

Осетии»-йы номхыгъдты цæуыннæ дæ?

Бауырнæд уæ, зæгъын, барæг бæхыл хонæгæй зæгъай, хъулон хонæгæй – зæрдæбын зæрдиагæй мæ хуыдтой. Фæлæ, зæгъын, уартæ уый æмæ уый фысджытыл нымад цы чиныджы сты, уым æз, мæхи æцæгæлонау æнкъардзынæн, æмхæццæ фыстау кæрæдзимæ ракæсбакæс кæндзыстæм…

– Æмæ дзы... куы сты! – классикты мын ранымадæ уыд.

– Мæрдты ма чи фæрсы фæндонæй...

– Æмæ мæнæ ацы удæгæстæ та? Уыдон дæр не сты дæ цæсты фыссæджы бæрзонд-бæрнон æмæ – æлгъыстаг-фидиссаг – абон номы аккаг?

– Сты. Сты, бæгуыдæр. Фæлæ: алкæмæн йæ бар – йæхи. Стæй æз цы, æз? Нæй дзы йæ ном нæдæр Косты Лизæйæн, мæ цæсты тынг нымад æмæ кадджын поэтæн; нæй дзы Къадзаты Станислав дæр, нæй дзы... нæй дзы...

Нæй дзы рухсыбадинаг Къодоты Альберт дæр. Уымæн йе сфæлдыстад уый аккаг у, цæмæй дзы ирон литературæ йæ сæр бæрзæндты куыд хæсса, ирон аив дзырд йæхицæй куыд ныхъхъалныббуц уа, мæнæ мæнæн дæр поэзийы цы уæлæуæзтæм сæфтын бантысы, лæджы удæн цы рæбынтæ-дæллозтæм рухс бауадзын, зæгъгæ.

Æмæ худинаг, æмæ аллайаг, йæй, дыууæ Ирыстоны: уый куыд бакъуырма стæм, куыд бакуырм, куыд фиуæвæрд зæрдæ, æмæ Альберты мард йæ уарзон ныййарæг – Ирыстоны зæххæй – æнæхай у! И? Хуыцау ныл фæхуда, арв ныл фæкæуа!

(Уыдзæн ма)

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ

ГÆЗЗАТЫ ДАВИД

Гæззаты Отары фырт Давид райгуырд 1985 азы горæт Тбилисийы. 2007 азы каст фæци Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты экономикон факультет, 2010 азы та – Мæскуыйы финансон-юридикон академи, дæсныйад «Юриспруденци».

2008 азæй 2012 азмæ куыста Уæрæсейы Федерацийы Æхсæнадон палатæйы аппараты уынаффæгæнæгæй.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта скъолайы ахуыры рæстæг. Фыссы куыд ирон, афтæ уырыссаг æвзагыл дæр. Йе сфæлдыстады йын алы адæймаг дæр ссардзæн йæ зæрдæмæ хæстæг рæнхъытæ.

ИРОНАУ ДÆМ ДЗУРЫН, ИРОНАУ МÆМ ДЗУР!

Æрцыдтæн мæ Ирмæ (Мæскуыйы цæрын).
Ныр та мæнæ горæты уынгты цæуын.
Ам дон у адджындæр, хæрзадджын кæрдзын.
Мæ Райгуырæн бæстæйыл цинтæ кæнын!

Ам ме ´мбал – мæ цуры, мæ уарзон хæстæг,
Ам куывдты, куыд кæстæр, сыгъдæг кæнын аг.
Ам алы бон дзуры æнкъардæй нана:
«Цæмæн мæ ныууагътай, мæ къона, цæмæн?»

Æз уарзын, мæ мад мын куы скæны дзыкка,
Мæскуыйы куы уыдаид афтæ, бæргæ…
Мæ фыдæлты зæххыл мæ цард у æнцон,
Мæскуыйы нæ кæнын хъуыдытæ бынтон.

Фæлæ-иу куы фехъусын сабиты дзырд,
Уæд хъуыдыты ме ´взагæн скæнын æз цырт.
Фæрсын сæ иронау, ´мæ не ´мбарынц мæн,
Нæ фынтæ – уырыссагау, фесæфтыстæм.

´Мæ уый тыххæй зæрдæ æнкъардæй у дзаг.
Куыд ферох и махæй нæ мадæлон ´взаг!
Иронау дæм дзурын, иронау мæм дзур!
Мæ зæрдæйы тыхстмæ нæ фæлæууид дур.

ЦÆСТКЪАХÆГÆН ЙÆ ЦÆСТ КЪАХ!

Кæрæдзи дих кæнут, кæрæдзи марут,
Кæрæдзимæ сау зæрзæтæ дарут,
Кæрæдзийæн гæды ныхæстæ зарут,
Сыхæгтимæ ызнæгты цард кæнут.

Кæм ма и ´фсарм, куыд ферох кодтам не ´гъдау?
Кæй фæндиаг та фестæм абон мах?
Ды лидзгæ кæн, нæ амæлдзæн æнæ дæу
Дæ мадæлон æвзаг, дæ уарзон зæхх…

«Нæ иудзинад – нæ тых», – уырны ма дæ, ирон лæг?
Кæй сайæм мах, кæмæн кæнæм фыддæр?
Цæсткъахæгæн йæ цæст æнæмæнг къах!
Æнæ фæдзæхстæй цæр – уый у дæ бар.

Фæлæ куы фесæфдзæн дæ Ирыстон, дæ адæм,
Куы бакуырм уыдзæн абоны фæлтæр,
Ды ма зæгъ: «О нæ сомбон, ды цы фæдæ?
Цæмæн нæ федта иудзинад кæстæр?..»

ÆЗ ДÆН ОСЕТИН

– Куыд у дæ ном? – Меня зовут Залинка!
– Цы кусыс абон? – Встреча с половинкой.

– Æмæ ирон дæ ды? – Да, да, я осетинка!
– Æмæ æмбæлут кæм? – Чего? Ты про косынку?

– Нæй, нæ! «Косынка» у сæрбæттæн!
Кæм и дæ хур, æмбæлут сымах цы рæтты?

– Какие «рæтты»? Слышать нету силы?
Я ж говорю, иду на встречу с милым!
– Æмæ дæ ном цы хуыйны, уæ мæ къона?

– Меня Алан, я здешний, я с района!
А если точно, то – Алан с Шалдона.

– Шалдойнаг дæ? Æмæ дзы искæй зоныс?
Чего сказал? Да ты по ходу гонишь?!

– Цы худыс ныр, æз худæгæй цы загътон?
– Ой, не могу, а что такое «загътон»?

Ирон у уый, иронау чи фæдзуры,
Чи «солнце»-йы бæсты фæзæгъы «хур» у!

ХÆРЗБОН, НÆ НОМДЗЫД ИВГЪУЫД АФОН

Хæрзбон , нæ номдзыд ивгъуыд афон,
Хæрзбон, мæ фыдæлты æгъдау!
Салам, нæ сæфт, нæ хуыздæрхъуаг абон,
Цæй, исчи азмæлæд лæгау!

Салам, арахъхъæй дзаг бæрæгбон,
Салам, æнæцæсгом фæлтæр.
Хæрзбон чызгдзинадæн нæ загътон,
Хæрзбон, нæ хæрзахуыр кæстæр!

Хæрзбон, цытджын Ныхасы хистæр,
Уæ хъæлæс нал тæхы бæрзонд…
Уæ кой фæкæнынц: «Дæлæ чидæр
Ныннозтджын,амоны нын зонд!»

Хæрзбон нæ мадæлон æвзагæн –
Æндæр æвзæгтыл дзурæм мах…
Тæхудиаг нæ цард у знæгтæн,
Ныххуылыдз цæссыгæй нæ зæхх.

Куыд мæ фæнды дæу фенын, фидæн,
Сыгъдæг уæларв, ´мæ цъæх кæрдæг…
Мæ цард лæвар кæнын æз Ирæн –
Æнæ уый нæй мæнæн бæркад!

НÆ КÆСТÆРТЫ СОМБОНЫЛ БАИВ ДÆ ЦАРД

Ды уарзыс нæ Ирыстон, уарзыс нæ зæхх?
Ды райсомæй райхъал у, хурæн æй зæгъ:
«Æнæ дæу нæ цæрын, æнæ дæу нæй цин,
Мæ фыдæлты намыс мæнæн у мæ дин!»

Ды сау бонæй ма тæрс, куы ´рцæуа бæллæх,
Ды уаты дæр ма ´мбæхс, куы цæуа гæрах.
Нæ фехъуыстон ма зæгъ – тæппуддзинад у,
Дæ бæстæйы сидтмæ ды тагъддæр æрцу!

Нæ кæстæрты сомбоныл баив дæ цард,
Куы хъæуа æххуыс, уæд ды ма бад æнцад.
Ды уазалцæст ма у, хæстæджыты уарз,
Æвæгæсæг адæмæй ма ´мбæхс дæ ´гас.

Фынгыл-иу куы бадай, уæд ракув: «Хуыцау,
Нæ сабитæн бацамон амонд ´мæ ´гъдау!
Фыдбылызæй бахъахъхъæн, фарн ма нын ратт,
Кæддæриддæр раст æмæ лæгъз уæд фæндаг».

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

КЪÆЛХИДТЫ Эльвирæ
ЛЕГКОЙТЫ Маринæ

СЫЛГОЙМАДЖЫ ФÆЛГОНЦ ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ РАДЗЫРДТЫ

«Литературæ хонæм аив, аивадон, уымæн æмæ уый у рæсугъддзинады æвдисæн, аив ныхас æмæ сыгъдæг хъуыдыты хæзнадон», – фыста Джыккайты Шамил.

2007-æм азы мыхуыры рацыд Джыккайы-фырты чиныг «Арт æмæ æртхутæг». Дисы та бафтыдта йæ аивадæй ирон чиныгкæсæджы. Фыссæг йæ прозаикон уацмысты агуры дзуæппытæ ныры царды судзаг фæрстытæн, æргом дзуры, йæ зæрдæ цæуыл риссы, ууыл, аразы цардæгас сурæттæ. Йæ хъайтартæ сты хуызджын æмæ хигъæдон, рæсугъд æмæ сæрыстыр.

Хъæздыг у Джыккайты Шамилы радзырдты фæлгонцты дуне. Бæрæг дзы дарынц рæсугъд æмæ сæрыстыр сылгоймæгты сурæттæ. Цавæр у фыссæджы идеал конд æмæ уындæй, удварнæй?

Джыккайы-фырт нæ намысджын ивгъуыдæй исы хъæбатыр æмæ сæрыстыр сылгоймаджы хъысмæт. Дисы æфтауы Шамилы радзырд «Ирон чызджы мæлæт» (уырыссаг афицеры фыстæг).

Нæ разы сыгъдæг æмæ фидауцæй сысты ирон сылгоймаджы фæлгонц. Уый бацагайдта уырыссаг афицеры, зæрдæ, æндæр цæстæй йæ ракæсын кодта сæрыстыр хохæгты цардмæ. Йе ‘нкъарæнтæ, йæ дзуринæгтæ уромын йæ бон нал у, æмæ йæ хъуыдытæ æргом кæны йе ‘мбалмæ фыстæджы. Ирон чызджы тыххæй йæ ныхас у зæрдæбын, æнæхин. Цыппар хатты йыл амбæлд алы уавæрты, æмæ йæ фыццаг хатт дисы бафтыдта йæ рæсугъддзинад, дыккаг хатт – йæ сæрыстырдзинад, æртыккаг хатт – йæ фæразондзинад, цыппæрæм хатт та – йæ хъæбатырдзинад. Ахъаззаг аивадон фæрæз у, сюжет авторы раныхас нæ, фæлæ геройы монолог кæй у, уый: герой у цауты архайæг, æмæ йыл фидауы эмоцион ныхас дæр æмæ хатдзæгтæ кæнын дæр.

Радзырды архайд цæуы 1830-æм азы. Уырысы æфсад басаста Чеселт, ныр та бырсынц – Чысангоммæ. Семæ – гуырдзиаг æлдæрттæ æд чапартæ, милицæ («зæхх сæ сæ быны рызти»). Кæд ирæттæ хъазуатонæй хæцыдысты, уæддæр «цы тых лæууы уырысы æфсадæн!» Хъæутæй баззад фæнык æмæ æртхутæг.

Фыццаг хатт ирон чызджы (автор ын йæ ном нæ зæгъы) уынæм минæвæртты æхсæн: «Цæуынц гуыбырæй, сæ иуы къухы – урс хæцъил. Æхсæзæй – бынтон зæрæдтæ... Æвдæм уыд сылгоймаг, æрыгон æмæ сæрæн. Уый цыди фидар къахдзæфтæй». Минæвæрттæ сæ зонгуытыл куырдтой, цæмæй сын радтой сæ мæрдты. Инæлар сразы, фæлæ сæ райсоммæ ныууагъта амынæты. Ам уырыссаг афицер рахызт ирон чызджы æрфыстмæ. «...фидарæй зæгъын: фидыцæй ничи амбулдзæн Иры чызджыты. Фæлæ уæддæр ацы амынæт. Уындæй нæ разындзæн дыккаг ахæм. Цæуы сагау сæрыстырæй. Асæй – рæстæмбисæй бæрзонддæр. Йæ кондмæ бахæлæг кæндзæн Боттичеллийы Венерæ. Йæ цæсгом – ирд æмæ рухс, цæстытæ – æрвыг æмæ цæхæр, сæрыхил – индиаг цыллæ, дыууæ быдæй хуры тынтау тыбар-тыбур кæнынц йæ аив фæсонтыл, дзыккуты кæрæттæ – йæ роны тъыст. Кæцæй фæзынд ацы зæд? Цы йæ æрхаста ацы фыдæбоны коммæ? Цæмæн фидауы ссæст розæйыл сæууон æртæх куыд æрттивы, афтæ?.. Цæмæн бахауд ацы зындоны?..» [1, 210ф.]

Сæрыстыр чызг гуырдзиаг æлдарæн «ком нæ радта», æмæ йæ хоны «налат». Йæ фыдмæ та йæ сидзæр чызг «Бонвæрнон каст». Æлдар домы, цæмæй йын ирон чызг йæхи фенын кæна бæгънæгæй. Уæд «йæ хъæу уæгъд уыдзæн хъалонæй». Ссардта сæрыстыр чызг амал йæ фидыц фыдцæстæй бахъахъхъæнынæн: «йæ сæр æваст размæ фæкъул кодта, æмæ йæ гуырыл æркалд дзыккуты æхсæрдзæн. Сызгъæрин хил суанг уæрджытæм æрæмбæрзта чызгон буар. …Нæ бафиппайдтон, аивæй куыд фæзылд, уый. Сæр фæстæмæ фесхуыста, æмæ дзыккуты пырхæндæг фæсонтыл абадт, æмæ фæцæуы…» [1, 212ф.].

Уырыссаг афицеры дисы æфтауы чызджы фæразондзинад: «Куыд фæцыд ахæм цæфтæй дыууадæс версты? Цавæр рухс ис йæ зæрдæйы, цы йын дæтты ахæм ныфс?» Йæ нæмыг ын лечыр куы иста, уæд «нæ бауагъта йæ къухтыл хæцын… Ахæм æвнæлдæн нæ фæразы фæлтæрд хæстон дæр. Ацы чызг быхсы æвирхъау рыст. Йæ хъæлæсæй нæ сирвæзт хъæр, нæ райхъуыст йæ хъæрзын…Баруад, цалдæр боны размæ цы фидауц федтон, уый. Æрмæст нæ бамынæг йæ цæстыты цæхæр, нæ асаст сæрыстыр каст» [1,215ф.].

Радзырды кæрон афицер фыссы ирон чызджы мæлæты æвирхъау нывты, йæ хъæбатырдзинады тыххæй. Не ‘ркъул кодта йæ сæр лæгмарты раз. Сыгъдæгзæрдæ, рæстуд чызг ныллæууыд уырыссаг æфсады ныхмæ тохы, удуæлдай тохы фæндагыл. Уый нæ ныббарста йæ фыды мæлæт, йæ худинаг æмæ райста йæ маст æлдарæй, кæд йæхæдæг дæр фæмард, уæддæр. Хæстон лæгау «фыранкау расæррætт ласта», «йæхи ныццавта æлдарыл», «ныззæгæл дынджыр лæгыл, ласы йæ былмæ».

Автор радзырды кæрон пейзажы руаджы æргом кæны йæ зæрдæйы рис. Ирон чызджы цард бары дидинæгимæ. Уырыссаг афицер, размæ бырсгæйæ, чысыл æрулæфыд лæнкауы. «Кæсын, æмæ сау къæйыл тæмæнтæ калы дидинæг. Æрзади къæйы скъуыды. Фыдраны æнафоны дидинæг…Фæлæ цæмæн æрзад ахæм тæссаг ран?...Чи зоны, æхсæв худти стъалымæ?...Цæмæй зыдта дидинæг, абон æдзæрæг хох къæхты бын уыдзæн, уый. Абон тæссаг у ам. Æвгъау у, æвгъау…» Ам нæ зæрдыл æрлæууынц Калоты Хазбийы поэтикон рæнхъытæ: «Цард у мæлæтæн æвгъау».

Хъæбатыр чызджы мæлæты фæстæ «æваст ферттывта æмæ ныннæрыд арв. Гыццыл раздæр дидинæг кæм федтон, уыцы къæй цæхæртæ акалдта, къæртгай фæхауд…» Арвæрттывдау уыд ирон чызджы цард. Йæ сæрыстырдзинадæй, йæ фидыцæй æмæ хъæбатырдзинадæй басаста уырыссаг афицеры зæрдæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цауты тæлмæнтæ æмæ мысинæгтæ, адæмы рыст æмæ сгуыхтытæ абоны онг ахъаззаг æрмæг сты аив литературæйæн. Ирон адæмы хъысмæтыл хæст куыд æмæ цы хуызы фæзынд, уыцы фарст æвæры Джыккайы-фырт йæ радзырды «Цопаны чындз». Автор æвдисы хуымæтæг бинонты цард хæсты рæстæг. Фæрныг у Цопаны хæдзар. Йæ дыууæ фырты ацыдысты хæстмæ. Кæстæрæй ссыд сау гæххæтт. Мад æмæ фыдæн асаст сæ тых, фæлæ сæхиуыл хæцынц. Хистæры фырты номыл сæ хæдзары ис чындз. Сæ чындзæхсæвæй къуыри фæстæ райдыдта хæст. Фыссæг, рæсугъд ахорæнтæй пайда кæнгæйæ, зонгæ кæны чиныгкæсæджы радзырды сæйраг персонажимæ: «Рудзынгæй уатмæ кæсы Бонвæрнон. Миты

хъæпæнæй æхсæвы сау зæлдаг куыд фæхицæн уа, афтæ æрыгон сылгоймаджы буарæй фæбырыд рог хъæццул. Фæзынд, стъалыты хуыз чи исы, хуримæ ерыс чи кæны, ахæм фидауц. Цопаны чындз уыдта адджын æмæ рæсугъд фынтæ»[1,5ф.].

Кæд Замирæт иунæг чызг уыд йæ ныййарджытæн, буц æй дардтой, «æмæ чызг рæзыд, бæзнаг хуымы гæлгæт-дидинæг куыд рæзы, афтæ, уæддæр уыд сæрæн æмæ æмбаргæ, фæразон æмæ тæригъæдгæнаг. Мæнæ йæ хицау мæкъуылтæ ласынмæ цæуы, æмæ чындз йæхи арæвдз кодта, кæд ын Цопан ницы загъта æфсæрмæй, уæддæр. Чысыл детальты фæрцы автор æргом кæны Замирæты фæлгонц: «йæ дзыккутæ хъæбæр быдæй уæз кодтой йæ аив сæрæн, фæлæ сæ нæ къуырдта йæ цахъхъæнтау», «арæхсгæ февнæлдта рæвдз», «кæрдæгыл айтыдта сыгъдæг къуссæрфæн», «йæ къухтæн сæ уынд куыд рæсугъд уыд, афтæ аив уыд сæ бавнæлд дæр».

Замирæт æппынæдзух архайы йæ хистæрты къух фæрог кæнынысл. Уæгъд рæстæг та йæ хъуыдытæ иуыылдæр сты йæ уарзон Алиханимæ: «Фæлæ кæм и афонмæ Алихан? …мацы йыл æрцæуæд! Нæ, тас ын нæу. Мæ уарзт æй хъахъхъæны. Мæ зæрдæ йæ разæй цæуы, йæ риу ын æхгæны. Æрра нæмыг! Зон, фыццаг мæ зæрдæйыл æмбæлдзынæ, уым нæ ахиздзынæ…» [1,10ф.] Чындзæн ныфс лæвæрдтой уарзт, бинонты фарн. Уарзондзинад фыссæгæн у тыхджын æмæ бæрзонд æнкъарæн, зæрдæйы хорз æмæ уды рæсугъддзинад кæм зынынц, ахæм миниуæг. Хæст æнæуынон у уарзтæн. Мингай бинонты амонд басыгъта, мингай уарзæтты фæхицæн кодта кæрæдзийæ. Хæст у царды ныхмæ, мары рæсугъддзинад æмæ сыгъдæг бæллицтæ…Нæ бацауæрзта Замирæт æмæ Алиханыл дæр. Нал сыздæхт хæстæй уæздан æмæ хæдæфсарм лæппу.

Замирæт у уарзон сыхбæстæн, «сæ цæст ыл æрæвæрдтой ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæ». Кусы фелсырæй. «Хъæубæстæ йæ сæ хъуыры æгънæгæн хуыдтой. Уый сын уыд цыкурайы фæрдыг, зæрдæйы дидинæг, æмæ йæ уындæй сæ низтæ лыгъдысты хъæдмæ», – райы авторы зæрдæ. Йæ рынчынты фылдæр дзæбæх кодта «ныфс æмæ уды хъармæй».

Цопаны чындз йæхицæн аргъ кæнын зыдта æмæ цыдис ныфсхастæй, аив æмæ сæрыстырæй. Фæлæ уавæртæ разындысты уымæй карздæр æмæ тыхджындæр. Кæддæр Хъауырбеджы уарзондзинадæн дзуапп

нæ радта, æмæ уыйныр, йæ бинойнаг хæсты куы фесæфт, уæд йæ фæдыл зилын райдыдта. Хъауырбеджы раз хъахъхъæны йæ намыс. Замирæты сыгъдæг уд, йæ иузæрдыгдзинад автор æргом кæны Хъауырбегимæ быцæуы диалоджы фæрцы: «Йæхæдæг куы нæ зына, уæддæр æй æз ссардзынæн. Æз æм лæгæрддзынæн ивылд дætты. Цæудзынæн нæмгуыты бын…» Цæттæ у æнæрцæф сылгоймаг цыфæнды зындзинадмæ дæр, фæлæ нæ бафæрæзта Хъауырбеджы фидиссаг хъуыддагæн (адавта Алиханы гал-нывонды) æмæ ацыд. Цопаны æмæ Фæрнионы иунæгæй æмæ кæугæйæ ныуагъта. Автор сагъæс кæны семæ: «Хæст мæлæтимæ хæссы низ, хæрам æмæ фыдæх».

Сыгъдæг уды трагеди æвдыст æрцыд радзырд «Дидинæг æмæ хъусхилæг»-ы. Джыккайы-фырт дзуры ныфыккон дуджы цаутæ. Радзырды проблемæтæ стыр æмæ ахсджиаг сты ныр дæр. Архайд дзы рæзы этикон быцæуæй.

Уацмыс йæ арæзтмæ гæсгæ у авторы мысинаг. Автор хабæрттæ кæны йæхæдæг. Шамил, университеты кусгæйæ, арæх цыд студенттимæ колхозты кусынмæ. Рæстæг аивгъуыдта, фæдæ йын иу чызджы хъысмæт æнцой нæ дætты цалдæр азы. Ахуыргæнæджы цæст ыл æрхæцыд, факультетмæ куы цыд, уæд фæлварæнты. Бæрæг дардта иннæты астæу, «кæрдæгæй дидинæг куыд зына, афтæ», «Бонвæрнон арвыл бæрæг куыд фæдары, афтæ». Бацыд ахуырмæ, фæлæ стæй иннæты æхсæн айрох, нал разынд.

Дыккаг хатт та автормæ уыцы чызг разынд колхозы куысты рæстæг. Рæсугъддзинадæй ницы бавгъау кодта йæ геройæн. Йæ цæст ын сæ бауарзта иууылдæр: «Рæсугъдæн цыдæртæ хатыр кæнæм, – зæрдæ дур нæу, фидауцы раз йæ тæраз раст нæ бары. Уыцы чызгæн йæ уындæй йæ зонд уыди рухсдæр, йæ ныхас – аив, йæ дзуапп – мидисджын» [1,125ф.].

– Автор нæ хæлæг кæны æппæлæн ныхæстæ чызджы æнаипп бакастæн: «йæ цыд – сæрыстыр æмæ аив, йæ фезмæлд – ныфсджын æмæ арæхстджын, йæ ныхас – уæздан. Алцæмæй дæр уыд зæрдæмæдзæугæ, æмæ йын мæ зæрдæ гом кодта йæ дуæрттæ».

Шамилæн рæсугъддзинад æрмæст бакастæй нæу. «Æцæг рæсугъддзинадæн хъæуы рухс. Уыцы рухс цæуы зæрдæйæ, уымæй сфидауы цыфæнды цæсгом дæр, уый фидауц кæны бæрзонд æмæ алæмæт. Уыцы чызг рухс уагъта йæ удæй дæр æмæ йæ буарæй дæр».

Ницæмæй уыд радзырды персонаж æнæмæт хъалты хуызæн, «æмхиц нæ уыд сонт кæл-кæл æмæ æваст фæзылдмæ». Аргъ кæнын зыдта йæ дзырд æмæ йæ къахдзæфæн. Хъазтмæ йæ быцъынæг нæ тыдта, йæ мондæгтæ дзы нæ уагъта, фæлæ иугæр рахызт, уæд йæ кафт дæр уыди уæздан æмæ аив. «Фæлæ арæх йæ цæстыты зынди æдзæм æрхæндæг» [1,127ф.]. Фыццæгæм курс фæцис, ииуылдæр улæфынмæ ацыдысты. Мæйы фæстæ «æрбайхъуыст æнамонд хабар: уыцы чызг йæхи æрцауыгъта». Ныхæстæм гæсгæ, чызг уыди чындзæхсæвы сæ хæстæджытæм. «Уым ын йæ мады æфсымæр бауайдзæф кодта, цыбыр къаба йыл кæй федта, уый тыххæй. Чызг уырдыгæй ралыгъд æмæ тæвдæй йæ хурхыл æрвæдзæг æрбавæрдта».

Нæ бауæндыд автор ууыл: «Уыцы чызг рæузонд æмæ тæлтæг нæ уыд. Хи марынæн ахъаззаг æфсон хъæуы». Цавæр, уый автор бамбæрста бирæ азты фæстæ. Ахуыргæнæг цины фынгыл бады йæ кæддæры студенттимæ. Мысынц алы ирд цаутæ ивгъуыдæй. Уыцы сæрд ацы «æнамонд чызг» дæр куыста семæ Чермены, цардысты æмдзæрæны. Чызджытæй иу, Зарæ, иу æхсæв фæрæдыд мæхъхъæлон лæппуимæ. «Уыцы чызг, – дзырдта Матронæ, – æваст фæзæрдæсаст… Хуыссæны ныххауд æмæ боныцъæхтæм йæхи æхсадта йæ цæссыгæй». Мæйы фæстæ Зарæ чындзы ацыд. Ацы «стъæлд чызг» дæр йæ мадимæ араст чындзæхсæвмæ. Уым ыл уайдзæф сæмбæлд æмæ йæхи æрбайсæфта. Фæлæ автор æндæр хуызы «æнкъары», цардыл йæ къух цæмæн систа, уый: «Чындзæн исынц йæ хыз. Кувынц: «Фарн! Фарн!..» Уыцы æнамонд чызг кæсы, æмæ Сæрызæды бын урс дарæсы лæууы æмбисонды Зарæ. О, æз ын æмбарын йæ уавæр. Уынын, æрвдзæфау куыд фæци, уый… Уынын, фистæгæй хъæуæй хъæумæ куыд згъордта, уый дæр. Мæ зæрдæйæ æнкъарын йæ зæрдæйы рыст…» Æмæ авторы зæрдыл æрлæууыд æрхæндæг чызг: «Æвирхъау хъыг æм фæкаст, дидинæгыл хъусхилæг кæй сбырыди, уый. Сыгъдæг уд алцыдæр йæхимæ арф исы, уый гæлæбуйы тæнбазырау тæссонд у, нæ лæууы дæрзæг ныхасæн, риссы уайдзæфæй. Сындз схъæлæй баззайы миты бын дæр, дидинæг нæ фæразы чысыл уазалæн дæр [1,132ф.]. Нæ бафæрæзта сыгъдæг уд царды æнæрастдзинæдтæн, сайд æмæ чъизидзинадæн Автор фæсмонæй йæхи хæры: «Чи зоны йын мæ бон бауыдаид ныфс раттын – цæрынæн, уарзынæн, тох кæнынæн». Фыссæг аххосджын кæны йæхи, йæ алыварс чи уыд, уыдоны: нæ йын хъуыстой йæ уды хъæрзын, нæ йын æмбæрстой йæ рыст, йæ хъыгтæ.

Шамил йæ уарзон чызджы бары, хабæрттæ чи кæны, уыцы «дзæбæх сылгоймæгтимæ»: «Матронæ æлгъаг хабæрттæ дзырдта æхсызгонæй, худæндзастæй. Иннæтæ йæм хъуыстой рохстæй, зæронд анекдотмæ куыд фæхъусынц, афтæ, хъырныдтой ын хъæлдзæг чырчырæй… Уый сын уыд æрвылбоны цау, æмæ сæм нæдæр диссаг каст, нæдæр – тæригъæддаг». Æнæрцæф чызгæн Зарæйы хабар у трагеди, уды рыст, иннæтæн та – зæронд анекдот, хъæлдзæг хабар, таурæгъ. Джыккайы-фырт, мивдисджытæй пайдагæнгæйæ, ныхмæвæрд кæны радзырды сылгоймæгты характертæ. Иуырдыгæй, æнамод чызг «ныккуыдта зæрдæбынæй», «йæ цæстытæ æмбæрзта йæ армытъæпæнæй», «хуыссæны ныххауд», «боныцъæхтæм йæхи æхсадта йæ цæссыгæй» Зарæйы хæбар базонгæйæ, иннæрдыгæй, «нæртон æхсин» сусæг æнкъарæнтæ «сасирæй луæрста», «фæзмы сойджын ныхæстæй», «хурмæ калы, дуры гуыбынмæ дæр ныдздзурæн кæмæн нæй, ахæм хабæрттæ», «хъæлдзæгæй дзырдта».

Радзырды кæрон бæлвырд у авторы ахаст сылгоймагмæ: иу – «цыкурайы фæрдыг», иннæ – «ахуырст авг», «сындз схъæлæй баззайы миты бын дæр, дидинæг нæ фæразы чысыл уазалæн дæр». «Намысджын æмæ рæсугъд сылгоймагæн зын цæрæн у, – зæгъы фыссæг.

Джыккайы-фырт уарзта рæсугъддзинад. Ницы бавгъау кодта сылгоймаджы фидыц æрфыссынæн. Пайда кæны алыхуызон аивадон мадзæлттæй: абарстытæй («цæуы сагау сæрыстырæй», «мах ацы сыгъдæг удæн дзуарау табу кæнæм», «уыцы чызг разынд, Бонвæрнон арвыл бæрæг куыд фæдары, афтæ»), антитезæйæ («æнхъæлыс æй цыкурайы фæрдыг, цæуыс æм хæстæг, æмæ разынди ахуырст авг», «сындз схъæлæй баззайы миты бын дæр, дидинæг нæ фæразы чысыл уазалæн дæр», «зивæггæнаг хъазæн ныхас дæр мастæн исы, йе ‘рфыг дзы æлхынцъ кæны. Уый-иу аивæй бахудт»), метафорæйæ («сау цæстытæ сыгъдысты цинæй æмæ зындысты сау зынджытæй», «цыкурайы фæрдыг»), фразеологион дзырдбæстытæй («хъæубæстæ йæ сæ хъуыры æгънæгæн хуыдтой», «уындæй нæ разындзæн дыккаг ахæм»).

Куыд уынæм, афтæмæй Шамилы радзырдты сылгоймаджы фæлгонцы, ахадгæ цы нæ у, ахæмæй ницы ис. Йæ кад æмæ йæ фи-

дауц сты йæ хъуыддæгтæ. Автораен сылгоймаг у æрдз æмæ царды фидауц. Фидауцæй та, Шамилы хъуыдымæ гæсгæ, æвзæры рухс æмæ уарзт. Уыцы уарзт хъуамæ рæсугъд æмæ сыгъдæг кæна цард, хъуамæ лæппуйы кæна нæртон, чызджы уæздан. Хъуамæ афтæ уа абон дæр.

Библиографи:

1. Джыккайты Шамил. Арт æмæ æртхутæг: Радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 367 ф.
2. Джыккайты Шамил. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 409 ф.
3. Абайты Арбилянæ. Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ // Цард. – 2007. №3, ф.34.
4. Джусойты Нафи. Куы хауай, уæд стъалыйау бæрзондæй // Рæстдзинад. – 2015. № 31, ф.3
5. Цгъойты Хазби. Рæстдзинады фæдисон, рухстауæг, ныфсдæттæг // Рæстдзинад. – 2012. №90, ф.3.

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТÆН

ХЪАССОХАТЫ Калинин

КЪУЫРТТОН КАРК

Бæппу мадмæ
Куы дзуры:
– Нæ хъулон карк
Цы куры?
Хæринаг уый
Нæ хæры,
Мæ баббиты
Æфхæры.

Йæ бумбули –
Пыхцылтæ.
Йæ сырх къоппа
Нынцъылдтæ.

Мад Бæппумæ
Куы дзуры:
– Уый, мæ лæппу,
Къуыртт куры.

Рауадздзæни
Дзиботæ,
Урс дæллагхъуыр
Бинонтæ.

Ысуыдзысты
Кæрчытæ,
Æфтаудзысты
Æйчытæ.

Æйчытæ мын
Хæрдзынæ,
Сæрæн лæппу
Кæндзынæ.

ГЫЦЦИ ÆМÆ ЧЫСЫЛ ХÆСА

Гыцци: Арвгæрон – цъæх дари,
Раирд та и бон.
Хæса: Уымæй ма мын бахуый,
Уæ, гыцци, хæдон.
Гыцци: Арвæрдын æркъæлæт,
Диссаг у йæ конд.
Хæса: Уымæй мын æнæмæнг
Ачъепп кæн ды рон.
Гыцци: Хур ыссыгъди арвыл,
Тынг æндавы, тынг.
Хæса: Уымæй ма нæ артыл
Баппар, гыцци, зынг.
Гыцци: Мæй, æрттивгæ, тулы,
У йæ фæндаг даргъ.
Хæса: Уымæй ма нæ къулыл
Ацауындз цырагъ.
Гыцци: Арвы астæу хъазынц
Стъалытæ фæрнæй.
Хæса: Сæр æруагътон базыл,
Акæнон фынæй…

МÆ ХОРЗ ХÆЛАР КÆРКОНÆГ

Мæ хорз хæлар Кæрконæг,
Хивæнд митæ цы кæныс?
Кæм дыл амбæлд дæ хонæг,
Æд дзибатæ кæм хæтыс?
Нæ сыхæгтæн сæ уасæг –
Фыдуаг æмæ тыхтона.
Уый нæ зоны, циу уазæг,
Ныттондзæн дын дæ къоппа.

УАРГÆ БОН

– Кæдæм тæхут,
Сабитæ?
Уæ зонтыктæ кæм сты?
– Цъымарайы
Бабитæ
Ныссагъдысты, мæлдзысты.

РУВАС

Рувас, рувас,
Хинæйдзаг,
Дæ даргъ къæдзил –
Митæйдзаг.
Кæм та уыдтæ,
Сайæгой,
Кæй кæркдоны,
Давæгой?

Къæрных митæ
Цы хоныс?!
Ды бахордтай
Нæ гогыз.

Рувас, рувас,
Æдзæсгом,
Тагъд ферох кæн
Нæ кæркдон.

Ды – маринаг,
Нæминаг.
Нæ фæсдуары –
Хъыримаг.

Баба дзы у
Рæстдзæвин.
Фæкæндзæн дæ
Æнæсин.

ЗЫМÆГ

Тызмæг дæхи
Цы дарыс?
Нæ лæгдзинад
Куы ´мбарыс.
Мах ихæнæй
Нæ тæрсæм,
Æд дзоныгътæ
Цæттæ стæм…

Фæтыхджын кæн
Дæ къуыззитт,
Æруар, æруар
Фæлмæн мит.
Гъе, уымæ дын
Куы бæллæм,
Митын Дада
Ыскæнæм.

БАБА АФТÆ ФÆКУВЫ

Хъæлдзæг бонтæ æрвитæм,
Нæ сабитæ – нæ фидæн.
Махæн зæхх у нæ дарæг,
Хоры нæмыг – нæ зарæг.
Уалдзæг, разын къæвдаджын:
Уа нæ фæззæг бæркадджын.
Зилæд, зилæд нæ куырой, –
Бæркадыссæг æдзухæй:
Нæ сабитæ æфсæст уой
Дзуццутæ ´мæ гуккутæй.

ÆНÆЗИВÆГ ЛÆППУ ДÆН

Æнæнивæг лæппу дæн.
Æнцад бадын нæ зонын.
Нæ годо 'мæ нæ хъугæн
Кæрдæджытæ фæтонын.
Баба мæ ныр лæг хоны,
Быдырмæ мæ фæхоны.
Нанайæн та гыццыл дæн:
Нæ мæм дæтты йæ цъылын.

ФÆКÆСЫН ÆМ НÆ ХЪУЫДИ?

– Кæцæй цæут, лæппутæ,
Кæм уыдыстут, мæ хуртæ?
Цæмæн стут чъизи та?
Фæуыдзыстут фидиссаг.
– Хæдзар кæны Саугуыди,
Фæкæсын æм нæ хъуыди?!

КÆДÆМ УАЙУТ, САБИТÆ?

– Кæдæм уайут, сабитæ?
– Мах бигъойæ нæ тæрсæм,
Уæлæ фахсæй уардитæ
Нæ нанатæн æрхæссæм.



ТЕУА ЙЕ 'НÆЗОНДÆЙ КУЫД ФЕСÆФТ

Ирон адæмон аргъау

Цардысты фондз æмбалы: арс, бирæгъ, рувас, зыгъарæг æмæ теуа. Фыдзымæг скодта, хæринаг сын нал уыди.

Иу бон рувас афтæ зæгъы арс æмæ бирæгъæн:

– Цæй, мæнæ теуайы аргæвдæм, æмæ нын æгас зымæгвæг уыдзæн!

Арс загъта:

– Уый бæргæ хорз уаид, фæлæ нын кæм сразы уыдзæн!

– Уый мæ бар уадз, – загъта рувас. – Æз æй бацырын кæндзынæн, уалдзæджы, кæрдæг куы æрзайа, уæд та дæ райгас кæндзыстæм, зæгъгæ, æмæ уый йе ´дылыйæ ницыуал зæгъдзæн.

Арс æмæ бирæгъ загътой:

– Хорз, ацу йæм æмæ йæ сразы кæн, æргæвдын та мах бар уадз.

Рувас фæсидти теуамæ æмæ йын хибарæй райдыдта йæ сайæн ныхæстæ кæнын:

– Теуа! Уæ, теуа! Зæгъин дын зæрдæбын ныхас, фæлæ та дæ нæ уырндзæн, стæй дæ уымæй дæр тæрсын, мыййаг дын хъыг куы уа: ды, дзæбæхæн дын цы загъдæуа, уый зыгъуыммæ æмбарыс.

Теуа йын загъта:

– Нæ мын уыдзæн хъыг, стæй дæ дзырдыл дæр ныллæудзынæн, зæгъинаг цы дæ, уый мын зæгъ.

Уæд дын рувас йæхинымæр бахудт æмæ загъта:

– Цæй, теуа, аргæвдæм дæ æмæ дæ бахæрæм, стæй, уалдзæджы кæрдæг куы сцъæх уа, уæд дæ райгас кæндзыстæм. Мах дæ куы аргæвдæм, уæд дæ æгас дæр ракæндзыстæм; дæхи æгъдауæй куы амæлай, уæд дын райгасгæнæн нал ис.

Теуайы бауырныдтой рувасы ныхæстæ æмæ сразы. Æрбакодта йæ арс æмæ бирæгъмæ, æмæ йæ аргæвстой. Йæ хуылфыдзаумæттæ йын рувас æмæ зыгъарæг систой. Стæй та рувас теуайы зæрдæйæ иу гыццыл зыгъарæгæн авæрдта, иннæ йæхæдæг ахордта.

Уæд ын зыгъарæг загъта:

– Дæ бон ныккалай, ды мын йæ фылдæр æрдæг ахордтай, фæлæ нæ ныр арс æмæ бирæгъ куы фæрсой зæрдæйы тыххæй, уæд сын цы зæгъдзыстæм?

Рувас зæгъы зыгъарæгæн:

– Дæ цæстытæ-иу ныдздзагъыр кæн æмæ афтæмæй кæс, фæлæ дзургæ мацы скæн.

Рахастой физонæгтæ. Арс æмæ сæ бирæгъ æрысгæрстой, æмæ, зæрдæ уым нал ис, уый куы федтой, уæд сæ дзыхы дзаг ныхъхъæр кодтой:

– Зæрдæ цы фæци, уый нын зæгъут, кæннод додой уæ къона кæны!

Уæд зыгъарæг йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта, афтæмæй кæсы рувасмæ.

– Куы йæ хордтай, уæд мæм нæ кастæ, фæлæ мæм ныр кæс.

Азым зыгъарæджы фæцис, æмæ йын арс æмæ бирæгъ загътой:

– Ацы хатт дын барст фæуæд, фæлæ ма æндæр хатт куы фæрæдийай, уæд нын сар дæ сæр кæндзæн.

Радтой теуайы сæр зыгъарæгмæ. Арс æмæ йын бирæгъ загътой:

– Ацу æмæ йæ сарау.

Зыгъарæг ахаста сæр æмæ йæ сарыдта.

Рувас йæ фæдыл ауади, сæрæн йæ магъз акъахта æмæ йæ ахордта, йæхæдæг æй афтæмæй бахаста æмæ йæ арс æмæ бирæгъы раз æрæвæрдта.

Æруыдтой йæ, æмæ дзы магъз нал уыди.

Фæрсынц рувасы:

– Цы фæци амæн йæ магъз?

Уæд рувас æдзынæгæй алæууыди æмæ сын загъта:

– Гъе, арс æмæ бирæгъы зондджын чи хоны, уымæн та цы зæгъон! Цæй магъз дзы агурут? Теуайы сæры магъз куы уыдаид, уæд йæхи æргæвдын уагътаид?!

Бауырныдта рувасы дзырд арс æмæ бирæгъы

Дæ бындар фæуай, нæ гæды рувас, диссагæн баззадтæ рагæй-æрæгмæ.

ДАУЫРАТЫ ДАМИР
(1939)

Дауыраты Ханджерийы фырт Дамир райгуырд Рахизфарсы районы хъæу Хуымæллæджы. Астæуккаг скъолайы фæстæ ахуыр кодта педагогон техникумы æмæ институты, стæй та – Ростовы уæлдæр партион скъолайы журналистикæйы факультеты.

Фæсахуыр куыста фæскомцæдисон æмæ партион оргæнты. Уыд Рахизфарсы районы газеты редактор, Беслæны горæты мэр аст азы дæргъы. Сфæлдыстадон куыстмæ бавдæлд поэты хуызы, стæй æргомздæхт фæцис прозæмæ. Рацыд ын фынддæс чиныджы. Уыдонæй уæлдай зынгæдæр сты: «Мæ сабидуджы фæлмæн къæвдатæ æмæ «Лезинкайы суадæттæ». Ис æм къорд документалон уацмысы ирон зындгонд адæймæгты тыххæй.

Æнтысæд ма йын нырау ирон аив дзырды хæрзæбонæн.

ДАУЫРАТЫ Дамир

ЛЕЗИНКАЙЫ СУАДÆТТÆ

Институты нæм куыддæр фæстаг лекци фæвæййы, афтæ æмдзæрæны балæууын, мæ бæзджын тетрæдтæ базы бын банордын, стæй мæ ных автобусы вагзалмæ саразын. Хъæумæ, нæхимæ фæтындзын. Ныр фыццаг хатт баззадтæн сабаты горæты, фыццаг хатт дзы бахсæвиуат кодтон. Уалдзæджы, раст сауцъиутæ сæ зымæгон балцæй куы раздæхтысты æмæ мæ рудзынджы бакомкоммæ æртæуæладзыгон хæдзары сæр ратас-батасгæнаг антеннæйыл куы æрбадтысты, уæд.

Лекцийы ма бадтæн, афтæ мæ дзыппытæ асгæрстон – мæ мæгуыр стипендийæ ма 83 капеччы ссардтон. Æхсæз суарийы дзы галиу

дзыппы ауагътон, æмдзæрæны буфеты дзы мисыны авг коржикимæ фæдæле кæндзынæн, 3 капеччы – трамвайæн æмдзæрæнæй автобустæм, 50 капеччы та – фæндаггаг хъæумæ…

Куыддæр трамвайæ æргæпп кодтон, æмæ ма фæндзай санчъехы бæрц хъуыд билетты кассæмæ, афтæ дын кæсын, æмæ дыууæ сырххъулон къабаджын цигайнаджы, мæ разæй чи цыдис, уыцы чызджы ацахстой, цæмæндæр ын лæгъстæ систой, цыдæр дзы куырдтой. Æвæццæгæн ын къамæй фарстой, чызг кæй нæ куымдта, уый йе уæхсчыты æмæ йæ сæры змæлдæй бæрæг уыдис. Æз сæм куы баввахс дæн, уæд сæ иу, бæрзонддæр, чызджы фæуагъта æмæ мын мæ фæндаг ахгæдта. Дæргъæй-дæргъмæ къаба йыл, куыд дæлæмæ – фæтæндæр, йæ бынтæ йын æрдæгхус асфальт марзтой, йæ къæхтæ йын бынтондæр бамбæхстой, æмæ, цыма сиргæ кæны, уыйау зынд. Йæ мидбылхудт куыд ссыгъд, афтæ йæ хуыссын кæнынмæ нал хъавы. Хурсыгъд тæрныхы фæрнæфæрсты даргъ сау-сауид æрфгуытæ базмæлынвæнд нæ кæнынц, сæ бынæтты баныхæстысты. Æрмæст йæ тæнæг былтæ стырындз сты, йæ урс-урсид дæндæгтæй хуры тынтæ фæстæмæ схъиуынц.

– Мæнæ дзæбæх лæппу, дæу цигайнаджы сæр ницæмæн ма хъæуы?

Æз ницы дзырдтон, æрлæуууынмæ дæр æм нæ хъавыдтæн, фæлæ мæ цыдæр тых баурæдта. Цигайнаг чызг йæ галиу къух размæ радаргъ кодта, йæ иннæ къухы амонæн æнгуылдзæй йæ армытъæпæн æрхоста:

– Мæнæ ацы ран æрмæстдæр абази æрæвæр, æмæ дæ ацы райдзаст уалдзæг цавæр саудзæст кæнæ цъæхдзæст чызг уарзы, уый дын схъæр кæндзынæн… Мæн йеддæмæ йæ ничи зоны. Дæхæдæг дæр. Æрмæст абази. Фæстæмæ дын æй ратдзынæн…

Йæ мидбылхудт мæ бадомдта. Цыдæр сайæг, хъæру сафæг, хъуыды сурæг. Мæ цæстытыл уæлæсыхаг цъæхдзæст ауад: «Цымæ афонмæ…» Цавæрдæр æбæрæг тых та мын мæ къухыл ахæцыд, мæ рахиз дзыпп мын басгæрста, иу згъæр æхца дзы равзæрста, цигайнаджы армытъæпæны йæ æрæвæрдта. Уымæн йæ мидбылхудт нæ хуыссы, хуры æрттиваг тынты арт дзы тынгæй-тынгдæр судзы, йæ лыстæг

æнгуылдзтæ ме ‘хцайы алыварс скатай сты, рогæн æй фелвæстой æмæ йæ йе ‘рдæггом дыууæ риуы æхсæн тар къардиуы ныппæрстой.

– Чызджытæ дæу хуызæн дзыгъуырфындзтæм се ‘ргом зынтæй здахынц, фæлæ дæ дзы иу уарзы. Кæд дæ йæ базонын фæнды, уæд та…

Йæ афтид армытъæпæн та мын мæ цæстытæм лæбуры, цыдæр мæ домы. Ноджыдæр та йыл ссæдз капеччы æрфæлдæхтон, йæ лыстæг æнгуылдзтæ та йæ алыварс скатай сты, рогæн та йæ фелвæстой, дыууæ риуы астæу сæрсæфæн къардиуы та йæ ныппæрстой. Кæцæйдæр мыл æвиппайды дзæгъæл хъуыды æрхауд: «Уырдыгæй сæ уæлæнгæйтты нал систæуыдзæн. Æнæ билетæй баззадтæн». Цæхгæр фæстæмæ фæзылдтæн. Чызг ма мæ фæдыл дзырдта, фæлæуу, дæ амонды тыххæй дын зæгъон, зæгъгæ, фæлæ йæм фæстæмæ дæр нал фæкастæн. Æвæццæгæн, ныр дæр ма йæ мидбылхудт нæма ахуыссыд…

…Æмдзæрæны иу уаты кæимæ цардтæн, уыдонæй уым ничи разынд, æвæццæгæн та фæндагыл чызджытимæ ног киноныв фенынмæ, кæнæ сæлдæджытæ хæрынмæ фездæхтысты. Æндæр искæмæй æфстау райсын мæм аив нæ фæкаст, æмæ сæм суанг талынггæрæттæм æнхъæлмæкæсгæйæ баззадтæн. Æрæджиау куы фæзындысты, хабар сын куы радзырдтон, уæд мыл худæгæй сæхи схастой. Уæлдай худæгдæр сæм, йæ риуты æхсæн-иу цигайнаг мæгуыр капеччытæ куыд ауагъта, уый фæкаст. Стипенди райсынмæ, дам, бирæ сахаттæ нал баззад, мах дæр, дам, райсом уыцы фæндагыл цæуæм… Сæ дзыппыты къуымты мын фæндаггаг æрæмбырд кодтой, фæлæ мын цæуынмæ байрæджы – уыцы афон нæ хъæуы ´рдæм автобус нал вæййы… Фæлтау райсом раджы ацæудзынæн.

Мæ мад мæм æнхъæлмæ кæсдзæн, йæ зæрдæ ‘хсайдзæн, уый зыдтон æмæ йæм æмдзæрæны дуаргæсы телефонæй ныдздзырдтон: «Ма тæрс, тæккæ райсом мæ уырдæм хъæуы. Ничи мæ агуырдта?»

– Агуырдта, агуырдта… Хурныгуылды размæ нæм Лезинка æрбауад.

– Цы мæ кодта, ницы загъта?

– Фарста мæ, дæ фыссæг лæппу, дам, горæтæй нæма æруад.

Зæгъын, ардæм æй хъæуы. Цæмæй зыдтон… Хъомты размæ куы ацыдтæн, уæд та мæ ногæй афарста. Мæ цымыдис мын бамбæрста æмæ дын афтæ: «Дæ иунæг лæппуйæн мацæмæй тæрс, самандурты цъыф змæнтынмæ мæ, мыййаг, нæ хъæуы. Йæхædæг æй зоны, цæмæн æй агурын, уый…»

«Кæдæй-уæдæй!» – ныццин кодтон мæхинымæр, фæлæ сдзурын ницы сфæрæзтон, мæ мад та мæ разæй фæцис.

– Дæ сæр ма йыл ма риссын кæн. Райсом дæр дæ ссардзæн…

Æхсæвы дæр мæ хъустыл Лезинкайы ныхæстæ зæлыдысты: «Йæхæдæг æй зоны, цæмæн æй агурын, уый». Мæ цæстытыл уадысты нæ фембæлдтытæ, мæ куырдиат ын куы загътон, уыцы бон…

Лезинка нæ сыхаг ус у: æрыгон дæр нал у, зæронд дæр нæма у, кæмæй фæзæгъынц, раст ахæм. Фыццаг ыл ахæм худæджы ном чи сæвæрдта, уый ныр зын раиртасæн у, фæлæ йæ фæсауугонмæ Стъарапил хонынц. Даргъ æмæ фыдхуыз кæй у, уый тыххæй. Сыхы устытæ нæ сыхы астæувæндагыл æмгуыппæй зианмæ куы арæнхъ вæййынц, уæд Лезинка сæ сæрты фæкæсы йæ сау сæрбæттæны.

Цæргæ та тæккæ тигъыл кæны. Ам райдайынц быдырмæ фæндæгтæ. Сæумæрайсом кæрдæджы ‘ртæх куы нæма сысты, уæд уæлдай бæрæгдæрæй фæзынынц. «Мæргъты базыртау мæм кæсынц, – цæуылдæр сæм ныдждджих, афтæмæй мын дзырдта иухатт Лезинка, – мæ былтæ куы базмæликкой «уыс-сиу», зæгъгæ, уæд цыма уыдон дæр сæхиуыл схæццикой æмæ кæдæмдæр атæхиккой… Бынтон сидзæрæй сæ баззаин…»

«Мæ фыды æвзæрст цæрæнбынат у, – цалдæр хатты йæ фехъуыстон, устытæн-иу куыд æппæлыд, уый, – ныр сæ быдырмæ фæлмæн автобустыл ласынц, фæлæ-иу колхозонтæ раздæр нæ тигъыл æмбырдтæ кодтой сæумæцъыккæй сæ уæрдæттæм. Мæ фыдмæ-иу уый хорз каст… Сæ фæндырдзагъдмæ-иу фехъал дæн. Хæсты размæ адæм тынг хъæлдзæг уыдысты, æнахуыр хъæлдзæг. Нæ хæдзары къултæ-иу фæндырдзагъдæй зыр-зыр-кодтой…»

Уæдæй нырмæ лæууынц уыцы къултæ. Лезинкайы хæдзары хъæдын къултæ. Сæ алыварс та – æхсæруисæй быд кау. Чысыл саби

ма куы уыдтæн, уæд-иу уыцы кауыл бадын уарзтон, дыууæ михы æхсæн-иу мæхи хурмæ тавтон. Никуы мæ ферох уыдзæн, иухатт мæм Лезинка куыд æрбацыд, йæ хъарм армытъæпæнтæ мын мæ уæрджытыл куыд æрæвæрдта, уый:

– Мæнæ лæппу, цæй тæлфаг дæ, цæй? Уыцы хуызæнæй дæ мады гуыбыны куыд лæууыдтæ? Хъусыс, куыддæр мын дзы иу уис дæр асæттай, афтæ дын дæ сæр мæнæ ацы цыргъ михыл æрсадздзынæн. Æмæ дæ дынджыр хъустæ насы сыфтау бампылдзысты… Худæг дæм кæсы? Уæд афтæ нал зæгъдзынæ. Нарты кадджытæ фæкæсыс? Нæ фæкæсыс? Нарт дæр-иу афтæ кодтой.

Стæй мын мæ фындз йæ дынджыр æнгуылдзтæй батылдта, бахудтис мæм: «Бад, мæ хур, бад».

Ахæм хæдзар æмæ кау нæ хъæуы æндæр никæмæн ис. Сыхæгтæ, дæле дæр æмæ уæле дæр, дурæй амад егъау хæдзæрттæ ныззылдтой. Лезинкайы хъæдын къултæм бæрзондæй бынмæ кæсынц, уыцы хъал æмæ æнæрвæссонхуызæй.

– Æниу галуантæ куы рамбулин лотерейы билетæй, – иуахæмы та йæ ныхасгæнгæ баййæфтон, – уæддæр сыл барвæссин? Цæмæн мæ хъæуынц, цæргæ та мын дзы чи кæндзæн? Мæ ныййарджытæ се 'нусон бынæттæ раджы ссардтой. Уый бæсты сын сæ аргъ райсин.

– Æмæ уыйас æхцаимæ цытæ кусис, сæ бахардз кæнынмæ сарæхсис? – чидæр æй къахынвæнд скодта.

– Сарæхсин, сарæхсин, иугæр мæ къухтæм æрбахауæнт, æндæр. Фæлæ мæ тынгдæр гуыппы тыххæй хъæуынц. Гуыппы тыххæй! Уадз, мæ кой уæддæр айхъуыса, уæлæ Дурискайы иунæг чызгмæ милуантæ ис, зæгъгæ. Кæд мæнмæ дæр искуы исчи бахæлæг кæнид.

– Æмæ дын цасы фаг уаиккой? Ресторантыл, мыййаг, куы нæ зилыс?

– Ресторантыл мæ фыд дæр нæ зылдис. Уæвгæ дæр дзы никуы уыдис… Быдырæй йæ не 'вдæлд. Æппæты фыццаг дзы мæ суадæттыл иучысыл бахардз кæнин, сæ алыварс сын, зæххыл куыд нæма уыд, афтæ рæсугъд скæнин. Иннæ æхцатæ та мæнæ мæгуыртыл байуарин.

Йæ алыварс ныххудтысты, схор-хор кодтой:

– Кæм ма ис ныртæккæ мæгуыртæ, кæм ма сæ агурдзынæ?

– Кæм?! Дæлæ Темыс, иннæ ахæм Уасил, уæртæ тъæпæнфындз Милайы дыууæ фырты... Сæхи зæххыл кусын сæ сæрмæ нæ хæссынц, фæлæ, дам, стыр æхцаты фæдыл алырдæм атæхынц алы уалдзæг. Мæргътæ – ардæм, уыдон та – ардыгæй... Фæзилин сыл хæдзарихæдзар æмæ сын зæгъин: «Мæнæ уын ссæдзгай æзты фаг æхцатæ, æмæ уæ куыдзы бынæтты бадут». Байуарин сæ, мæ суадæттыстæн, фæстæмæ дæр нæ фæкæсин уыйбæрц æхцатæм. Кæд ма дзы каутæ бийынмæ баххуырсин... Фæлæ уый фаг мæхимæ æдзухдæр вæййы. Ныртæккæ колхоз быдырдзаутæн хорз мызд фиды... Ацы хатт сæ æнахуыр бæрзонд сбийын кæндзынæн. Уадз, æмæ-иу уыдонмæ кæсгæйæ, уыцы æнæхайыры сæгътæн сæ сæртæ разилой, мæ бон сæ нал у. Æмæ, дам, Лезинка загъдгæнаг у. Дзæгъæлы чи загъд кæндзæн? Ма мæ къах, æмæ дын уайсадæг чындзау уыдзынæн...

Иу фæссихор Лезинка нæ цурты мæстыйæ ссыдис. Лыстæг, дæргъæй-дæргъмæ, цыбыр къахдзæфтæгæнгæ.

– Уæлæ хъæусоветмæ цæуын. Мæнæ-ма ардæм æркæс.

Каухалæнты хуызæн æнгуылдзтæй газеты гæбазы тыхтон райхæлдта. Сæрыхъуынты гуцъула дзы. Урсытæ, саутæ, буртæ.

– Кæй дын сты? – хæрдмæ йæм скастæн.

– Дæлæ нæ зæронд уасджыты, Лубæ æмæ Сурæты. Фæхыл сты æмæ кæрæдзийæн бынтыбыны митæ бакодтой. Мæнæ уыныс...

Æз мæ худын нал уромын.

– Чи сæ кæцыйы у?

– Æмæ сын цы зонын?! Хæйрæг дæр сæ нал равзардзæн. Зæххы сæ æрæмбырд кодтон. Уæд сæ иугай равзарын хъæуы.

– Сæхæдæг сæ цæуылнæ схæссынц хъæусоветмæ? – афарстон та йæ æз.

– Сæ дыууæйы сæгътæ дæр мæ цæхæрадонмæ кæй бахызтысты, мæ нартхор æмæ мын мæ къабуска кæй бассæстой, уымæн мын æвдисæндар сты.

Худгæ мæ ныууагъта. Цымæ, дарддæр цы уыдзæн, зæгъгæ, дуармæ лæугæйæ баззадтæн. Уайтагъд фæстæмæ фездæхт:

– Мæхи мын уыцы мидбылхудгæйæ фæаххосджын кодта Бутъус. Дыууæ сылгоймаджы, дам, кæрæдзийыл сардыдтай. Цы сæ сардыдтон?! Иу дæр загъта «дæ сæгътæ уыдысты», иннæ дæр загъта «дæ сæгътæ уыдысты». Æмæ кæрæдзимæ фæлæбурдтой. Кæй сæ нæ баиргъæвтон, уый мæ аххос... Ныууагътон хъæусоветæн мæ тыхтон, зæгъын, лæварæн уын. Мæ фæдыл ма дзырдта сæрдар: «Мæнæ уæм депутатты фервитæм, уыдон уын равзардзысты уæ хъуыддаг». Рарвитут, зæгъын, рарвитут, кæд сын сæ сæрыхъуынтæ фæстæмæ сæ бынæтты ныссадзиккой...

Иурайсом раджы мæ мады бæсты нæ хъуг æмæ гал хъоммæ ратардтон æмæ та загъдгæнгæ ныййæфтон Лезинкайы сæ дуармæ. Æхсæрлæдзæг йæ къухы:

– Уæртæ мын Готторы фыдцъылыз хъуг нæ тæккæ дуары рæбын æвæджиауы хуын æрæвæрдта... Æрбакæс-ма йæм, æрхуы тасы йас нæу?! Уагæры сын цытæ бахæры? Нæ тæккæ цурмæ йæ æрхаста узгæ-узгæ... Уæд сæ цы стырындз кæнынц рæмæ, сæхи кæрты-иу сæ бауадзæнт, æмæ сæ куыст бакæной. Йæ хицау та дын мын афтæ: «Цы дæ хъыгдары, дуне сæнар дзы фæкæндзынæ». Зæгъын, ацы хатт ма йæ ардæм куы æрхæсса, уæд æм-иу дæ фæдджи бадар æмæ йæ фæстæмæ уæхимæ - хæсгæ. Махæн нæ сæнæрттæ кæнын афонтæ раджы ахицæн сты, Хуыцауæй разы, ныр цард хорз у, нæ къухтæй макуы ахауа... Уæртæ алы бон уынгты æвзалы æмæ газы балонтæ куы ласынц, табуафси, балхæн, цас дæ хъæуы, уыйбæрц... Афтæ ма куы кæной, уæд сæ фыдуынд хъуг уæлæ иннæ тигъыл скъæрæнт...

Мæ худын та йæм нал баурæдтон:

– Хъугæй дæр фыдуынд вæййы, Лезинка?

– Вæййы, мæ хур, вæййы. Уæртæ-ма, Готторы хъуг йæ фæстаг зæххыл куыд ласы, уымæ бакæс. Хорз лæг ма сылгоймаджы фыдуындæн ныббардзæн, фæлæ хъуджы фыдуындæн ныббарæн куыд ис? Мæ фыдгул Готторы хъуджы бын æрбада. Фосæй, адæмæй – алцыдæр хъуамæ аив уа... Рæсугъд уарзын æз...

– Лезинка, æмæ дæхæдæг та чызгæй куыд уыдтæ? Рæсугъд уыдтæ?..

Мæ къæйных фарстæн мын дзуапп нал радта. Уæлæсыхаг Гæби хæдтулгæйыл йæ фосы æрцæйскъæрдта, иу дыгæрдыг дзы, Лезинкайы кауы сæрты цы гагадыргъыты къутæр каст, уымæ фæзылд. Лезинка йæ лæдзæг фæхъил кодта, йæ размæ азгъордта. Фæстæмæ хъуыр хъуыргæнгæ раздæхт:

– Цыдæр æрцыд нæ хъæубæстыл. Фистæгæй иу уæлдай къахдзæф акæнынæй сæ Хуыцау бахизæд. Хъомты фæдыл хæдтулгæты рацæуынц, сæ рæмæ дæр – хæдтулгæтыл... Иубоны диссаг дæм диссаг нæ кæсы? Уæлæ Дудуйы фырт сыхæн рады фыййау йæхи машинæйæ ацыд. Фæссихор фос ныххæлиу сты, хъæумæ ралыгъдысты. Фæдисы йæм ныххæррæтт кодтой адæм. Уый та йæ «Жигули»-йы дæлæ Бибисы рагрæгъæд чызгимæ хъæбыс-хъæбыс бадт. Цыма сыл æдде къæвда сæх-сæх кодта. Ахæм уарзтæй уарзынц кæрæдзи ныртæккæйы фæсивæд...

Мæнæн мæ зæрдыл æрбалæууыд, гыццылæй нырмæ цы хъусын, уый: Лезинкайæн, дам, хæсты рæстæг салдат уарзон уыдис. Алексей -йæ ном, уырыссаг лæппу, сыбираг. Æрыдоны бынæй йæ цæфæй мах хъæумæ сластой. Йæ хъæдгæмттæ куы бадзæбæх сты, уæдмæ хæст фæстæмæ аздæхт. Не 'фсæдтæ знаджы йæ фæд-фæд тардтой. Цæуын хъуыд Алексейы дæр. Суанг Елхотмæ, дам, Лезинка йæ фæдыл фезгъордта. Æфсæнвæндаджы станцæйы йæм Алексей йæ цинел авæрдта, фæхæц ыл, æз ныртæккæ æрбаздæхдзынæн, зæгъгæ. Нал æм фæзынд. Раздæхт æд цинел Лезинка, иуцасдæры фæстæ писмо райста. Фыццаг æмæ фæстаг... Йæ рæбыны, дам æй æмбæхстæй дары.

Уыцы писмойы кой куы фехъуыстон, уæдæй фæстæмæ мæ цыдæр æхсызгон æмæ цыбæлгæнæг цымыдис æнцой нал уадзы. Районы газетмæ фыццаг уацхъуыд куы ныффыстон, уæдæй нырмæ та мæм уæлтæмæны базыртæ размæ сидынц: «Бакæс писмо, уыцы æнахуыр уарзондзинады тыххæй дæр ныффысс». Ноджы дзы алы ныхæстæ кодтой адæм. Иутæ загътой: «Уæгъд рæстæг уыдис салдатæн, æмæ дзы йæхи ирхæфста, стæй йæ æд цинел фæуагъта». Иннæтæ: «Писмойы сты йæ зæрдæлæууæн ныхæстæ. Фæстæмæ йæм хъуамæ раздæхтаид». Писмо бакæсын хъæуы, фæлæ куыд? Лезинкайæн ныронг дæр куы

нæ уæндыдтæн йе ской кæнын, уæд? Кæд ма мын уыдзæн хуыздæр фадат?

– Ænхъæлдæн, æмæ мæм нал хъусыс, уæртæ лæппу? Дæхи уыдоны бынаты авæрдтай? Æмæ дæ æз уæздан лæппуйæ куы зонын... Æви æндæр истæуыл тыхсыс?

– Тыхсын, Лезинка.

Хæстæг мæм æрбацыд, йæ цæстытæ мæ нал исы.

– Зæгъ-ма, цæмæй?

– Афтæ фехъуыстон, хæстæй нырмæ, дам æм писмо æмбæхст ис йæ чырыны. Хорз мæм кæсы уæды рæстæджы зæронд писмотæ кæсын…

Йæ цæстытæ ныффæлладхуыз сты, нынкъард, ныртæккæ сæ цæссыг ратæдздзæн...

– Хорз дæм кæсы, зæгъыс?.. Ахæм писмотæн зæрондгæнæн нæй. О, хæдæгай, фыссæг дæ куы хонынц, фыссæг... Æмæ цы хъыгдары, цы? Бакæсдзынæ йæ, кæд дæ афтæ тынг хъæуы, уæд. Кæдмæ йæ дардзынæн æз дæр æмбæхстæй?.. Уæддæр сæ сусу-бусутæ нæ ныууадздзысты адæм. Мæнæ хортауæнтæ æрцæуынц, суадæттæ сыгъдæггæнæн бон. Æххуыс дæр мын акæндзынæ, уый дæр бакæсдзынæ... Ныр дын уыдæтты афон у. Уарзондзинад цы у, уый зоныс. Ныры лæппутæ æмæ чызджытæ уый раджы бамбарынц. Æз дæ уæд мæхæдæг ссардзынæн. Фысгæ кæн. Æцæг дæм Лезинкайы кой куыннæ уа, афтæ...

Йæ амонæн лыстæг даргъ æнгуылдз дыууæрдæм скатай...

Æмдзæрæн ма фынæй уыдис, афтæ æз автобусмæ ратындзыдтон. Хъæугæрон Хуымæллæджы доны сæрты хиды рæбын дæлбылы къахвæндагыл ныххызтæн. Ме скомкоммæ иу лæг тагъд-тагъд сцæйцыд, æмæ йæ раздæр дæргъвæтин рафæрс-бафæрсгæнæг ныхасмондаг Черымыхъо фæхуыдтон. Загътон, ныффæстиат та мæ кæндзæн. Фæрæдыдтæн, æмæ мæ риуы дзаг сулæфыдтæн. Батырбег разынд, нæ хъæуккаг, ныртæккæ горæты цæры. Æрæджы мæ проспекты æрурæдта, мæ дзыппы мын туман нытътъыста, студенты фаг буцдзинад та, дам, кæм ис, стæй, дам дын дæ фыды хорз зыдтон...

Кæрæдзийыл бацин кодтам.

– Мæнæ кæсыс, – йæ галиу къухы даргъ тыхтонмæ мын аца-

мыдта, айфыццаг мæм мæ хо сдзырдта, мæ карчы цъиутæм мын гæркъæрæгтæ сагъуыдысты, зæгъгæ, цуанон куы дæ, исты хос, дам, сын скæн. Æмæ йæм мæнæ топпимæ æруадтæн. Фæтæрсын сæ кодтон. Стæй хъæу федтон...

– Цом, раздæх нæм, – зæрдиагæй йæм æрхатыдтон æз, – мæ мадмæ æдзухдæр сыгъдæг хорæй конд бæгæны вæййы.

– Бæргæ раздæхин дæ хуызæн дзæбæх лæппуимæ, – мидбылхудгæ загъта Батырбег, – фæлæ горæтмæ тагъд кæнын. Мæнæ фараст сахатыл Афганистаны тыххæй документалон киноныв æвдисдзысты, æмæ йæм, зæгъын, нæхимæ куы бакæсин. Ам, дам, хатгай æвзæр февдисынц телевизортæ. Уæртæ мæ Лезинка дæр лæгдыхæй урæдта, ныртæккæ, дам мæ цæхæраджынтæ пецы сæрæй райсдзынæн. Абон та йын бæрæгбон у, мæгуыр, суадæттæ сыгъдæггæнæн бон. Иу дæр сæ рох нæ кæны. Ныртæккæ дæу дæр мидæмæ здахдзæн...

Æцæгдæр, Лезинка мæ размæ рауад, фæлæ мæ сæхимæ нæ баздæхта.

– Уæхимæ уал суай, кæннод дæм дæ мадæн йæ цæстытæ ныуурс сты. Æхсæвыцъæхæй мын мæ дуар ныххоста, кæд, дам, мæ фырт дæумæ раздæр бацыд, мæ бæрц, дам дæ уарзы... Зæгъын, гæды ныхæстæ мын ма кæн, мæ суадæттыстæн, йæ мады бæрц ничи никæй фæуарзы. Худтис... Фен æй, стæй-иу мæм æрбауай. Де 'рцыдмæ мæ чъиритæ афыцдзысты, мæ карк дæр уæларт ис, рагъхъæдыл ма бадтис, афтæ йæ фынæйæ райстон, хъугдуцджытыл цы машинæ фæзилы, уый шофыр мын æй дæлæ æрбаргæвста... Бел нæм ис, халамæрзæн, дидинæджы мыггаг дæр. Цалынмæ нæ хортауджытæ Туацъæйæ нæма адард сты, уæдмæ сæ ацæттæ кæнæм. Уæдæ мын сæ чи ныххæлар кæндзæн?..

Фæстæмæ куы раздæхтæн, уæдмæ Лезинка сарайы пецы цур цыдæртæ архайдта.

– Мæ карк сæдæазыккон разынд. Талынджы йæ нæ равзæрстон. Абад уал мæнæ ацы ныллæг бандоныл.

Æз мæхимидæг скатай дæн, писмойы кой скæнынмæ та цæмæдæр мæ ныфс нал хастон. Тарстæн, кæд дзы, зæгъын, йæ иубоны

ныфсæвæрæн ныхас рох фæцис. Нæ дзы ферох. Йæ мидæггаг уатæй æрæгмæ куы здæхт, уæд æй базыдтон: ныртæккæ йæ рахæсдзæн. Тыргътыл æддæмæ куы рараст, уæд, цал къахдзæфы скодта, уый банымадтон – дыууадæс. Стæй асинтыл куы æруад, уæд æй йæ къæхты хъæрæй бамбæрстон – комкоммæ мæнмæ цæуы.

– Уæдæй ардæм æй æгæр-мæгуыр кæртмæ дæр никуы рахастон. Æрæджы скъоладзаутæ хæдзæрттыл зылдысты, фронтæй æрвыст писмотæ, дам, кæд уæ рæбын искуы байрох сты. Мæ зæрдæ йæ нæ бакуымдта. Уæд та фæстæмæ раздæхт? Уæд æм цы равдисдзынæн?

Хъæддых æмæ загъдгæнаг сылгоймаг кæмæй фæзæгъынц, уыцы Лезинкæйы нæргæ хъæлæс æрбайсæфт, йæ фæтæн армытъæпæны æртæтигъон писмойыл зыр-зырæг бахæцыд. Уалынмæ, уæларт «сæдæазыккон карк» кæм фыхт, уыцы донæй къæйммæ æркалд, йæ сыф-сыф ссыд, æмæ Лезинка уырдæм æгъордта. Æз писмо хъавгæ райхæлдтон...

«...Мæ зынаргъ Лезинка! Ацы писмо дæм фыссын, цыма мын фæстаг у, уыйау. Мæ алыварс нæры, нæ сæрмæ немыцаг хæдтæхджытæ æрцауындзæг сты, æз та мæхи акъоппы рæбинаг къулы æвджид бакодтон. Мæ уæрагыл гæххæтт æрæвæрдтон, ме 'взагыл къæрандас ахуылыдз кодтон æмæ фыссын. Уый фæстæ мын рæстæг нал уыдзæн. Атакæйы цæуæм рæхджы. Кæддæр дæ хъæуы цы сабыр бонтæ арвыстон, уыдон ивгъуыды баззадысты! Кæдæй-уæдæй бауарзтон, æмæ мын æй мæ фарсæй куы нæ фæкæниккой. Ме 'мбæлттæн кодтон дæ кой, æмæ дæ номыл сæхи худæгæй схастой. Уый, дам, Лезинка нæу, Лезгинка у. Куыд диссаг æрхъуыды кодтой?! Ды дæр уыцы кафтау рæсугъд дæ, цæрдæг. Хъуыды-ма кæныс, сасиры дзаг кауы сæрты фæллад салдæттæн, æгæр рæгъæд дæр ма чи сси, ахæм балтæ куы ралæвæрдтай, уый? Уæд дæ фыццаг хатт федтон. Æниу ма хъуыды кæныс, уыцы стъалыджын æхсæв мæ хъæугæрон суадæттæм куы акодтай, уый? Æз сыл ныддæлгоммæ дæн æмæ нызтон, ныззтон. Уыцы уисм мæхи уæлдай хъаруджындæрæй банкъардтон, мæ ристæ фæлыгъдысты. Ехх, искуы ма фæстæмæ раздæх,

уыцы быдырмæ та ацу æмæ дæхи номыл иу суадон скъах!.. Уадз æмæ дæ хъæуккæгтæ зæгъой: «Уый Алексейы суадон у, сыбираг бурзачъе læппуйы суадон!..»

Елхоты станцæйы дæ кæй ныууагътон, уый мын ныббар. Æндæр хуызы дæ нæ уыд мæ бон фæхицæн... О, хæдæгай, мæ ныйиарджытæм дæр ныффыстон дæу тыххæй. Уым æмæ, зæгъын, уым, дард Ирыстоны, Терчы рахизфарс хъæутæй иуы, сабыр уынджы тæккæ тигъыл цæры иу гæдыбæлас-чызг. Куыд вæййы, цы вæййы, искуы йæм куы ссæуат, уæд-иу æм раздæр кауы сæрты бахъæр кæнут. Рауайдзæн уæм, сасиры уын балтæ радæтдзæн, стæй уæ мидæмæ бахондзæн, цæхæраджынтæ акæндзæн...

Цæй, Лезинка-Лезгинка, мæ гæдыбæлас-чызг, мæ быдираг суадон. Ме 'взаг æмæ былтæ къæрандасы ахорæнæй нал зынынц... Цæй, æнхъæлмæ кæс...

Алексей, кæнæ Алыкси, ирæттæ мæ куыд хуыдтой, афтæ. О, хæдæгай, ам иу ироныл сæмбæлдтæн. Нæ дæ зыдта, æмæ мын хуымæтæджы хъыг уыдис. Уæд та мын, зæгъын, лезгинкæ скаф. Скафыди. Æмæ та мæ цæстытыл ауадтæ...

Сентябрь, 1943 аз. Смоленскы цур».

Цалынмæ писмо кастæн, уæдмæ йæ æмбæрстон, Лезинка куыд катай кодта, уый. Уæларт-иу йæ архайд куы фæцис, уæд-иу мæм нымдзаст, æвæццæгæн, цы зæгъдзынæн, уый базонын æй фæндыд. Мæнмæ та дзурын нæ цыд. Кæуын! Хъысмæты æгъатырдзинадыл. Мæ цæстытыл кæддæры нывтæ уадысты...

...Æрыгон салдæттæ балтæ тонæг чызгмæ ныхасæппарæн кæнынц. Уый мæстæй нæ хæлы, фæлæ сæм худы. Йæ чысыл сасир цъупдзаг куы бавæййы, уæд сæм æй кауы сæрты радæтты... Уыдон æй дæлбылмæ цъæх нæумæ ахæссынц, иунæг бал дæр дзы æнæ бахæргæ нал ныууадзынц, стæй йæ быдираг дидинджытæй байдзаг кæнынц æмæ йæ фæстæмæ кауыл сæвæрынц...

...Уыцы æхсæвæй фылдæр стъалытæ нæма байзæрстæуыд хъæуы сæрмæ арвыл. Дидинæджы хаутау згъæлынц къахвæндагыл. Нарæгастæу, бæрзонд урсзæнг чызг æмæ бурдзалыг салдат быдыр

иууылдӕр сӕхи бакодтой, никӕйуал уынынц. Ӕнхъӕлынц, сӕ дыууӕйы йеддӕмӕ ныртӕккӕ дунейыл цӕрӕг нӕй... Афтӕмӕй та сӕм ӕгас хъӕу дӕр кауы хуынчъытӕй кӕсы...

– Цӕй, куыд у, нӕ дӕ фӕфыдӕнхъӕл кодтон? – мӕ хъуыдытӕ мын асырдта Лезинкайы бӕзджын хъӕлӕс. Писмо мын мӕ къухӕй айста, раздӕр куыд уыдис, афтӕ та йӕ батыхта. Уатӕй фӕстӕмӕ ӕрӕгмӕ здӕхт, йӕ цӕстыты бын цӕссыджы фӕдтӕ йыл гадзрахатӕй рацыдысты.

Халамӕрзӕн, бел ӕмӕ дидинджыты мыггаг ме 'вджид бакодта Лезинка, фынджыдзаг ӕмӕ хъӕдын къусыл та йӕхӕдӕг схӕцыд. Кӕрты дуар нӕ фӕдыл куы рахгӕдтам, уӕд иуцасдӕр ӕнӕдзургӕйӕ фӕцыдыстӕм. Ӕвӕццӕгӕн, мӕнмӕ ӕнхъӕлмӕ каст, исты зӕгъдзынӕн, зӕгъгӕ, фӕлӕ нал фӕлӕууыд йӕхӕдӕг, ӕнӕнхъӕлӕджы ныххудт:

– Мӕ фыдуаг усӕгӕй дын нӕма рахъаст кодтон? Уӕдӕ дын дзы уӕд рахъаст кӕнон... Ныртӕккӕ схъал сты адӕм, сӕхицӕн зын нал кӕнынц, чындзӕхсӕв уа, авдӕнбӕттӕн – алкӕцы ран дӕр дзы ӕхца дӕттынц... Ӕз та хуын фӕхӕссын, мӕнӕ, фыццаг куыд хастой, афтӕ. Хуын! Дӕлӕ Мамсыратӕ сӕ каисты хуыдтой, ӕмӕ сын дзӕбӕх ӕртӕ чъирийы, графины дзаг арахъхъ ӕмӕ мӕ фыдуаг усӕджы ныххастон. Ӕгасӕй. Цӕмӕй йӕ зонын ӕз, цӕмӕн сӕ бахъӕудзӕни, ӕргӕвдынмӕ ӕви дарынмӕ, уый. Сӕхи бар у уый... Дыккаг бон дын сӕумӕдӕвдӕгӕй кауы сӕрты куы ӕрбатӕхид. Афтӕ сын нӕ хъӕуы? Хъахъхъӕдтаиккой йӕ. Фӕстӕмӕ ма сын ӕй ныххӕссон?!

Ӕз ӕм бахудтӕн, ӕмӕ йын цалынмӕ дзуапп агуырдтон, уӕдмӕ нӕ колхозы агроном Кузуб ӕрбаййӕфта йӕ «Жигули»-йӕ. Дуар нӕм ныттыгъта.

– Нӕ фӕндаг иу у... Ӕрбабадут.

Лезинка йын раарфӕ кодта, фӕлӕ бадын нӕ бакуымдта:

– Уал азы сӕм фистӕгӕй цӕуын. Мӕ ахуыр ма мын цӕмӕн халын кӕныс?

– Зыдтон ӕй, Лезинка, фӕлӕ, зӕгъын, афтӕ куы зӕгъай, ӕфсоны фарст нӕ уӕддӕр куыннӕ бакодта. Ӕз уӕм ныртӕккӕ хортауӕг лӕппуты рарвитдзынӕн...

Машинӕ куы адард, уӕд та мӕ Лезинка ӕрдӕбоны хуызӕн ӕнӕнхъӕлӕджы афарста:

– Хъуыды-ма кӕныс, ӕрӕджы мӕ цӕмӕй фарстай, уый? Чызгӕй, дам, рӕсугъд уыдтӕ? Цы уыдтӕн, уый уыдтӕн... Алексей мӕ тынг рӕсугъд хуыдта. Фӕсхӕст йӕ мад ӕмӕ йӕ фыд дӕлӕ Уӕрӕсейы иннӕ кӕронӕй мӕн фенынмӕ рараст сты. Ӕмӕ-иу уыдон та куы ныддис кодтой, нӕ рӕсугъд лӕппу, дам, дӕу хуызӕн фыдуынды куыд равзӕрста, зӕгъгӕ. Уымӕн дӕр, дам, ныффӕрӕзтаиккам, нӕ иунӕг сӕрӕгасӕй куы раздӕхтаид, уӕд. Бӕргӕ, зӕгъын, куы раздӕхтаид, мӕн дӕр сымахӕй къаддӕр нӕ фӕндыд...

Банцад Лезинка, фӕлӕ мын дзурын ницыуал хъуыд, зыдтон, дарддӕр цы уыдис, уыдӕттӕ... Равдыста сӕм Лезинка уыцы писмо, фӕкуыдтой йыл, стӕй сӕ быдырмӕ ракодта ӕмӕ хуымгӕрон Туацъӕмӕ фӕндагыл скъахтой Алексейы суадон, стӕй ма уазджыты фӕндонмӕ гӕсгӕ ноджыдӕр иу – Лезинкайы суадон. Фӕрсӕйфӕрстӕм. Ӕрӕджы та ам уыдис Алексейы мад – фыд, дам, сӕйгӕ рынчын у, йӕ хӕстон цӕфтӕ, дам ӕй бынтондӕр бадомдтой. Шампайнаг афтид авджы йын ныккодта Лезинка суадоны донӕй, йемӕ йын ӕй арвыста...

Цалынмӕ, суадӕтты сӕрмӕ цы хус хъӕмылтӕ ӕрцауындзӕг сты, уыдон тыдтам, фароны кӕрдӕг халамӕрзӕнӕй хафтам, дидинӕджы мыггаг зӕххы бын фӕкодтам, уӕдмӕ агроном ӕмӕ цалдӕр хортауӕджы нӕ уӕлхъус алӕууыдысты. Лезинка кӕрдӕгыл чъиритӕ ӕрӕвӕрдта, дыууӕ суадонӕй дӕр къусы дзӕгтӕ systa, скуывта... Къус къухӕй къухмӕ ацыд. Ӕз ӕм нал фӕлӕууыдтӕн, цалынмӕ мӕнмӕ хӕццӕ кодтаид, уымӕ, ӕрцыдтӕн ӕмӕ Алексейы суадоныл ныддӕлгоммӕ дӕн. Мӕ тӕвд былтӕ йын йӕ уазал ӕхсызгонӕй бамбӕрстой…

Дыккаг бон, къуырисӕры райсомӕй раджы горӕтмӕ куы рараст дӕн, уӕд та мӕ Лезинка тигъыл ӕрурӕдта. Кауы сӕрты мӕм, мидбылты худгӕ, сиренты цупал радардта:

– Мӕнӕ дын дӕ горӕтаг уарзонӕн… Горӕтӕгтӕн сӕ хуыздӕр лӕвар дидинджытӕ сты, махӕн та сыл нӕ сӕгътӕ дӕр не 'рвӕссынц...

Бæрæг уыд, мæ рацæуынмæ æнхъæлмæ кæй каст, уый.

– Нæй мын, Лезинка, горæтаг уарзон. Куы дын сæ райсон, уæд та исчи, уæй кæнынмæ сæ хæссы, куы зæгъа?

– Гъемæ-иу зæгъæд... Студент-иу истæмæйты фæцæры. Горæтаг уарзон та дæ æцæгдæр ницæмæн хъæуы. Ныртæккæйы лæппуты хъæуккаг чызджытæ курын хъæуы. Горæтæгтæ æгæр къæйных сты, æгæр бирæ зонаг. Хæлафджынтæ...

Хиды хъусыл уæлбылмæ куы схызгæн, уæд мæ цыдæр тых фæстæмæ ракæсын кодта... Лезинка лæууыд йæ раздæры быната, бæрзонд æмæ хæрзконд, йæ бакомкоммæ та-æрыгон лæппу æфсæддоны дарæсы, йæ къухты кæрдæгхуыз пилоткæ быдираг дидинджытæй йе 'мыдзаг. Се 'хсæн каубæрæг нал уыд, хуры æрттиваг тынтæ æмæ бал бæлæсты дидинджыты урс-урсид хаутæй фæлмæн къæвда фемæхст...

АХÆСТОНЫ УАЗÆГДЗÆРÆНЫ

Кæд æмæ кæд уыдис уый, фæлæ мæ нæ рох кæны. Уæд ма хъæуы цардтæн, скъола фæдæн каст æмæ институтмæ бацыдтæн. Мæ фыццаг сæрдыгон каникулты мæм мæ сыхæгты идæдз ус Зæли ссыд æмæ мын ныллæгъстæ кодта, мемæ, дам, уæртæ Гуырдзыстонмæ цом, иунæгæй фæндаг не ссардзынæн, ды уæддæр куы ницы кусыс, мæныл та мады хæс ис.

Йæ чызг Ларисæ уым ахæстоны бадти.

Нæ хъæуы уæд уымæй рæсугъддæр чызг нæ уыди, бæрзонд, хæрзконд, йæ сау-сауид дзыккутæ суанг йæ астæумæ æххæсыдысты, иннæ чызджытæ æмæ йæм уыдоны мадæлтæ хæлæгæй мардысты.

– Зæлийы лæгæй амонд нæ фæцис, йæ чызг уæддæр куы фæрæстмæ уаид, къæйных лæппутæй йын йе 'цæг хæдзар ссарын уæд та куы бауадзиккой, – уарзта йын сыхæгты цæст.

Нæ йæ бауагътой. Чызг скъолайы фæстæ горæтмæ афтыд, æмæ йыл уым, кæйдæр загъдау, уæндаг горæтаг лæппутæ амдзæгъд кодтой, йæ чызгон кад ын фехæлдтой, давыныл дæр фæцалх.

Бахаудта. Æртæ азы æмгъуыдмæ ахæстонмы.

Сусæны мæйы иу фæссихор Зæлийы ахæстоны дуармæ ныууагътон æмæ иунæгæй стыр кæрты уазæгдзæрæн агурæг араст дæн, æхсæвиуат-иу уым хъуамæ бакодтаиккам æртæ боны.

Иуцасдæр ауадтæн, афтæ мæ тæккæ размæ фæцис цыппаруæладзыгон хæдзар, æцæг йæ фыццаг уæладзыг бæрзонд дурын сисæй нæ зынд, йæ иннæ уæладзгуыты рудзгуытæй мæм никкастысты дуне æрыгон сылгоймæгтæ. Цыдæр тых мæ баурæдта, мæ мидбынаты сагъдауæй баззадтæн æмæ сæм æз дæр кастæн.

Уыдон раздæр змæлгæ дæр нæ кодтой, стæй сæ иу мæнмæ йæ къух фæтылдта, ома, ардæм-ма рацу, зæгъгæ, иннæтæ дæр æй бафæзмыдтой, фæлæ æз æдзæмæй куы лæууыдтæн, уæд сæ иуцалдæрæй чи йæ урс-урсид зæнгтæ равдыста, чи та йæ бæгънæг риутæ. Тæрсгæ фæкодтон, æви æфсæрмы, уый абон дæр нæ зонын, фæлæ цæхгæр фæстæмæ фæзылдтæн, уайтагъд Зæлийы цур балæууыдтæн.

Ныййафтон æй милицæйы сержантимæ лæугæ. Уый мæн куы ауыдта, уæд мыл сбустæ кодта, æнæфæрсгæйæ, дам, кæртмæ цæуæн нæй. Æз дзурын ницы сфæрæзтон, фæлæ йын Зæли йæхи æфхæрдта, уæд, дам, дæ дуаргæрон лæууын хъуыди, мах куы 'рбацыдыстæм, уæд дзы цъиуызмæлæг дæр нæ уыд – мæгуыр лæппу дын цы азымаг у.

Сержантæн уыцы ныхæсты фæстæ йæ тызмæгдзинад цыдæр фæци, телефонæй кæдæмдæр адзырдта.

– Ныртæккæ уæм уазæгдзæрæны хицау йæхæдæг рацæудзæн, – загъта.

Нæ уæлхъус алæууыд бæрзонд саулагъз сылгоймаг, мæнæй фондзæхсæз азы хистæр уыдаид. Нæ гæххæттытæм нын куы 'ркасти, уæд афтæ фæкодта:

– Æмæ ирæттæ куы стут! – сыгъдæг иронау ныддис кодта.

Хуымæтæджы æхсызгон нын уыди, нæхион кæй разындис, уый. Фæстæдæр нын радзырда, Дзæуджыхъæуæй, дам, дæн, Ирæ йæ ном, сывæллæтты рæвдауæндоны, дам, куыстон сæргълæууæгæй, фæлæ тæрхондонмæ бахаудта, цыдæртæ, дам, бахордтай, ныр æртыккаг аз дауы ам, иу уыйас та ма йæ хъæугæ кæны.

Фæйнæ уаты нын радта Иræ, йæхæдæг кæдæмдæр ауад æмæ Ларисæимæ ‘рбаздæхт. Фыдхуыз, Хуымæллæг ын хæлæг цы даргъ дзыккутæм кодтой, уыдонæн сæ кой дæр нал уыд.

Мад æмæ чызг кæрæдзийыл сæхи баппæрстой, ныккуыдтой æмæ сыл уæд Ирæ дуар бахгæдта, мæ уатмæ ´рбацыд, мæ бакомкоммæ сбадт æмæ мæ фарстаты бын фæкодта. Цы хабæрттæ ис Ирыстоны, Дзæуджыхъæу ма афтæ чъизи у, мæхи мыггаг мын базыдта, зонгæтæ йын дзы разынд, куыд сты, цы мигæнæг сты абон æмæ афтæ дарддæр.

Уæдмæ æз ме ‘муд æрцыдтæн, фæуæндондæр дæн æмæ Ирæйæн, æрдæбон, рудзгуытæй кæсгæйæ, ахст сылгоймæгтæ цытæ кодтой уый радзырдтон. Ирæйыл худæг бахæцыд, хæстæг мæм æрбацыд, йæ даргъ æнгуылдзтæ мын мæ къæбæлдзыг сæрыхъуынты фæтъыста, хъæмпыхæлттау сæ азмæста, стæй мын мæ роцъойыл йæ тæвд армытъæпæнæй схæцыд:

– Дæу хуызæн дзæбæх лӓппу ницы хъуаг æййафдзæн. Уыдон та афæдзгæйттæ нæлгоймаг кинойы йеддæмæ уынгæ дæр нæ кæнынц. Ды сæ не ‘мбарыс, фæлæ сæ æз хорз æмбарын...

Йæ цæстæнгас æнкъардæй – æнкъарддæр кодта.

Даргъ фæндагæй фæллад уыдтæн æмæ æхсæвы мæ сатæг хуыссæны уайтагъд афынæй дæн, фæлæ мын мæ дуар чидæр уæздан куыд æрбахоста, уый бамбæрстон.

Æз хуыссæгхъæлдзæгæй, чи у, цы у, ууыл дæр нæ ахъуыды кодтон, æрдæгбæгънæгæй йæм ракастæн. Ирæ! Дуарыл мидæмæ ‘рбахæцыд, йæ нарæг фæсонтæй йæ сæхгæдта. Фыр æфсæрмæй хъæццулы бын фæстæмæ абырыдтæн, фæлæ мын уый мæ хъæццул иуварс фехста, йæхи мыл æрбаппæрста, йæ хъæддых риутæ мыл куы андзæвыдысты, уæд цыдæр кодтон...

Не ‘муд куы ‘рцыдыстæм, нæ улæфт куы æрсабыр, уæд Ирæ хуыссæны рабадт, йæ тымбыл цæсгом йæ армытъæпæны бакодта, æрмæст ма мæм йæ даргъ æрфыг къахвæндаджы фæзилæнау зынди. Зырзырæг ыл куы бахæцыд, уæд æй бамбæрстон, кæугæ кæны… Мæнæй ныхас не схаудзæн, уый Ирæ, æвæццæгæн, æмбæрста, фæразæй ис:

– Бахатыр мын кæн, лæппу… Æз дæр, абон дæм ахæстоны рудзгуытæй … Æз дæр уыдонæй дæн. Ам мæм салдæттæ тыххæй бырсынц, фæлæ æз Хуыцаумæ куывтон, искуы, зæгъын, иу ирон лæппуйы рауадз ацырдæм…

Ирæ та мæм разылд, хæстæг та мæм æргуыбыр кодта, йæ риутæ та мын мæ риумæ æрбалхъывта, æмæ та æз цыдæр кодтон…

Мæ къах мæ ахæстоны уазæгдонæй цæуылнæ хаста, уымæн Зæли æппындæр ницы æмбæрста. Фистæгæй стыр фæндагмæ куы рараст стæм, уæд ма Ларисæ хъуыр-хъуыргæнаг сержанты цур лæууыди, йæхи цæссыгæй æхсадта, фæлæ мæнмæ уый нымады дæр нæ уыди, æз ын мæхинымæр арфæтæ дæр ма кодтон: «Æгайтма дæ, мæ рæсугъд сыхаг, ахæм къулбадæг чызг рауади, æгайтма къалатийы бахаудтай…»

Ирæ нæ фæдыл нæ ракасти, æмæ йæ уæд æрдæгфæндагыл æрхъуыды кодтон: æппындæр-иу æй боныгон нæ федтон, йæхи мæм не ‘вдыста, æмбисæхсæв-иу дуарыл хъавгæ æрбахæцыд, йæ гом уæхсчытыл-иу мæйрухсы хъæрмуст тынтæ æрбахаста…

Кæд æмæ кæд уыдис уый, фæлæ мæ ницы рох кæны. Амæйразмæ цы уацмыстæ ныффыстон, уыдонæй дзы иуы спайда кæнон, зæгъгæ, æмæ мын никуы рауади, кæд-иу æй тыххæй схъайтар кæнынил дæр архайдтон, уæддæр.

Нæ бакуымдта. Иунæгæй йæ фæндыд æрттивын…

ИРОН ТАУРÆГЪ

СЕЧЪЫНАТЫ ХÆЙРÆГ

– Сечъынатæ цардысты Дыгургомы, Къаматы хъæуы. Æнæхъæн комы дæр мах хъæуæй бæрзонддæр нæ уыд, нæ йæм тылд уæрдон нæдæр сæрд, нæдæр зымæг. Æмæ, дам, иу хатт Сечъынаты Хамаза уалæ Урс хохы рæбынæй, Тоборахътæ кæй хуыдтой, уым дидинæгджын уыгæрдæны иунæгæй хос карста, йæ цæвæджы æхситт дардмæ хъуыст. Иуафон кæсы æмæ йæ цæстытыл не ʻууæнды: бæрзонд хохы даргъæй рабырыд адæймаджы хуызæн цыдæр. Куы фæзыны, куы ʻрбайсæфы. Хамазайы сæрыхъуынтæ арц сбадтысты, уæдæ ай цавæр диссаг уа, зæгъгæ. Дзуры йæм, хæстæгдæр мæм рацу, базонгæ уæм, зæгъгæ, фæлæ уазæг гобийæ лæууы, ницы дзуапп дæтты. Цы гæнæн уыд Хамазайæн æмæ дарддæр йæ кæрдыны куыст кæны. Уазæг æм исдуг æдзынæг фæкаст, стæй уыгæрдæны бæрæгастæу суадоны былтыл цы хæрис бæлæстæ задис, уыдонмæ февнæлдта, ацарæзта дзы цæвæг æмæ — диссæгтæ: Хамазайæ-иу дыууæ хатты тагъддæр æрхаста йæ уис. Лæг хъуыдыты анығъуылд, ай мæн куы фæзмы, зæгъгæ, æрбадт æмæ хосæй ацарæзта бæндæн, йæ дыууæ къахы дзы бабаста. Раст афтæ бакодта уазæг дæр. Уæд Хамаза тагъдгомау цæвæгæй бæндæн æрбалыг кодта, фæлæ уый уазæджы къухы нал бафтыд, афтæмæй йæ лæг æрцахста. Æркодта йæ хъæумæ, фæцин ыл кодтой хæдзары бинонтæ, æнæхъæн мыггаг. Сæхицæн æй скодтой æрвад, радтой йын ном

– Æрган. Разынди диссаджы куыстуарзаг, амалджын. Æнæдон адæгты дон рауадздзæн, кæмæй фæзагъынц, раст ахæм. Æмæ-иу найгæнæнты — мæнæу уыдаид, хъæбæрхор, кæнæ хохаг хъæдур — дыууæ фыййаджы размæ, кæримæ, æппæрста, иу та — фæстæмæ.

– Афтæ цæмæн кæныс, цæмæн нын сафыс нæ фæллой? — бафарстой йæ иуахæмы.

— Уый та мæгуыртæн, сидзæртæн, — радта сын дзуапп. Æмæ диссаг та куыннæ уыд, фæстæмæ-иу цас аппæрста, дыууæ — æртæ уыйасы-иу бафтыди кæрийыл. Хъæуæн йæ галиу фарс Сау хохы къæдзæхтæй згъоры Наргъы дон. Цæстысыгæй рæсугъддæр уыдис, фæлæ дзы дон хæсгæйæ Æрган сабыр кодта дзæвгар рæстæг. Лæмбынæг-иу каст цæугæдонмæ, стæй-иу фæлæбурдта, къус-иу айдзаг кодта, афтæмæй йæ æвгæдта къæртамæ.

– Афтæ цæмæн скъæфыс дон, — бафарстой та йæ, — цæстысыджы хуызæнæй куы цæуы?

– Нæ, уый сымахмæ афтæ кæсы, — загъта та сын Æрган. — Дон йемæ ласы алыхуызон низтæ, æмæ дзы сыгъдæгæй чи рацæуы, æз уыдонмæ фенхъæлмæ кæсын, уымæн сæм фæлæбурын. Афтæ хъæлдзæгæй, кæрæдзи æмбаргæйæ цардысты. Фæлæ сыл иу хатт æрцыдис æнамонд хабар. Сыхаг хъæу Уæхъазы кæйдæр хæдзар ссыгъди. Къаматы адæм уырдæм фæфæдис сты. Хæдзары ма баззад чысыл лæппу авдæны бастæй. Æрган та хъуамæ алы сабаты дæр сæрдасæндзæф æййæфтаид. Куы ничи йæм æвнæлдта, уæд йæхæдæг раскъæфта сæрдасæн, авдæны цур æрбадт йæ зонгуытыл, лæгъстæ кодта сабийæн, сæрдасæндзæф мæ фæкæн, зæгъгæ, фæлæ йын цы ʻмбæрста чысыл саби. Базыдта, ам ын цæрæнбынат нал уыдзæн, уый, азгъордта æмæ ныххæццæ Мæхческы хъæумæ. Уым дынджыр хæдзары йас дур фелвæста, фехста йæ. Дур абадти Мæхческ æмæ Фæрæскъæты бæрæгастæу, æмæ Æрган йæ быны фæмидæг. Дурыл баззадысты йæ къухы фæдтæ. Сечъынатæ фæдисæй æрбаздæхтысты. Хабар куы базыдтой, уæд нынкъард сты, хъыг кодтой сæ хорз æрвады фесæфтыл. Æмæ бауынаффæ кодтой алы аз дæр ын йæ ном арын мартъийы æмæ сæрды. Ацы хъуыддаг куывд дæр нæу æмæ хист дæр. Уымæн æмæ, мыггаджы хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй бæрæг нæу, мард у æви æгас. Кувгæйæ йын фæзæгъынц: кæд æгас дæ, уæд дын кувгæйæ уæд, кæд мард дæ, уæд та фæлдисгæйæ уæд. Куывд вæййы æрмæстдæр мыггагæн, æндæр мыггæгтæн дзы нæ фæтчы хæрын. Ахæм амынд баззад хистæртæй: абон Сечъынатæй чызг моймæ ацыд, уæд иннæ бон куывд куы уа, уæд дзы уымæн нал фæтчы хæрын. Фæлæ мыггагмæ æндæр мыггагæй чызг чындзы куы ʻрбацæуа, уæд дзы уымæн фæтчы хæрын. Чысыл ма уыдтæн, афтæмæй Хорзæрвады куывд мæ зæрдыл бадардтон, цыма знон уыдис. Æрæмбырд сты мыггаг иууылдæр. Нæ хистæр, 80-аздзыд Налыхъ, сырх-сырхид боцъоджын, бадти уæле, Фынгыл — кусарты сæр, дзидза, алыхуызон хæбизджынтæ, бæгæны. Налыхъ нæзы цырæгътæ ахуыссын кодта. Хæдзар ныттальнг. Хистæр йæхимидæг цыдæртæ дзырдта. Кæд иу хъыпп-сыпп дæр нал хъуыст, уæддæр ын йæ ныхæстæй ницы бамбæрстам. Куывд куы фæци, уæд фестад, æмæ иууылдæр кæртмæ рацыдысты, дуæрттæ гомæй баззадысты, цæмæй Хорзæрвад фæзына, куывдæй сахода. Сечъынатæ сæ Хорзæрвады тынг кæй нымадтой, уымæн æвдисæн уый дæр, æмæ, куы фесæфт, уæд ын йæ дзаумæттæ, йæ кусæнгæрзтæ, йæ къустæ æрæмбырд кодтой, стыр хæдзары йын иу къуым радих кодтой æмæ сæ уым аивæй сæвæрдтой. Хъуыды ма йæ кæнын, Мæхческы скъоладзаутæ нæм музеймæ цæуæгау цыдысты хæйрæджы дзаумæттæ уынынмæ.

Радзырдта йæ 85-аздзыд къаматыхъæуккаг СЕЧЪЫНАТЫ Майрæм 1930 азы. Уый та йæ фехъуыста йæ фыдыфыд Гулайæ. Ныффыста йæ СЕЧЪЫНАТЫ Солтан

* * *

Шеф-редактор М.Б. БУТАЕВА
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

Журналмӕ цы къухфыстытӕ лӕвӕрд цӕуынц, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано к печати 20.12.2019 г. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. №1.
Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,43. Тираж 1000 экз.
Заказ №___. Цена свободная. Выход из печати 26 декабря 2019 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.